Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

2/2019
март - апрель







ХIабиб ХIажиев
1939 - 2019

# *ГЪУДУЛЛЪИ*



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 2

# 2019

**март - апрель**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.
МухIамадрасул ГIумаров

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


### РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ

**М.ПатахIов.** Адабиятги, мацIги, цIарги....3

### ЦIИЯЛ АСАРАЛ

**З.Батирова.** *КучIдул*....11
**М.АхIмадов**. *КучIдул*....22

### ЮБИЛЕЙ

**М.ПатахIов.** Гьанжеги маялда хIанчIи кIалъана....29

### ТАРИХАЛЪУЛ ТIАНЧАЛ

**М.Ибрагьимов**. Унсоколоса НурмухIамад-дибир....38

### КУЧIДУЛ

**ХI.Сайдулаев.** МагIарул мацI....48
**М.ХIасанов.** Хвалчада къотIуге, къалмида гьикъе....51
**С.ХIасанова**. Дир шигIрияб калам....57

### ХАРБАЛ

**ГI.Малачиева.** «ЩагIил ясикIаби»....62

### РАКIАЛДЕЩВЕЙ

**Т.Зургьалова.** Дир Расул....66

### ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ.

Сабру....75

### СУЛЕЙМАН СТАЛЬСКИЙ ГЬАВУРАЛДАСА – 150 СОН

**Х.Хаметова**. ШагIирасул иш – чIухIиялъул борхалъи....80
**С.Стальский**. КучIдул....82

### НУРМУХIАМАДИЛ МУХIАМАДИЛ БИЦЕНАЛ

**М.ТIагьиров.** ГьерекIдерил залимаб раса....87

### ЦIАЛДОЛЕЗУЛ АСАРАЛ

**П.Камалудинова.** *КучIдул*....89

### ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

Мала Насрудинил хIакъалъулъ биценал....92


---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №2 2019 г.**
*март - апрель*
*На аварском языке*

Выход в свет 16.05. 2019 г.
Тираж 1158 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 371 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# РЕДАКТОРАСУЛ РАГИ

## АДАБИЯТГИ, МАЦIГИ, ЦIАРГИ ЦIУНИЗЕЛЪУН ТIАМУРАЛ ГАЛАБИ

***(Байбихьи цебесеб номералда)***

*Лъаларо цогиязул пикру, дир хIисабалда аваразул адабияталъе аслияб цебетIей щвараллъун араб къарнуялъул лъабкъоялда анцIабилел сонал ва ункъоабилел соназул авал букIанин абизе бегьула. Гьел соназда унго-унголъунги цIубан, бечелъун бачIана нилъер поэзияги, прозаги, драматургияги. Жиде-жидер даражаялда борхалъуде бахана цебеккунисеб лъеберго, лъебералда щуго соналда жаниб загьирлъарал хъвадарухъабазул творчество, щвана гьезул щивасе жиде-жидер асаразул роценалда, гьунаралъул хIасилалда рекъараб машгьурлъи. Гьединго литератураялде гьоркьоре рачIана гьунар-махщел бугел, цIияб пикру-гIакълу щварал, гьелдаго цадахъ тIадегIанаб литературияб лъайги босарал гIолохъаби.*

*Лъабкъоялда анцIабилел соназул авалалдаса дунялалъулго рикIкIунел хъвадарухъабазда гьоркьоб жиндирго бакI ккуна Расул ХIамзатовас. Цин магIарул, хадубги гIурус ва цогидалги мацIазда къватIибе биччана Расулил, цебеккун нилъер прозаялъе хасиятаб букIинчIеб, цIияб къагIидаялъ хъвараб «Дир Дагъистан» абураб тIехь. Гьелъ живго авторасего гIадин машгьурлъи босун бачIана нилъер мугIрузулаб улкаялъеги. Лъана Дагъистаналъул, гьелъул бахIарчияб таварихалъул хIакъалъулъ анцI-анцI пачалихъазда. Гьединго рахъана гIемер батIи-батIиял мацIазда шагIирасул «Гъудулзаби цIуне», «Ахирисеб багьа», «Сонетал» абурал ва цогидалги кучIдузулгун поэмабазул тIахьалги.*

*Улкаялъул адабият цебетIезабиялъе гьабураб хIалтIуе гIоло 1974 соналда Расул ХIамзатовасе кьуна Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи абураб тIадегIанаб цIар.*

*Гьел соназда унго-унгояб машгьурлъи щвана Фазу ГIалиевалъеги гьелъул асаразеги. «МугIурузул закон», «АнцIила микьабилеб их», «Даимаб цIа» ва цогидалги шагIиралъул кучIдузулгун поэмабазул тIахьал унго-унгояб ракIазул хинлъигун къабул гьаруна магIарул гуребги, цоги халкъазул цIалдолезги. «АнцIила микьабилеб их» абураб гьелъул тIехь мустахIикълъана Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премиялъе.*

*МагIарул поэзия бокьулез гъираялда къабул гьаруна дол соназда къватIире риччарал ГIабдулмажид Хачаловасул «КIолеб гьечIо кьижизе», «Нилъер гIазизал улбул»; ГIабасил МахIамадил «Ралъдал карасел», «НакIкIутIа мугIрул», «Иргаби»; ГIумархIажи Шахтамановасул «ГIаздада цIаял», «Борхатаб магIарда гIазул бацIцIалъи»; Тажудин Таймасхановасул «Дир жаваб», «ХIасрат»; Адалло ГIалиевасул «ГIурччинал гъалал», «ГодекIан», «Наслабаз наслабахъе»; ХIажи Гъазимирзаевасул «КIиго чIчIва», ГIабдула Дагановасул «ГIинтIи тIегьалеб гIуж» ва гIемерал цогидалги кучIдузулгун поэмабазул тIахьал.*

*Гьез жидер бетIергьабизе мустахIикъаб машгьурлъи-цIар босун бачIин гуребги, гIаммаб куцалда балагьани, бихьула, магIарул поэзия жиндир*

*тIадегIанлъиялде бахун букIараблъиги, бокьараб халкъалъул поэзиялда аскIоб лъуниги, жиндир кунчIи кигIанги гвангъун бихьулеблъун лъугьараблъиги.*

*Жакъа нилъер библиотекабазда хутIунцин гьечIо дол соназда къватIире риччарал, гIадамаз цоцахъа рахъун цIалулел рукIарал прозаялъул тIахьал. Рехселин гьезулги цо-цоял: Муса МухIамадовасул «ЧIегIераб гамачI», «Бакъдасел», «КIудадал гIанса», «Игит», «Кавудухъан байбихьула нух», «Икъбал», «МугIрул ва гIатIилъаби» ва цогидалги. Гьелги гьезда релълъаралги халкъалъул рекIелъ рукъ ккурал харбазулгун къисабазул тIахьазе гIоло 1973 соналда гьсеие кьуна С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премия. 1976 соналдайин абуни, Муса МухIамадов мустахIикълъана, аваразул хъвадарухъабазда гьоркьов тIоцеве, Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан абураб хIурматияб цIаралъе.*

*РакIалде щвезарилин, цоги чанго, жакъа цIидасан къватIире риччазе анищан ккарал къисабазулгун харбазул тIахьал. ГIабдулмажид Хачаловасул «Солдатасул лъади», ГIумархIажи Шахтамановасул «МугIалимги мутагIилги», МухIамад Сулимановасул «ТIасарищарал асарал», МухIамад Шамхаловасул «Дир эмен», Фазу ГIалиевалъул «Кьолбол мугьру» ва цогидалги.*

*Гьелго соназда басмаялде рахъана МухIамад ГIабдулхIалимовасул «ГIумруялъул кьерал», ХIусен ХIажиевасул «КвартIил кIутIи», ГIарип Расуловасул «Нухда нахъвусса» абурал тIахьалги.*

*МагIарул драматургиялъул таварихалдаги бищунго икъбал битIарал рукIана лъабкъоялда анцIабилел сонал.*

*Гьел соназда Авар театралъул актераз магIарулазда рихьизаруна ГIабасил МахIамадил «МахIмуд» ва «Камалил Башир» абурал трагедияби. «МахIмуд» трагедиялъе гIоло гьев мустахIикълъана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб республикаялъул премиялъе. Гьединго нилъер театралъул сценаялда лъуна балагьараз лъикIаб къимат кьурал ГIабдулмажид Хачаловасул «Аманат», МухIамад Сулимановасул «Дурцал», Машидат Гъайирбековалъул «ТалихI бугеб къо», Зайирбег ГIалихановасул «МугIрузул ГIали», МахIмуд ГIабдулхаликъовасул «Бахьикъос», ГIабдулабек Загъаловасул «ТIасалъугьа, эбел» абурал ва цогидалги нилъерго авторазул пьесабазда рекъон спектаклал.*

*ГIисинал цIалдолезе унго-унгоял сайгъаталлъун рукIана ХIасан ХIабибовасул «ХIелеко» ва МухIамад Гъазиевасул «КьегIер» абурал кучIдузул мажмугIалги.*

*Цебеккун абухъе, авар литератураялде гьоркьове лъабкъоялда анцIабилел соназда вачIана, хадубккунисеб магIарул адабияталда жидер творчествоялъ аслияб бакI ккуравлъун рикIкIине бегьулев лъабго шагIир: МухIамад АхIмадов, МухIамад ГIисаев, МухIамад Хириясудаев. Газетаздагун журналазда рахъарал тIоцересел асаразго цIалдолезе рагьана гьел цIияб пикру-каламалъул, лъикIаб букIинеселде хьул гьабизе рес бугел шагIирзаби рукIин.*

*РакIалде ккезе бегьулаан кинабго рахъалъ тIадегIанаб борхалъиялде бахараб магIарул поэзиялда тIадеги батизесеб шигIрияб нухги кечI хъваялъул къагIидаги кинабдай букIинебилан. Амма МухIамад АхIмадовасул «Сардил кагътал» абураб тIоцебесебго тIехьалъ бихьизабуна Аллагьас унго-унгояб гьумерги кьурав, гьелде тIаде гъваридаб литературияб лъайги босарав, жиндир, цохIо жиндие хасиятаб дуниялбихьиги бугев чиясе поэзиялда цIияб рагIи абизе гIатIидал ресал рукIин. Гьелъин къокъабго заманалда АхIмадов цохIо магIарулазда гьоркьов гуревги машгьурлъаравги, адабияталде рачIунел*

*цIиял гIолохъаби цIи-цIиял къагIидаби ралагьиялда тIад ургъизе тIамуралги.*

*МухIамад ГIисаевасул «ЛъабгIин» абураб тIехьалдасанги бихьулеб букIана, цIубараб пикру-гьунаралъул, магIарул поэзиялда бихьулеб, гIезегIан берцинаб лъалкI тезесев шагIир гьев вукIин.*

*«Ихдалил бакънал» абураб МухIамад Хириясулаевасул тIехьалда магIарулазда ратана нилъер миллияб махIги, яхIги, рухIги гъорлъ бессарал, гIумруялъул хIалбихьиялда тIад гIуцIарал, цIаларалго рекIелъе рортулел кучIдул.*

*Гьединго гьелго соназда нилъее загьирлъана цоги гьунар бугев поэт ГIумаржан ХIажигIалиевги. «Диргун гIелбащадазе», «РитIухълъи» ва цоги чанго лъикIаб тIехьги магIарулазе тун ана абадияб рокъове гIолохъанго ГIумаржан.*

*Лъбакъоялда анцIабилел соназда жидерго гьаракь поэзия бокьулезда рагIизабуна Майсарат МухIамадовалъ, Шагьрудин МухIамадовас, МухIамад Насрулаевас, Сабрият ХIабибулаевалъ, Шамхал Дибировас ва жеги чанго гIолохъанал авторазги.*

*Аваразул прозаялда цIияб цIвалъун кунчIана дол соназда, къокъидго, нагагьаб балагьалдалъун нилъедаса ватIалъарав Багъатар ХIажиев. Гьес нахъе тарал «Дихъ ралагьун чIа мугIрул» ва «ЦIадакьа борчIараб дир чанил бурутI» абурал тIахьал цIалаброзда бичIчIула кигIан кIудияв, вукIинесев хъвадарухъан нилъее камуравали.*

*Ункъоабилел соназда рукIана нилъер чанго хъвадарухъанасул юбилеялъул сонал. Гьедин цIалдолезухъе щвана магIарул мацIалда лъабго томалдасан ва гIурус мацIалда щуго томалдасан данде гьарурал Расул ХIамзатовасул асарал, Фазу ГIалиевалъул авар ва гIурус мацIалда кIи-кIи томалдасан данде гьарурал асарал. Гьединго тIасарищарал асаразул тIахьал къватIире риччана Муса МухIамадовасул, ГIабдулмажид Хачаловасул, ГIабасил МахIамадил, ГIумархIажи Шахтамановасул, Адалло ГIалиевасул, Тажудин Таймасхановасул. ЦIадаса ХIамзатил анлъго томалдасан данде гьарурал ва Заид ХIажиевасул кIиго тIехьалде росарал асараз магIарулазда ракIалде щвезабуна цоги нухалъ гьел кIудиял шагIирзабазул творчество.*

*Гьанирго ракIалде щвезарилин дол соназда басмаялде рахъарал, ракIалда хутIарал цоги-цоги поэзиялъулгун прозаялъул тIахьалги:*

*С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премиялъе мустахIикълъараб ГIабдулмажид Хачаловасул «МагIарул маргьу», Муса МухIамадовасул «ХIинчIазги рехун тола бусаби», «Зоб цIадае гъугъала», МухIамад Шамхаловасул «КIкIалахъ бахъараб кьвагьи», «Намус», ПатIимат МуртазагIалиевалъул «Кулакасул яс», «Дир хъахIаб кIаз». ГIабасил МахIамадил «Рокьул таватурал» лъабго трагедия, ГIумархIажи Шахтамановасул «Харил квацIи», МухIамад ГIабдулхIалимовасул «Метер кватIизе бегьула», ХIусен ХIажиевасул «Къункърабазул кьурди», «БагIараб щуб», ГIарип Расуловасул «РагIадалги гIадамалги», МухIамад АхIмадовасул «Заманаялъул балладаби», «Кьоял», «Шагьаралъул кучIдул», МухIамад ГIисаевасул «Ракьул хIохьел», «ГIухьбузул цIадухъ», МухIамад Хириясулаевасул «ГIаздал хIули», «Бакъул гьими», ХIасан ХIабибовасул «Тарщихъа щиб биларабʔ», ГIабдула Дагановасул «ХъахIилаб расалъи», «Эбелги, дунги, кечIги», ХIажи Гъазимирзаевасул «Вехьасул бакънал», «Нухал», Майсарат МухIамадовалъул «Рокьул памятник», «Дир гьайбатаб рокьул чIор».*

*Ункъоабилел соназда газетаздагун журналазда ва гӀахаьлал тӀахьазда рахъарал тӀоцересел кучӀдуздалъунги харбаздалъунги магӀарулазда рагӀана цӀиял цӀарал: ЖабрагӀил ХӀасанов, МухӀамад ПатахӀов, МухӀамад Мажидов, Шамил Варисов, ГъазимухӀамад ГъалбацӀов, Пайзула Пайзулаев, МухӀамад ГӀабдулгӀазизов, МухӀамад ХӀусенов, Ибрагьимхалил ГӀумардибиров, МухӀамад ХӀамзаев, Малачи ХӀусенов, МухӀамадрасул Дациев, Наби ГӀисаев, Набигула Жаватханов, МухӀамад ХӀасанов, Бахумеседу Расулова, Сабрият ХӀабибулаева, Залпа МухӀамадрасулова, ТубхӀат Зургьалова, Сабигат МухӀамадова, ГӀайшат ГӀалиева, ГӀайшат Малачиева ва цогидалги.*

*Ункъоабилел соназда адабияталда ккарал чӀахӀиял, унго-унголъунги нилъ рохизесел лъугьа-бахъинал рукӀана 1980 соназдасан байбихьун, щибаб моцӀалъе лъималазе «Лачен» журнал бахъизе байбихьиги, 1986 соналдаса, цебе гӀадин лъабго моцӀалъе гуреб, кӀиго моцӀалъе цо «Гъудуллъи» журнал бачӀине лъугьинги.*



*Ункъоялда анцӀабилел соназул авалалдасан байбихьун улкаялда ккарал хиса-басиязулги гьез нилъер гӀумру хисизабураб куцалъулги бицине хӀажалъи букӀинаро. Гьелъ нилъер литератураялъе гьабураб асарги гьадингоги лъалеб жо буго.*

*ТӀубангоялде гӀагарун лъугӀанин абизе бегьула пачалихъалъул сурсатаздалъун тӀахьал рахъулеб къагӀида. Къана Дагъистаналъул цӀалулгун педагоглъиялъул издательство. ХутӀараб Дагъистаналъул тӀахьазул издательствоялъулги, гӀарац гьечӀолъиялъ, лъагӀалида жаниб щибаб миллаталъул лъаб-лъаб, ункъ-ункъ тӀехь бахъизе гурони рес рекъечӀо. Аслияб куцалда чвантил цӀайи бугел цо-цо саламатал гӀадамаз кумек гьабун рахъана гьел соназда магӀарул мацӀалдаги тӀахьал. Гьединго лъугӀана хъвадарухъабазул гӀумру лъикӀлъизабиялъе гьабулеб квербакъи.*

*Гьеб киналъухъго балагьичӀого, гьел соназдаги магӀарулазул адабияталда ккана гӀемерал хиса-басиял.*

*Бищунго цебе абун телин, ккана нилъер литератураялъе чIахIиял камиял. Нилъедаса ватIалъана миллионал цIалдолезул ракIазулъ даимаб лъалкI тарав Расул ХIамзатов, адабият бокьулезулгун абадиялъего къолъикI гьабуна поэзиялъулги, прозаялъулги, драматургиялъулги анцI-анцI асарал хъварал машгьурал хъвадарухъаби Муса МухIамадовас, МухIамад Сулимановас, ГIабдулмажид Хачаловас, ГIумархIажи Шахтамановас, ХIажи Гъазимирзаевас, МухIамад Шамхаловас, ХIажи Заловас, МухIамад ХIасанхIусейновас.*

*Умумузул таварихги, адабиятги, маданиятги наслабазе рагьизе, хIакъикъияб, рагьараб куцалда гьелъул бицине рес щвеялъ нилъедаги кIвана магIарул адабияталъул тIадегIанал цIваби наслабазде гIагар гьаризе. Гьедин МахIачхъалаялдаги поэтазул ватIаналдаги тIоритIана Инхоса ГIалихIажиясул 150, 160, БакьагьечIиса ЧIанкIал 125, 150, ХъахIабросулъа МахIмудил 120, 140 сон тIубаялъул байрамал.*

*Рес бугел гIадамазул харжаздалъун къватIире риччана гьезул кодоре щванщинал асарал данде росарал тIахьал.*

*Заман хисиялъухъ балагьичIого, жинда рекъараб даражаялда цебетIунин абизе бегьула нилъер гьанжесеб адабиятги. Балагьараб мехалъ нилъер литератураялда загьирлъана хъвалел асаразухъ балагьун цебеккун букIинчIеб ункъо чвахи: а) таварихияб; б) динияб; в) 1999 соналда Дагъистаналда ккарал балагьал лъугьа-бахъиназ бижизабураб; г) бечедалги чIахIиял хъулухъалда ругелги гIадамазе рецц-бакъ гьабурал.*

*Аварги гIурусги мацIазда нусгониги тIехь къватIибе бачIана магIарулазул таварихалъул, хасго Шамилил къеркьеялъул бицараб 90-абилел соназул авалалдаса жакъа къоялде щвезегIан. Гьезул гIемерисел рахъана «Дагъэнерго» ОАОялъул генералияв директорлъун вукIарав ХIамзатов ХIамзатица яги цоги сахаватал гIадамазул квербакъиялдалъун. ГIемер тIахьал къватIире риччана ахирал соназда росабазул таварихалъул бицаралги. Нилъер заманалъул хъвадарухъабаз таварихиял лъугьа-бахъиназул кьучIалда нилъер машгьурал умумузул хIакъалъулъ хъварал асаразда гьоркьор рехсезе бегьула МухIамад ТIагьировасул «Имам ГъазимухIамад», «НурмухIамадил МухIамадил биценал»; Машидат Гъайирбековалъул «Имам Шамил», «Черкесазул имам МухIамад-Амин»; ХIусен ХIажиевасул «Имам ХIамзат»; Юсуп Дадаевасул «АхIулгохI – дир рекIел бухIи»; МухIамад ГIисаевасул «Балахьуниса Муса», Залму Батировалъул «Бахубика», «ХIажимурад».*

*ГIалимчи Сиражудин ХIайбулаевас дандеги гьарун гIемерал тIахьал рахъана динияб адабияталъулги. Нилъер заманалъул хъвадарухъаби МухIамад ХIамзаевас, МахIмуд-Апандица ва МухIамад ГIабдулгIазизовас щвезаруна магIарулазухъе гьеб темаялда хъварал цо-цо асарал.*

*ЦIакъ гIемерал кучIдул рахъана нильеца «ХIакъикъат» газеталдаги, гьебго цIарги лъун къватIибе биччалеб букIараб журналалдаги 1999 соналда Дагъистаналда ккарал балагьал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ. РахъичIелги ратила. Гьел киналгоги данде росун, хасаб тIехь къватIибе биччазе лъикIаб букIинаан. Гьебги наслабазе хутIизесеб нилъер таварих кколелъулха.*

*Бечедал чагIазул хIакъалъулъ хъваралги хъвалел ругелги тIахьазул бицине ккелищали лъаларо. Лъалеб жо буго, гьезул героязул бечелъи лъугIидал, гьезул асаразулги магIна-мурад лъугIулеблъи.*

*ГІаммаб куцалда босани, гьел соназдаги лъикІаланго тІахьал къватІире риччана нилъер хъвадарухъабазул.*

*Расул ХІамзатовасул 75, 80 ва 90 сонилал юбилеязде МахІачхъалаялдаги цоги-цоги бакІаздаги рахъана данде гьарурал асаралги, батІа-батІагоги гІемерал тІахьал.*

*МагІарулги гІурусги мацІазда лъаб-лъаб томаздасан данде гьарурал асарал рахъана Фазу ГІалиевалъул.*

*МагІарулаз гъираялда къабул гьаруна МухІамад АхІмадовасул «Сонал», «Поэт» абурал тІахьал. Школаздаги гьоркьохъелги тІадегІаналги цІалул заведенияздаги филологаз пайда босизе рес бугеб, нилъер адабияталъул цебесебги жакъасебги къисмат рагьулеб «Поэт» абураб тІехьалъул хІакъалъулъ я гІалимзабаз яги хъвадарухъабаз щаялиго газетаздасан яги жураналаздасан жеги мустахІикъаб рагІи абичІо.*

*ЦІалдолезул ракІалда хутІараллъун руго гьел соназда басмаялде рахъарал МухІамад ГІисаевасул «СиратІалъул кьо», «Щиб дуе лъугьараб дир магІаруллъи»; ГІабдула Дагановасул «Лъаразул гаргар», Къурбан-МухІамадил «Лъабго наиб», «РекІелгун дагІба», «КучІдул ва поэмаби», ГъазимухІамад ГъалбацІовасул «ГанчІал», «Ва бана гІазу», МахІмуд-Апандил «Рокьул ирс», «Дир ЧІикІаса кІудияв», «УнкъбокІонал чІимхал», МухІамад ХІамзаевасул «ЦІуне, Аллагь, Дагъистан», МухІамад ПатахІовасул «Горсвери», «Дандерижи», ПатІимат МуртазагІалиевалъул «Меседил гъамас», ГІайшат Малачиевалъул «Къалъул завал», «Рокьул матІу», ТубхІат Зургьаловалъул «Эбелалъухъ чІвараб чІегІераб кІаз», «Баргъич». Гьединго магІарулазе рокьана МухІамад Хириясулаевасул, МахсутІ ЗайнулгІабидовасул, Сабигат МухІамадовалъул, Бахумеседу Расуловалъул, Зулайхат ГІалиевалъул ва цогидазулги поэзиялъулгун прозаялъул тІахьал.*

*2000 абилел соназул кІиабилеб бащалъиялда республикаялда нухмалъи хисаралдаса, бихьулеб, лъалеб куцалда кІвар кьезе байбихьана адабияталдеги маданияталдеги. ГІезегІан кІудиял хІалтІаби гьаруна газетазулгун журналазул редакциязул, тІахьазул издательствоялъул, театразул, библиотекабазул ва цогидалги гьединалго идарабазул материалиябгун техникияб база борхизабиялъе, гьенир хІалтІулезул гІумруялъул шартІал лъикІлъизариялъе, цІикІкІинабуна лъикІаланго биччалеб гІарац, хІалтІухъабазе харжал. Гьелъул хІасилалда, цогиялъул бицинчІониги, Дагъистаналъул тІахьазул издательствоялъе рес щвана магІарул хъвадарухъабазулги лъикІаланго тІахьал къватІире риччазе. РакІалде щвезарилин гьезул цо-цоял: ЦІадаса ХІамзатил «Асаразул» анлъабилеб том, БакьагьечІиса ЧІанкІал, Заид ХІажиевасул, МухІамад Сулимановасул, Фазу ГІалиевалъул, ГІабасил МахІамадил, Адалло ГІалиевасул, ХІажи Гъазимирзаевасул, ГІумархІажи Шахтамановасул, ГІабдула Дагановасул, МахсутІ ЗайнулгІабидовасул, ХІасан ХІабибовасул, МухІамад Хириясулаевасул, Залму Батировалъул ва цогидазулги тІасарищарал асаразул тІахьал. Гьединго гьебго издательствоялда рахъана Расул ХІамзатовасул «Дир Дагъистан», «ПатІимат», МухІамад АхІмадовасул «Къоло цоабилеб век», «Поэт», МухІамад ПатахІовасул «Сабру», «РагІи лъугІаралъуб магІу баккила», «ГІакъалабазул дандерижи», ЖарагІил ХІасановасул «Пашманаб къиса», «Асарал», МухІамад МухІамадовасул «МацІги адабиятги – миллаталъул аслу», ГІайшат ГІалиевалъул «Эбелалъул кечІ», ТубхІат Зургьаловалъул «Баргъич», «Дир гьайбатаб Алипба», МахІмуд-*

*Апанди МухIамадовасул «УнкъбокIонал чIинхал», «ТIасалъугьа, дир вас», ГIайшат Малачиевалъул «ТалихIаб лахIзат», МухIамад ГIисаевасул «Даимаб лахIзат», ХIамзат ГIизудиновасул «Авар рухI», МухIамадрасул ГIумаровасул «Дихъего кагътал», Бахумеседу Расуловалъул «Пикрабазул гъансито», Зулайпат ГIалиевалъул «НакIкIигъветI» ва гIемерал цогидалги тIахьал.*

*Гьединго батIи-батIиял басмаханабазда рахъун магIарулазухъе щвана Инхоса ГIалихIажиясул, ХъахIабросулъа МахIмудил, Игьалиса Чупаласул, ЧIохъа АбакархIажиясул, ГIахьалчIиса МуртазагIалихIажиясул асарал, ГIабасил МахIамадил «Хунзахъа Ахъбердилав», МухIамад ХIамзаевасул «МухIамад Авараг» (с.гI.т.в.), «Имам Шамил», «Хириял халифаби» «Ункъабго мазгьабалъул имамзаби», «ЧIикIаса СагIид-Афанди», «Бакълъухъа СагIдухIажиясул МухIамад-Афанди», «Бакълъухъа ГIабдулгьапурил МухIамад», «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан», МахIмуд-Апандил «Азаралда цо жаваб», «Даруял хурдузул хазина», КъурбанмухIамад МухIамадовасул, АсхIабгIали ХIасановасул, ГъазимухIамад ГъалбацIовасул, Шамил МухIидиновасул, ХIайбула Сайдулаевасул, Сабигат МухIамадовалъул, Залму МухIамадовалъул, Манарша ГIисаевалъул, Хъистаман Султанбеговалъул, Шагьри ХIажиловалъул, ХIажи Ибрановасул, МухIамад Къебедовасул, ГIиса Шарапудиновасул, МухIамад ХIасановасул, Наби ГIисаевасул, СайгидахIмад АхIмаднабиевасул, ХIабиб Давудовасул, АхIмад СултIанахIмадовасул, АхIмад ГIамирхановасул, ГIалибег Керимовасул, ХIажи Сайпуевасул, Къурбан КIулизановасул асарал ва гIемерал цогидалги авторазул кучIдузулгун поэмабазул, харбазулгун къисабазул тIахьал.*

*ГIурусги цогидалги мацIазда, нилъер улкаялъулги цогидал пачалихъазулги издательствабазда ахирал соназда рахъана МухIамад АхIмадовасул кучIдузулгун поэмабазул анцIгониги тIехь. Гьев мустахIикълъана «Меседил Дельвиг» абураб Россиялъул кIудияб литературияб ва цогидал машгьурал премиябазе, «Россиялъул аслияв шагIир» абураб цIаралъе ва цогидалги шапакъатазе.*

*Дагъистаналъул халкъиял шагIирзаби абурал хIурматиял цIарал щвана Залму Батировалъе, КъурбанмухIамад МухIамадовасе, Баху-Меседо Расуловалъе, МухIамад ХIамзаевасе, халкъияв хъвадарухъанасул цIар МухIамад ГIабдулхIалимовасе.*

*Дагъистаналъул Пачалихъалъул премиялъе мустахIикълъана МухIамад ХIамзаев ва Залму Батирова, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб ДРялъул Пачалихъалъул литературияб премия кьуна ГIайшат ГIалиевалъе ва МухIамад ПатахIовасе.*

*ГIезегIан гIадамалги гIахьаллъун, лъикIаб даражаялда тIоритIана МахIачхъалаялдаги жиде-жидер районаздаги Инхоса ГIалихIажиясул, БакьагьечIиса ЧIанкIал, ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул, Машидат Гъайирбековалъул, Тажудин Таймасхановасул, Фазу ГIалиевалъул, ГIабасил МахIамадил, ГIумархIажи Шахтамановасул, МухIамад ГIисаевасул, МухIамад АхIмадовасул юбилеялъулал байрамал. Гьединго МахIачхъалаялдаги цоги шагьараздаги, районаздаги гьаруна гIезегIанго магIарулазул хъвадарухъабазул творчествоялъул бицарал дандеруссинал, тIахьазулгун лъай-хъвай гьабиял, гьоркьорлъеял. Хасго гьединал тадбирал гIемер рукIана чанго соналъ цебе рагьараб ДРялъул Поэзиялъул театралда, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Расул ХIамзатовасул музеялда, Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб*




*миллияб библиотекаялда. МагIарул районазул центраздаги росабальги щибаб моцIалъ гIадин гьаруна цIалдолезулгун магIарул хъвадарухъабазул дандчIваял, «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазул къоял.*

*Ахираб анцIго соназда магIарулазул адабияталъе ккана чIахIиял камиялги. Нилъедаса ратIалъана аваразул литератураялда араб къарнуялъул кIиабилеб бащалъиялда ва гьаб къарнуялъул авалалда аслияб бакI ккурал гIемерал хъвадарухъаби. РакIалде щвезарилин гьел: Фазу ГIалиева, ГIабасил МахIамад, ХIажи ХIамзатов, Сиражудин ХIайбулаев, Адалло ГIалиев, ГIабдула Даганов, ХIажи ГIарипов, МухIамад ГIисаев, МухIамад Хириясулаев, Машидат Гъайирбекова, ПатIимат МуртазагIалиева, ХIусен ХIажиев, МухIамад Гунашев, ЖабрагIил ХIасанов, ГъазимухIамад ГъалбацIов, Зулайпат ГIалиева, МухIамадрасул Дациев, МухIамад Гъазиев, ГIободияв Шамхалов, МухIамад Саидов, Шамхал Дибиров.*

*Исана 85 сон тIубала Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз гIуцIаралдаса. Гьел соназда магIарулазул адабияталъ нахъа тараб нух цIакъ кIудияб буго. Гьелъул бицараб хасаб тIехьгицин хъвазе бегьилаан хадусел гIелаздаги нилъерго литератураялъул советияб заманалъул тарих лъазеги, гIамаб куцалда Дагъистаналъулги, улкаялъулги, жеги дунялалъулги литератураялда нилъер хъвадарухъабаз кколеб бакI бихьизабизеги.*

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

# ЦIИЯЛ АСАРАЛ



**Залму БАТИРОВА**

## ЗАМАНА…

**Берзул магIу цIадлъун бецIцIана гIодой
Орденал ричулев херав вихьидал.
Шагьаралъул бакьулъ гъутIбузул рагIдукь
Гьесул гьумералъул пашманлъи бихьун.**

**Дун аскIое ана, дица цIехана…
Щай, кIуди, ордаби дуца ричулел?
Дос дий жаваб кьуна, рескъотIун бугин,
Вас больницаялда захIматго вугин.**

**Операция цIакъ хираго бугин,
Бичизе щибниги тIокIаб жо гьечIин.
Жиндица бачIараб пенсияги кьун
Досул хъизан-лъимал хьихьулел ругин.**

**Лъабго орден бугин жинца бичулеб
Гьаб каранда бараб бичулеб гьечIин,
Берлин босаралъухъ кьураб гьаб орден
Жиндие батIаго хирияб бугин.**

**Гьеб рагъда захIматго лъукъун вукIарав
Аллагьас цIунанин жакъа къоялъе,
Жив вукIинчIевани жакъа васасе
Кумек гьабизе чи цониги гьечIин.**

**ВатIан,  балагье цо мун цIунаралъухъ
Нур сварал беразда бетараб магIихъ,
Гьесул рокъоб бугеб къварилъиялъухъ
Кьураб гьунаралъул пашманлъмялъухъ.**

Паркалда дандбитIун буго ХъахIаб рукъ
Бечелъи гьелчолел чиновниказул,
Паркалдасан унел дол ратиларо,
Мерседесал, джипал рекIун гурони.

Чияр ургъелазул агъаз щиб дозий
Гьав вичIчIулел чагIи чан дора ругел?
ГIаданлъи кIочонеб бечелъи щвараз
Чияр угьиялъухъ кин гIенеккулел.

## ЦIУМАЛ

– Кьуру хисуларел мугIрузул цIумал,
Хинал улкабазде кин роржуларел?
МугIрузда хаселги согIаб букIунин
ХIанчIи унелъуре нуж щай унарел?

Нужер куркьбал цоял церего анин
Нуж гIедегIунгутIи гIадлъулеб буго,
Гьал гIазул мугIрузда нуж гIунуларищ?
ЦIорораб хасало ракъун холарищ?

– ВатIанги кьуруги хисарабани,
Нижеда цIумалин абилароан,
БахIарчилъиялъе чучлъаралани
Гъудузул тIелазда гъорлъ рукIинаан.

Ракьалда яхI бугев бихьинчиясда
Нижер цIар ахIула – цIум гьев вугилан.
ГIумру нижер къокъаб букIаниги,
ГIодобги зодобги цIар буго нижер.

## КВАТIАНА…

Дун магIил магIнаги рагIабазулъ лъун,
Нухлул лъабрикьуда бакьулъ чIун йиго.
Гьаб керен хачалеб чорокаб заман
Залим гIадин цебе эхетун буго.

Дида араб гIасру кIалъалеб буго,
Мун кIудияй  гIезе дагьалъ кватIанин.
Бица-бицаралда хекко божулей,
Лъимер кинигинан гуккизе чIанин.

Мун ваучераца чурхъун рехханин,
Чиго гурел дуда чагIиян кканин.

Мун кӀудияб лъимер, лъай букӀаниги,
Лъай цӀалун щвечӀеца гуккун рехханин.

Бахъулел, хъамулел хъамалчагӀазул
Чунтби цӀечӀого мун кантӀун яхъинчӀин,
Месед тӀад бекьарал пахъул рагӀабаз
ГӀумру гуккулелъул кӀалъазе лъачӀин.

Дун, магӀил магӀнаги рагӀабазулъ лъун,
Нухлул лъабрикьуда бакьулъ чӀун йиго.
Нахъехун инеги бокьулеб гьечӀо,
Цеехун инеги хӀинкъулей йиго.

Гьаб къоялъул гӀайиб дидаги буго –
ГӀадамал кантӀулеб рагӀи батичӀей,
Намусалъул диван дийги букӀина,–
МагӀил магӀна кватӀун рагӀабалъ лъурай.

ЦохӀо рохел буго мехалда цебе
Дица кечӀ ахӀичӀо хӀалихьат веццун,
Умумуз дий тараб исламалъул нух
ХӀарамаб гӀарцуца чоргине течӀо.

ДИЕ МАРГЬА БИЦЕ…

Дие маргьа бице, берцинаб рии,
Ине къачӀан бугин дир хасалихълъи.
Дие бакъан баче, чурун араб их,
Лъицаго гуккичӀей гукканин мехалъ.

КӀудиял ишазул дандерижаби
Дие дунялалда хъударалщинал.
Гьезул гӀемериселъ лъикӀлъи батичӀо,
ЛъикӀабщинаб чӀвараб квешлъи гурони.

КӀудиял цӀаразул гӀемер рехсана,
ГӀумру индал гуреб, ритӀухълъи лъачӀо.
Кутакал кӀалъаяз асир гьаюна,
Гьерсал гьоркьор рукӀин кватӀун бичӀчӀана.

Цин цӀараца гуккун, цин ишаз гуккун,
Горсверухъе сверун, батана гӀумру.
Цин цоялда божун, цоялда хьул лъун,
Лъимадул гӀадинан ана замана.

Дие маргъа бице, берцинаб рии,
Хулжал рехун ругин дица гъажилде.
Дие бакъан баче, рекIел божилъи,
Божун ругьунай дун йохун йикIине.

* * *

Боржунго-боржун гIумру
ГIедегIун унеб буго.
Ургъелалги дие тун,
Пикрабиги нахъе тун.

Дица регун тIанчалгун
ЦIалула гьеб цIидасан.
ГъалатI ккарабщиналъуй
ТIинкIулеб буго магIу.

ГIумру дий кьун букIанин,
ГIадада щай биччараб?
Дихъе кватIун гурони,
КантIи щайдай бачIинчIеб?

Божилъидал гъветIалъул
ГIаркьалида йиго дун.
Дир ургъелазул бакIлъи
КIвеладай гьелда кквезе?

Гьанжеги дун кватIани,
Ина гIадада гIумру.
Дир хутIарал гъалатIал
РитIизарила хвелалъ.

Дирго гIунгутIи лъазе
ГIадамахъ ялагьана,
Дирго гIакълу бичIчIизе
ЦIодорахъ гIенеккана.

ЩибжогIаги кколеб лъай
Лъалеб жого батичIин,
Лъай щвараб диплом гIелищ
ГIумрудул кьучI бичIчIизе?

### ГЬИТIИНАБ АНИЩ

Ана цогиги сон дир гIумруялъул
ГьитIинаб рекIее кIодолъиги тун.
Гьаб дуниялалда дир гIумруялъе
Жегиги къалъеян бакъул нурги тун.

Дун гьаб дунялалда цо иццул къатIра,
Нагагь гьеб къанани, къоял лъугIулеб.
Дун гIумрудал чархил цо гьитIинаб кун,
ТIунани, тIокIаб бакъ насиблъуларей.

Дун цо гьитIинаб мугь, ракьулъ бекьани,
ГIумруялъе хьонтIи цIунизе кIолей.
Дун кIудияб бакъул гьитIинаб кунчIи,
Дида аскIор ругел хинлъизе кIолей.

КIудиял сайгъатал дие кIваричIо,
ГIадамал, роцIарал зобал те дие.
Дун гамачI, чанги къо къулчIизе кIварай,
Сабруги намусги босуге дихъа.

Дун бацIцIадаб иццул гьитIинаб къатIра
Къойил дунялалъул ургъалилъ йигей.
Дагъистаналъул ицц хIабургъунгеги
Нилъер халкъазе зоб роцIун хутIизе.

Нужее дин-лъикIлъи бокьун батани,
Рокьул гумпар кьвагье дуниялалда.
Цоцахъе хьвадулел нухал гвангъизе
ЧIагояб ракь цIунун нахъе хутIизе.

ГIадатаб жо буго кIудияб талихI
Метерги къоялъул бакъалъ хинлъани.
Хъизангун, гьоркьоса чи камичIого,
Чай радал гьекъани, гьимун белъулеб.

Ана цогиги сон дир гIумруялъул
ГьитIинаб рекIее кIодолъиги тун.
Дие гIела зобал роцIун хутIани,
Щибаб къоялъ бакъул кунчIи бихьани.

## МАГIАРУЛ РАГIИ

Дир магIарул рагIи, дир гIагараб мацI,
Дуда жаний дунги дир гьаб рокьиги.
Дуда жаниб чIухIи, дуда жаниб къартI,
Дуда жаниб бухIи, дуда жаниб яхI.

Дур рагIабалъ къуват къуркьи лъалареб,
Дир магIарул миллат нахъе цIунараб.
Дур рагIабалъ чIухIи АхIулгохIалъул,
Бицен дунялалда рагIизабураб.

Мун дие гъветI буго, гъуждул риццатаб,
Къалбал тарихалъул тIинде риччараб.
Дур рагIулъ гIумрудал философия,
Гьаб гIумру нижеда бичIчIизе лъураб.

Дир магIарул рагIи, дир гIагараб мацI,
РекIелъ къараб цIерда цIаял ракулеб;
ЯхIалъул къебелъухъ къачIан бацIцIараб
КъвакIарал умумаз ирсалъе тараб.

Дида дулъ бихьула халкъалъул магIу
Нилъер ургъел гьечIез тIинкIизабураб.
Дида дулъ рагIула бахIарчияб кечI,
Дур пандрил накаби, швантIихалъул сас.

**Дида дулъ рагІула ургъалил гъугъай,**
**Биххун, щущан ине миллат теларин;**
**Дида дулъ рагІула бухулеб цІумур,**
**ЦІуне рахьдал мацІги Дагъистангийин.**

**ГІенекке, дир вацал, гьеб цІурмил гьаркьихъ,**
**Нилъерго АхІулгохІ билунгутІизе.**
**МахІмудги, ЧІанкІаги, ХІамзат, Расулги –**
**Наслабазе цІунун, нахъе хутІизе.**

## СУАЛАЛ

**Къисматалъул тІехь буго тІад чІун бегизе бокьун**
**Метер къоялъул къисмат диего загьирлъизе.**
**Рохелдай хадуб бугеб хиялазде бакъ щолеб,**
**Хаселдай нахъа бугеб рекІел пикру гІунулеб.**

**Канлъуде унеб нухда хиянат батиладай**
**Соназул гІорхъабазда гІажал данде чІвалебдай.**
**Гьаб ришватазул вабаъ добаги батиладай,**
**Намус бичулеб базар добаги букІинадай?**

**Добаги хІиллаялъул хІарщул нухал ругодай,**
**БитІараб къимат кьолеб ритІухълъи хІалтІуладай,**
**ЯхІалда синжир балеб сонал цере ругодай,**
**Судияз ришватазда цІарал тІамун гьечІодай.**

**Доба гІумру къачІалеб цо къебелъи гьечІодай,**
**Доба хІалаллъиялда рахІму гьабуларебдай,**
**Пашманалдай дораги дир саринал рукІинел,**
**БухІиладай добаги дир анищазул гъамас.**

**Дора гьал гьетІ-гьетІарал гІумрудул сухьмахъазда**
**Гьудуллъиги вацлъиги цолъун батиладай,**
**Къисматалъул тІехь, дуца рагье дие бальголъи,**
**Суалазул цІураб ракІ, жаваб къваригІун бугин.**

* * *

**Гьайбатаб мугІрузул гьогьен гьекъезе**
**Къаси дица гордал къирулел руго.**
**Зодил цІвабзазда гъорлъ цІар дур цІехезе**
**ЩІа кенчІолел цІвабзахъ ялагьун йиго.**

**МугІрузда нахъасан баккулеб моцІалъ**
**ЩІар дур ахІулаго, нух кколеб буго.**

**ЦIорораб гьогьенгун бачIунеб гьури,**
**Гьурмада баизе гIедегIун буго.**

**Гьадинаб лахIзаталъ угьулеб хIохьел**
**ХIасраталъул гуреб батIияб гьечIо.**
**РекIел пикрабаца ахIулеб сарин**
**Рокъов гьечIев дуе битIулеб буго.**

**ЧIобогояб рокъоб ракI гъолеб гьечIо,**
**Чвахелабазул кечI бичIчIулеб гьечIо.**
**Гьорохъе кьун битIе цодагьаб сабру**
**Духъ балагьун чIарай свакалей йигин.**

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ РУЧЧАБИ

**Куркьбал ругел чуял руго руччаби,**
**Баччун кIвараб жогун «роржине» кIолел,**
**Маккаллъун хутIичIо гьел гIумруялда**
**ГIемер жо хIехьезе тIамуна соназ.**

**Огь, мугIрузул гIанса! МагIарул чIужу,**
**ЧIезе щолеб заман букIарабищ дур?**
**Чуяздасаги лъикI баччана дуца**
**ГIумруялъул бакIлъи, яхIалъул тIокIлъи.**

**Хъизанги, хъазанги, ватIанги цIунун,**
**Ана руччабазул гIумру ракьалда.**
**Къадруги, намусги, сабруги хьихьун,**
**Свана дунялалда беразул канлъи.**

**Ккани ярагъ ккуна, ккани къвал бана,**
**Бихьиназул тIагъур чияда лъечIо,**
**АхIулгохIда гьикъе гьезул лебаллъи,**
**КIудияб яхIалъе гьезул ритIухълъи.**

**Куркьбал ругел чуял руго руччаби,**
**ТIаде ралагьун гьеб бихьичIониги,**
**Узданал, тIеренал гьезул гъуждуца**
**ХIехьанщинаб захIмат гьал сухъмахъазда.**

**КигIан захIматаб къо тIаде кканиги,**
**Гьез хIухьел угьичIо хIал лъалеб куцалъ.**
**Баччизе гIумрудул бакIлъи кканиги,**
**Аллагьасул хъваян гьабуна сабру.**

Гьикъе гьезул гIумру гьадал мугIрузда
Ункъабго къедалда гьезул рукъалъул.
Гьезул гъастIа бакун бугеб цIаялда
ЦIадутIе тIинкIулел магIил гаразда.

Руччабаз цIехани, гьеб бицинаро,
РагIилъун гирила гургинаб магIу,
БитIараб бицина рукIкIалабаца
Ригь тIаде щвелалде хъахIлъараб расалъ.

Гьез рукъ какуларо, рос какуларо,
Кутакаб жанисеб сси буго гьезул.
Лъималазе гIоло, рукъалъе гIоло,
Гьез мегIер къулчIула, гIорал гьекъола.

Гьезул сабруялъе, гьезул яхIалъе
Бан гьечIо лъицаго жеги памятник.
Гьезул бажариги, гьезул намусги
БихьичIеб ххвел гьабун тоге, Бихьинал!

## БАТIАЛЪИ БИХЬУЛИЩ ЗАМАНАЯЛЪУЛ

ЛъикIабщинаб жоялъ
квешабщиналъе
БетIер къулулеб мех
къотIноб эхетун.
Макруялъе хъулухъ
гьабулеб лъикIлъи,
ТIекълъиялъул цIаруй
хIалтIулеб гьунар.
ЧIвадарухъан вугин
малаикилан
КIалдиб полопги бан,
кIалъалев поэт.
БатIалъи бихьулищ заманаялъул?
ГIакълу –
гIабдаласе гIелму гьабулеб
ЗахIмат –
кIвахIаласда рагьда хIалтIулеб
Намус –
иях1 гьечIел зулмуги баччун,
Сабру –
хъантIарасул хъублъиги бахчун.
БатIалъи бихьулищ заманаялъул?

ЛъикIабщинаб жоялъ
квешабщиналъе
БетIер къулулеб мех
щай хIехьон бугеб?
Дару батулареб, унти гIадалаб
Унтараб замана
кидал сахлъулеб?
Вакъаравни чед кьун, гIорцIизавилин,
ГIорцIун ракъун ругел
кидал гIорцIулел?

* * *

Сонал къулун руго дир гIумруялде
ГIайибазул квацIи карандеги къан,
Дир хъахIал расазухъ ралагьун руго
РикIкIада хутIарал халатал гъалал.

Дида дир санаца цIехолеб буго
Гъаб гIумру лъикIлъизе дица тараб лъан
Гъал гIадамаздаса гIассилъи къезе
Къан дица черхалда борчараб ярагъ.

Дида дир сонаца цIехолеб буго
ЦIадулъ хвасарлъараб намус бугеб бакI.
Рагъул гIелал хвараб заман бачIани,
ЧIаго гьеб батулеб берцинаб свери.

Нилъер яхIалъулги, къадруялъулги
Къо рехараб заман хьудулеб бугин,
«Дица щиб гьабураб гьел хвасарлъизе
ХвечIого наслабаз гьел цIунизеян.

Кьоге дие суал, цIехоге дида
Дун йичIчIулел чагIи мигьлъулел ругин,
МагIу чвахулаго дир саринаца
Бухулеб цIурмил сас рагIулеб гьечIин.

Телеэкранаца гъанкъулеб бугин,
Къварилъараб ракIалъ угьулеб сарин.
Халкъалъе ахIулеб дир кочIол магIна
Интерneталъ малакь мерхьунеб бугин.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ ХIАКЪИКЪАТ

ГIумруялъул хIакъикъат
рокьиялъулъ батула,
Гьелда жаниб берцинлъи
гьелда жаниб сурукълъи,
Гьелда жаниб талихIги
талихI къиналъул хIорги,
Гьелда жаниб макруги
камилаб ритIухълъиги,
ЦIодорасул гIакълуги
гIадаласул ахIиги,
Хиялазул загьруги
хьулазул халалъиги,
Гьениб канал рукIаго,
канлъи босарал берал,
Бицунеб рагIуларел
гIинкъал гуреял гIундул,
ГIадан асир гьавулеб
асаралъул бакъул нур,
Каранда рекIун бугеб
цIадул хасаб бухIиги,
Гьелда жаниб кIодолъи –
кIудиял гьитIинлъулеб,
Гьелда жаниб гьитIинлъи –
гьитIинал кIодолъулеб,
Гьелда жаниб гIумруги
гIащикъаб дуниялги,
Дунялалда гьелъ тараб
хъахIаб ганчIил заниги.

## ГЬАРИ

Цебе-цебе гIумру, хаду-хадуй дун,
Ниж къисматалдаса руго тIурулел,
Гьаб тIабигIаталъул гьурмада цебе
Цо талихIаб шагьра буго цIехолеб.

ЗахIматал гIумрудал свералабазде
Таваккалгун гали буго бегьулеб.
Гьаб божильиялъул гIатIильиялде
Сабрудал къандалъу буго рехулеб.

«Лъалхъе!» – ян нахъасан бахъула ахIи,
Чи къисматалдаса тIурун ворчIинин,
Дуе гIумру кьурас къисматги кьолин
Гьеб къачIазе гIураб къуватги кьолин.

Кьо гьечIел гIоралги, керчал рохьалги
Бихьуда, тIерхьуда бугебщинаб жо.
Зазил сухъмахъалги, хъирул къаналаги,
Къоял рахъанагIан руго гIемерлъун.

Дица Аллагьасда буго гьарулеб
Гьал нухазда гIодой ккезе тогейин,
Ккани, цо дур гуреб кумек лъачIого,
ТIаде яхъине дий бажари къейин.

Дуда гуронани цебе кквечIеб квер,
Баркаталъул нуралъ гвангъизабейин
ГIумру кьурав дуца къисматги кьолин,
Къадру цIунун берал къанщизе тейин.

* * *

Дие мутIигIлъана рокьиги ццимги,
ЦохIонигиялъ дун къезе гьайичIо.
Дие мутIигIлъичIо дир чорхол сахлъи,
Соназул гIоралъул гIедераб чвахи.

Дий, свакараб мехалъ, бокьун букIана
Лъимерлъул гIурдада гIодой йикIине,
Сверухъе рижарал лъабгIиназда гъорлъ
УнкъгIин балагьизе, щугIин батизе.

Дий бокьун букIана гIолиллъиялъул
ГIинтIи тIегьараб гIуж каранде къазе.
Доб кIочон толареб бацIцIадаб гьогьен
Гьурмада басизе данде бачIине.

Дие мутIигIлъулеб батичIо гIумру,
ГIумрудал гIоралъул гIедераб чвахи.
Гьелъ дун бокьанани йохизаюна,
Йохун тIасан ккани, гIодизаюна.

Дие мутIигIлъана рокьиги ццимги,
ЦохIонигиялъ дун къезе гьайичIо.
Дица керен букIкIун ахIараб сарин
Гьебги къеладай гIумруялъукьа?



**МухIамад АХIМАДОВ**

## ГIАДАТИЯЛ РАГIАБИ

**ГIадатал рагIаби – рекIел магIаби,**
**МагIарул мацIалда угьана дица,**
**Ургьимес бухIулеб хIухьелги босун,**
**Ссунареб цIа буго бакун гьез кочIолъ.**

*** * ***

**Лъимал магIарухъе гIедегIунаро,**
**ГIададайищ араб, унго, дир гIумру?**
**Рахьдал мацI бацIцIадго гьез бицунаро,**
**ЦинтIаго дидаго ракI гурхIула дир.**

**Дир росулъе гьезул ракI щолеб гьечIо,**
**ракI унтулеб буго гьезухъ валагьун**
**Аллагьас кьураб мацI кIочонеб буго,**
**Чан нухалъ угьулеб ургъалил хIухьел.**

*** * ***

**Гьури пулеб буго, гIазу бан буго,**
**ГIазабазул цIураб мех хутIун буго.**
**ХутIарал къоязул къокълъараб рахас,**
**Рехсон мунагьалгун, звангъелеб буго.**

**Буго цо батIияб рекIел пашманлъи,**
**Буго хIалуцараб хIухьелалъул кIкIуй.**
**КIудиябин ккараб гьаб дунялалда**
**ГьитIинаб гурого щибго батичIо.**

**Гьанже щиб гьабилеб? Балеб гIазуца**
**ГIузрабазе дару гьабулеб гьечIо.**
**Унтараб ватIанги унтарав дунги,**
**Мунагьалги цолъун, цо нухда руго.**

* * *

**Регулел руго тIанчал ТIадегIанас гIумрудул,**
**ГIемерал хIажат гьечIел хIужабазул цIун ругел.**
**ЦIуне дун, БетIергьанин, гьари бала рекIеца,**
**РекIеде вачIиналде ун батанин гьаб гIумру.**

**ГIумру киниялда тIад кенчIелеб иццлъун кьуна,**
**Гьеб бацIцIалъи цIунизе заманаялъ дун течIо.**
**Цоги гIумру бугебгIан гIедегIун вукIана дун,**
**Дуниял тIад белъана…ТIадегIанав, мун гурхIа!**

* * *

**ГIумруялъ дий кьуна лълъар,**
**КьогIаб загьру жубараб,**
**Живго Эльдариласул**
**Рокьул жергъен гьартараб.**
**Батырайида гIадин**
**ГIакIа кьотIана гIемер,**
**ГIадамал руцIцIун чIчIана**
**Оц дихъа бахъулелъул.**
**Ирчи Казак кинигин,**
**Кинго течIо жасусаз,**
**Сибиралде витIана,**
**Дирго гIицIаб рекIелъе.**

**КIвекIана дун унтуца**
**Ятим Эмин кинигин,**
**Кинго ватичIо гьудул,**
**Дару босун вачIунев.**
**Лъалеб кьвагьи рагIана,**
**МагIарул МахIмуд чIвараб,**
**ЧIегIераб гулла тIола**
**ВатIаналъ шагIирасе…**
**…Унго, шагIирзабазе**
**Дунялалъул бигьалъи,**
**Балагьалъ кьураб гуреб**
**Цогидаб гьаракь гьечIеб.**

* * *

**Цо-цоккун унел руго**
**Инарин ккаралщинал.**
**Щибаб заманаялъул**
**Заназул ирга буго.**

**Руссуна къилбаялде,**
**Къаданиб дунялги лъун,**
**Дуе Аллагьас хъвараб**
**Къадарги къабул гьабун.**

**БетIер хъахIлъараб мехалъ**
**Лъана дида, БетIергьан,**
**Гьаб гIумру дуца кьураб**
**ЛахIзатаб талихI букIин.**

**ГIадада ана къоял,**
**Къосун ратана сардал,**
**Тана хадув валагьун**
**Хваралщинал сонаца.**

**Сваквarав гьардухъанлъун**
**Гьари балев вуго дун:**
**– Дунялалда вукIаго**
**ВитIун ккезаве, Аллагь!**

**Дуй тавбу гьабулелъул,**
**Гьале балеб магIил цIад,**
**ЦIар Дур щурулеб мехалъ**
**Щун буго рекIелъе бакъ.**

**Цо-цоккун унел руго**
**Инарин ккаралщинал.**
**Щивасул тIамуралда**
**ТIезе къачIан буго чIчIва.**

**Лъана Аллагь цо вукIин!..**
**КIиго гIумру батичIо,**
**Цояб мекъи кканани,**
**Цояб битIизабизе.**

* * *

Гьанже шигIрабазул
Щобде вахиндал,
Щибаб рахъалъ руго
Рухъун хабалал.
ХабатIе ракь хъвалеб
Буго кучIдузул,
ГьечIо гьунар тIокIал
ЦIиял шагIирал.

ГIолохъаби руго
Рукъалде руссун,

Рокъоб чияр мацIалъ
Чирахъ бакулел.

Канлъи бихьуларо
Гьелъул мугIрузда,
ГIолохъанаб гьаракь
Гьоркьоб ун буго.

Лъалеб гьечIо унти
Инсухълъиялъул,
Эбелалъ кьураб мацI
МацIалда гьечIо.
РачIунел рихьула
Рехьед гIадинан,
Рахьдал мацI кIочарал,
Чияр мацI бугел.

## РОСАБИ

Гьанже росуцоял
Рес балагьизе
Росу тун къватIире
Рахъунел руго,
Нахъа толеб буго
МугIрузул тIалъи,
ТIалабалъ гьарурал
ГьитIинал рукъзал.

Заманаялъ буго
Бачунеб михир
Хириял мугIрузул
ГIумруялда тIад:
«Росабазул улка
Ккола Дагъистан,
Росаби гьечIони,
ГьечIо Дагъистан».

КIудияб цолъийин
Цо балагь буго
Цолохъги молохъги
Нилъехъ балагьун.
…Аллагь, дуца цIуне
МугIрул росаби –
ТIалабалъ гьарурал
Найил тIалаби.

Рес къотIараб мехалъ
Къуват цIикIкIунеб
ГIамал кьун букIана
Дир миллаталъе:
…Щибаб щобда буго
Шамилил байрахъ,
Нахъаги цебеги
Буго АхIулгохI.

Амма шагьаралда
Шамилил миллат,
Мусру рухIалда бан,
Бихьула холеб…
…Хвел гьечIолъи буго
Росуги рукъги,
Росаби рукIаго
Буго Дагъистан.

## ЧИРАХЪ

**Росулъ бакун буго**
**Цого-цо чирахъ,**
**Чияр ракьалда гьелъ**
**Канлъи кьола дий:**
**Эбелалъул чирахъ –**
**Дир рекIел чирахъ,**
**РекIараб кидаго**
**Ссунареб чирахъ.**

**Лъимерлъидул канлъи –**
**Кинидул канлъи,**
**Кинабго дир гIумру**
**ЦIунараб канлъи.**

**ЛъикIал заманаби**
**Рекерун ана,**
**Аниб хутIун буго**
**Аралъул канлъи.**

**Росулъ бакун буго**
**Гордухъ цо чирахъ,**
**Чиякъго буго гьеб,**
**ГьечIин дун рокъов:**
**Эбелалъул чирахъ,**
**МугIрузул чирахъ,**
**МагIарул мацIалъул**
**ЦIвайилаб чирахъ.**

## Ч Е Д

**МугIрул росулъ корохъ**
**Бежараб чадил**
**Чанги тIагIам лъана**
**Лъимерлъудаго:**
**– АхIмадил МухIамад,**
**Майилан ахIун,**
**ХIеренго квераз гьеб**
**Бегьана дихъе.**

**МахIица гIорцIулеб,**
**Бихьани гIолеб**
**МагIарул чед буго**
**Гьанже дир кочIолъ.**

**ГьечIо гьелъул гIадаб**
**Гьуинаб тIагIам,**
**МагIарул мацIалъул**
**Батани гуреб.**

**ВатIаналъ чед буго**
**Дихъе бегьулеб:**
**– Гьале бухIилаго**
**Бугин, МухIамад…**
**… Дир ракI ватIаналъухъ**
**БухIулеб буго,**
**БухIилаго, чедлъун,**
**Бикьулеб буго.**

* * *

**Дун гьаб гIумруялъул лъарал рагIалда,**
**Лъимерлъи талихIав, велъанхъанщинав.**
**Хадуб гIумруялъул гIурул рагIалда,**
**ГIумру чвахун арав, гIодаравщинав.**

**Гьанже валагьун чIун вуго дун ралъдахъ…**
**Гьеб гьалдолеб буго, дун сасун вуго.**

* * *

**Кинацаго гуро херлъи хIехьолеб, –**
**Херлъиялъул буго хасаб балъголъи:**
**Хъудулеб гIор бахун, рагIалде щведал,**
**ГIумрудулъ рещтIунеб хIажатаб хIалхьи.**

**Киназдаго гуро херлъизе лъалеб,**
**Херлъиялъул буго хасаб борхалъи.**

**Болъодухъан вахун, тIараде щведал,**
**ТIадвугеседа цеве чIезе ккола мун.**

**Херлъиялъул буго хасаб берцинлъи,**
**Биценлъун лъугьараб гIумру бугони.**
**Херлъиялъул буго лъалеб сурукълъи,**
**Сурарал ишазул сурат хутIани.**

**Кье дие, БетIергьан, берцинаб херлъи,**
**Хадур рачIунеца баркала кьолеб.**

*** * ***

**Дир рачIел какалги,**
**КквечIел кIалалги**
**КIал гьикъулел руго,**
**Къоял анагIан.**
**ГIасру хисардулеб**
**Хасалил гъастIа**
**Гъаргъар базабулеб**
**Буго ургъелаз.**

**ЧуричIел мунагьал,**
**Гьалдолел сонал**
**Сордойил къулула**
**Дир къаданире.**
**Кьоло цоабилеб**
**Векалъул бадиб**
**Дида бихьула ццин,**
**Дида бахъараб.**

**Хъварал асаразулъ**
**Асар цIехола,**
**Аниса арабго**
**Доба батулеб.**

**…Байтулман дуниял**
**Хиралъун ккана,**
**Кинго бажаричIо**
**ВорчIун гьелъухъа.**

**КIетIола къадада**
**Къарнудул сагIат, -**
**Араб заман тIокIаб**
**ТIадбуссинаро...**
**Хабалалъе унеб**
**Нух буго цебе,**
**БетIергьан, гьарула,**
**Гьабе дий кумек.**

**Киналго соназул**
**Сапаразулъан**
**Салам кьолеб буго**
**КватIун ккараб как.**
**Дир арал мехазул**
**Рохел цолъизе**
**ЦохIо вугев Аллагь**
**Вуго дида тIад.**

*** * ***

**Дие дарсал кьурал мугIалимзаби**
**МагIарухъ рукIана, росулъ хутIана.**
**ТIолго гIумруялъул мугIалимлъун дий**
**Лъугьана ракьалда, КьилимегIер, мун.**

**Дуца дун гьитIинго ругьун гьавуна,**
**Гьава-бакъ гIадинан, хисунгутIизе.**
**ТIаса гIазу-цIерги накIкIалги лъухьун,**
**НакIкIил гъветI гIадинан, цо хIалалъ чIезе.**

* * *

КочIол кьер хисун буго,
Кьерхун хиялги буго,
Хварал гурел, чIагоял
ЧIваларо гьанже данде.

Хьулалги хьуцIцIилъ руго,
МоцIги накIкIазукь буго,
Руго регун лъугIулел
ГIумрудул тIохьол тIанчал.

Аллагьасде ахIи бан,
АхIулгохIда бакI батун,
РакI буго бацIцIалъулеб, –
БацIцIуна берзул магIу.

МагIарухъе роржине
Рижарал пикрабаца
Бицунеб буго хабар,
Хабалал кIочонгейин.

Дир рекIел рагIи буго
МагIарул мацIалъ кьураб,
Кьурабазул хIанчIаца
ХIикмат бакъназулъ лъураб.

Аваразул каламалъ
Каранда бакъ баккула,
Бакълъун къалъараб гIумру
МагIарухъ букIана дир.

* * *

«Воре тIе, воре тIе, «тIвайилан» абун,
ТIадвугес гьукъараб гьекъана чагьир.
Гьаримлъидул гъасда гьелъ цIа бакана,
ЦIадулал пикраби рорчIизаруна.

РачIа гьудулзаби чIаго гьаризе,
ЧIобого бугеб ракI рохалил цIезе…
ЦIезе шавкъалъул лълъар… Лъин гьекъон арал
Лъамиял къоязе къолъикI гьабизе.

* * *

РакI тIеренлъун буго,
РухI дагьлъун буго,
Мунагьазул рахас
Халалъун буго.
Хал гьабун вуго дун
ГIумрудул сагIтихъ:
Бахъун унеб буго
Кодоса заман.

Нур свана беразул,
БетIер хъахIлъана,
Лъан руго камиял,
Ккана ургъелал.

Гъугъадула зобал
Зигардула ракь,
Гьезда гьоркьоб буго
Дие кьураб бакI.

БакIарулеб буго
Замана заназ,
Зарра хутIун гьечIо
Хвел гьечIолъидул.
ЛъугIун буго магIна
МагIарул рагIул
МагIарухълъи хвараб
Халкъалъул гъастIа.

* * *

ГIумру, херлъанагIан,
Хехлъулеб буго…
Херхунел жугьабаз
Гьабула гIайиб,

ГIодове вуссайин,
Сабру гьабейин,
Гьабегийин дугIа
Аллагьас къабул.

Кидаго бачIуна
ЦохIого сула:
– Сундухъ кьураб гIумру,
ГIедегIун араб,
ГIадамазда гьоркьоб
ГIадада течIеб,
КечI борхалъиялда
Байрахълъун чIвараб?

…КечI, бесдал лъимерлъун,
Бихьула бокIнилъ,
БакI гьечIо гьелъие
ВатIаналда тун…
…Дун кочIое кьураб
ГIумруялда тIад
ГIодулев хутIана…
Хехго херлъана.

* * *

Балагьалъул рукIкIбуца
БикIулеб буго заман,
ГIазабазул цIерги къан,
Къаникь руго пикраби.

Хварал, чIварал, аразул
Заназ сверун ккун вуго.
Мискинлъидул мусру бан
Сонал рукъулел руго.

Макьилъцин хIалхьи гьечIеб
ХIалихьатаб мех буго,
Михир халкъалда бачун,
Бичулеб улка буго.

ЦIар лъалареб, хIакъираб
ХIинкъиялъ къор гъун буго,
Къоло цоабилеб век
Балагьалде гъун буго.

Рагъул гъугъай рагIула,
Гъурулеб халкъ бихьула…
Бихьизе тоге, Аллагь,
Гьеб балагь дунялалда.

*МахIачхъала, 2019 с. январь-февраль.*

# ЮБИЛЕЙ

**ГЬАНЖЕГИ МАЯЛДА ХIАНЧIИ КIАЛЪАНА
ХIАБИБ ГЬАВУРАБ КЪО БУГИН ЖАКЪАЙИН**

**Гьанжеги маялда хIанчIи кIалъана
ХIабиб гьавураб къо бугин жакъайин.
Къаралазул иххаз гьикъулеб буго,
Гьоболлъухъ къаси ниж кире инелин.**

**Жакъа годекIаниб жамагIат гIадин,
ГIодоб чIун бугоан лъабкъоябго сон.
Гьезул гIемерлъи лъан дун вохун вуго,
Лъаларелда хадуб ракIбухIун буго.**

**Чанги лъикIал васал гIураб нилъер ракь,
Дие вокьулезулъ, ХIабиб, мун вуго.
Дица, ХIамзатовас, кьабун босараб
Дур кверазул хинлъи! Сахлъи кьеги дуй!**

Гьединал, рекIел унго-унгояб хинлъи жаниб лъурал жугьабиги тIад хъван кьун букIана Расул ХIамзатовас, лъабкъого сонилаб байрам Авар театралда кIодо гьабулеб къоялъ ХIабиб ХIажиевасе жиндирго тIасарищарал асаразул кIиго том.

ГIемерал гIадамал, гьездаго гьоркьор Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулелги министралги, районазулгун шагьаразул бутIрулги гIахьаллъараб кIудияб байрам букIана ХIабибил лъабкъого сон тIубаялъул хIурматалда Авар театралда доб къоялъ. Чанги магIна камилал рагIаби абуна гьениб ХIажиевасул гIумруялъул нухалъулги, нухмалъулев хIисабалда, гьесул бажари-жигарчилъиялъулги бицун кIалъазе рахьараз.

Щивав чиясул букIуна жинца нахъа тараб нухлухъ тIадруссун балагьулеб, гьабураб-таралъул хIасил гьабулеб, рекIелъ лъалкIал тарал лъугьа-бахъиназул хIисаб гьабулеб заман. Гьединаблъун гIемерисеб мехалда батула гIадамасе, гIумруялъул соназул, абилин гьедин, гургинал тарихал тIаде щвараб мех. Гьедин букIана ХIабиб ХIажиевасеги доб лъабкъогоги, хадуб лъабкъоялда анцIгоги сонал тIуралел къоязда.

Жакъа ХIабибица дандчIвай гьабулеб буго жиндирго ункъого соналда. Кидаго ракI гIолохъанав, къисматалъул нухда гIезегIан захIмалъаби дандчIваниги, аваданлъиялъул асаралъул асирлъуда кидаго хутIарав гьес жиндирго гьеб юбилейги унго-унголъунги байрамлъун къабул гьабулеб буго. Гьедин букIуна унго-унголъунги ракI гIатIидав чиясул.

Гьумерцин жинда лъаларев, гьадинав чи вукIанин абизе суратцин нахъе хутIичIев эменги, жинца лъагIел балелдего гьачагъаз чIван, бесдаллъиялъул кьогIлъи лъимерлъудаго лъарав, гьелъ ракI бекизабун гIолев ХIабибида гьитIинго бичIчIана гIумруялъул магIнаги, жиндир букIинесеб цохIо



**ХIабиб эбелгун ва вацалгун**

жиндирго хIаракаталда бараб бугеблъиги. ГIаммаб ишалъе гIоло гIетI тIун хIалтIарав, хIажаталъуб чиясе квербакъизе хIадурав инсудасанго ирсалъе щванин абизе бегъула гьесие, сундухъго балагьичIого, къеркьезе таваккалги къуватги.

ГьитIинго загьирлъана ХIабибилъ кьурдизеги, кучIдул рикIкIинеги, батIи-батIиял хIаял гьаризеги махщел. Гьев байбихьул классаздасанго гIахьаллъулаан школалдаги росдал клубалдаги тIоритIулел рохалил дандеруссиназда. Амма гIумруялъе гьеб махщел тIаса бищизе бицинегIанасеб анищ ХIабибил букIинчIо.

– Анищ гьабуниги, гьеб дида кколаан, дун вахине рес гьечIеб, кIудияб борхалъи бугилан, – абун ракIалде щвезабула гьанже ХI.ХIажиевас.

– Лъимерлъуда дие разведчиклъун вахъине бокьун букIана. КIудияв гIунагIан, гьебги дир иш гуреблъи бичIчIана. Хадуб хIисаб гьабуна, инсанасе бищунго чара гьечIеб бечелъиги сахлъи бугин, тохтурасул махщел тIаса бищун лъикIилан.

Гьеле гьеб анищалъ вачана ХIабиб, Кьорош росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадуб, цо лъагIелалъ колхозалдаги хIалтIун, МахIачхъалаялде Дагъмединституталде лъугьине экзаменал кьезе. Гьениб битI ккечIо. ХIалтIизе лъугьана ччугIил консервал гьарулеб заводалде. Гьенибги бихьичIого хутIичIо гIолиласулъ гьитIинго бижараб кьурдизеги, кучIдул рикIкIинеги, сценаялда батIи-батIиял хIаял гьаризеги бугеб махщел. ГIахьаллъулаан ХIабиб заводалда гьарулел киналго рохалил дандеруссиназда.

Доб букIана гьанжего гьанже «Лезгинка» кьурдул ансамбль гIуцIулеб заман. МахIачхъалаялъул ччугIихьабазул клубалде ракIарун рукIана шагьаралъул киналго бакIаздаса кьурдизе махщел бугел гIолилал. Ансамблялъул нухмалъулев Танхо ГIизраиловас тIаса рищана кIигоял – ХIабибги цо ясги. 1960 соналда Москваялда тIобитIараб Дагъистаналъул маданияталъул декадаялда ХIажиев гьоркьов вукIана «Лезгинкаялъ»



**ХIабиб хъизан - лъималгун**

бихьизабураб цо кьурдиялда. Гьениса нахъвуссиндал щулалъана ХIабибилъ къисмат унго-унголъунги искусствоялда бухьинабизе нигат. Гьеб заманалда рагIана ХIажиевасда Тбилисиялъул Ш.Руставелил цIаралда бугеб театралияб институталде цIализе магIарулазул къукъа хIадур гьабулеб бугилан. ХIукму гьабуна хIалбихьизе. Гьенив къабул гьариялъул комиссиялда гьоркьов вукIарав Т.ГIизраиловас ХIабибида абуна, щуго соналъ институталда цIаличIониги, жинца мун «Лезгинкаялде» восилин, жидехъе хIалтIизе вачIаян. Амма институт лъугIичIого щолеб хIалтIудаса, тIадегIанаб лъай щвеялъул бугеб тIокIлъи бичIчIуларев чи вукIинчIо ХIажиев. РакIалда букIаралдаса гIемерго лъикI экзаменалги кьун, цIализе лъугьана театралияб институталде. Гьениса босана ХIабибица жиндир гIумруялъеги махщел камиллъизабиялъеги хIажатабщинаб. Институталда гьесда цадахъ рукIана магIарулазул анцIго васги микьго ясги. Цоги гIиси-бикъинал церерахъиназул бицинчIониги, кIиго кIудияб спектакль лъуна магIарул гIолилаз институталда цIалулеб заманалда.

ХIалбихьи бугел гIалимзабазул дарсалги росун, Тбилисиялъул батIи-батIиял театразда хIалел машгьурал актеразул махщалил хасияталги лъазарун вачIана гIолохъанав артист доб заманалда Буйнакскиялда букIараб Авар театралде хIалтIизе. Гьобол гIадин гурев, гьитIинав вац гIадин къабул гьавуна гьев нилъер театралъул коллективалъ. Гьадин ракIалде щвезарулел руго Россиялъул халкъияв артист МахIмуд ГIабдулхаликъовас жиндирго «Дир театр» абураб тIехьалда ХIабиб ХIажиевас Авар театралъул сценаялда тIамурал тIоцересел галаби:

«...Институталда цIалулаго хIадурараб дипломалъулаб спектаклалда ХIабиб тIоцеве магIарулазда вихьана «Испаниялъул кашиш» абураб спектаклалда адвокат Бартолулал образалда.

ГIолохъанав актерасул цеве вахъиналъ балагьулезул пикраби руссинаруна психологиялъул гъваридаб образалъул хIаялде. Бицунеб каламги, чорхол вагъа-вакариги артистас жиндирго героясде дандеккезабун гIуцIун букIана.



**Расулги ХIабибги**

КватIичIого ХI.ХIажиевасе рес щвана Р.ХIамзатовасул «МагIарулалда» ГIусманил образалда цеве вахъине. Гьеб захIматаб, рокьукъаб образ гIуцIизе гIолохъанав артистасе бигьаяб жо букIинчIо. ХIабибица абуни, захIматалда тIад гIуцIана ГIусманил образ. Гьесул ГIусман вукIана гIамал кIудияв, чIухIарав, живго жиндиего гIурав, гIамал мекъаб гIорцIен гIадав гьагули. ГIусманилъ артистас сокIкIарал хасиятазда балагьаразул хIал хьолеб букIана.

«Малла Насрудин» спектаклалда ХIабиб цеве вахъана гIакълуялъул мукъсанлъи жиндилъ бугев, гьекъолдухъан Хасайил образалда. Гьеб спектаклалъул режиссерлъунги Малла Насрудинил аслияб ролалдаги дунго вукIиндал, дида лъикI лъала ХIабибилъ «Хасайил» образ бижун бачIараб куц. ХIабибил Хасайилъ данде гьабун букIана магIарул гIолиласда рекъоларебщинаб гIамал-хасият. ГIантлъиялъулги, цIекIлъиялъулги, цIукIалъиялъулги вуцун гьавун вукIана артистас Хасай. Гьусун багъулеб гьведа релълъинавун вукIана гьес гьев. Гьеб рахъалъ артист витIаравги вукIана.

Гьес хIана Мустай Каримил «МоцI ккураб сордоялда» Акигетилги ва цогидалги образалги. Амма цо тIекъабги гьабуна артистас, ракIалдаго гьечIого театр рехун тей. Къисматгун къеркьон нилъ бажаруларо. Аллагьас гьедин хъван букIун батила…»

У, битIараб буго, къисматгун къеркьон нилъ бергьунаро. БитIун жиндир махщалида гъорлъ восараб, ракI–ракIалъ хIалтIуде тIаделъараб заманалда рехун тезе ккана ХIажиевас сцена. ГьитIинго букIараб шекъералъул унти цIикIкIиналъ, театралда хIалтIизе бегьуларин абуна ХIабибида тохтурзабаз. Доб мехалда Авартеатралъул директорлъун вукIарав МухIамад Батировас, сахлъидал тIадвуссине виччалев вугин абун гурони, гьесул гIарза къабул гьабичIо. ХIакъикъаталдаги бокьун букIинчIо театралъул директорасе гIун вачIунев, махщел бугев, лъикIаб букIинеселде хьул лъезабулев актер нахъе виччазе.



**ХIабибги Шагъавги**

Лъаларо, живго ХIабибиеги театралъеги гьев актерлъун хутIараванийищ, яги тIадеги гIумруялъул хIалбихьиги босун директорлъун вачIинищ лъикIали. Амма лъалеб жо буго, актерлъун хутIараваниги рагIилаан гьев магIарулазда, рехселаан лъикIаздасан лъикIал артистазда гъорлъ, щвелаан гьесие мустахIикъал цIаралги. Директорлъун вукIиналъги ХIажиевасдасан театралъе гIезегIан кIудияб пайда ккараблъи лъалеб жо буго. ГIенеккилин нахъеги МахIмудица жиндирго добго «Дир театралда» бицунелъухъ:
«…Ана гьоркьор сонал… ХIабибидаги ругьунаб театр рехун тезе кIвечIо. Москваялда кадраби хIадур гьарулел лъагIалил курсалги лъугIизарун, гьев гьаб нухалда театралъул директорлъун вачIана. Гьев вуго дир анцIила лъабабилев директор. Гьесда цере рукIараз бищун цIикIкIараб лъаб-лъаб, species ункъ-ункъ сон гурони бачIо гьеб хIалтIуда. ХIабиб абуни, анцIила щуго соналъ хисичIого хIалтIулев вуго нижер директорлъун. (Гьаниб цо хIужа мухIкан гьабилин. МахIмудица тIехь къватIибе биччан букIана 1996 соналда. Гьелдаса хадубги 2009 соналде щвезегIан бетIерлъи гьабуна ХI.ХIажиевас Авартеатралъе. Гьединлъидал, гIаммаб къагIидаялъ 27 соналъ вукIана гьев театралъул директорлъун. М.П.).

Артистазул кIудияб талихI ккана гьезул захIмат бихьарав ва гьеб бичIчIулев руководитель бетIерлъуда вукIин. Директорасул бажариялда бараб буго театралъул «гьумер», гьелъул экономика, артистазул рукIа-рахъин рукIалиде ккезаби. Гьесда бараб буго транспортги сценаялъе къваригIунебщинаб къайи-цIа букIинабиги. Директорасухълъидалха букIунеб театралъул хазинадул кIул. Гьеб рахъалъги, рагьараб ракIалъул, хIажалъи ккаралъуве кумекалъе кIанцIулев ХIабиб цIакъ сахаватав чи вуго».

М.ГIабдулхаликъовасул гьел рагIабаз гIемераб жоялъул бицуна. Театралда жанив гIурав кIудияв артистасда гIадин гьениб букIараб жанисеб ахIвал-хIал лъидаха лъалеб.



**ХIабибги ГIабдула Дагановги**

Цоги бокьараб бакIалде дандеккун, творчествоялъул гIадамазе нухмалъи гьабизе захIмат букIуна. Цо ургъичIого борчIараб рагIуцагицин ракIал лъукъула гьезул. Сабруги, гIакъиллъиги, хIалбихьиги цадахъ гьечIони, творчествоялъул гIадамазе бетIерлъи гьаби, гьев чияс жиндиегоги коллективалъеги гIазаблъун лъугьинабула. Гьелдаго цадахъ гьев чиясул букIине ккола гьеб махщалиде данде кколеб, гьеб махщалилал ричIчIизе гIураб гIелму-лъайги. Гьеб кинабго кидаго ХIабибилъ букIана, жибго гIумруялъ кьураб, къисматалъул сухъмахъазда дагь-дагькkун данде босараб.

Театр тезе ккараб мехалдаги, ХIажиевас батIияб ишалде вуссине, цоги махщел тIаса бищизе анищ гьабичIо. Маданияталъе вижарав чи, кив вугониги гьелъул мухъилъ вукIине кколин хIукму гьабуна. Жинца гьабулебги бичIчIулеб, жинца абулебги цогияз гIадахъ босулеб даражаялда, лъикIаб къадру-къиматалда гIуцIизе кIвана гьесда культураялъулгун искусствоялъул хIалтIуда жиндирго инсанлъиялъулги, бажари-лъаялъулги, хIаракатчилъиялъулги къисмат.

Гьев хIалтIана Культураялъул министерствоялда методкабинеталдаги, Халкъияб творчествоялъул рокъов кIудияв методистлъунги. Цадахъго вукIана культураялъул хIалтIухъабазул комсомолорганизациялъул секретарлъунги.

Гьел соназда загьирлъана ХIабибилъ гIуцIарухъанлъиялъул махщел. Гьеб бихьичIого хутIичIо ВЛКСМалъул обкомалдаги. Гьесул хIалтIудехун бугеб ракI унтараб бербалагьиги, жигар-жанги, гIолохъанлъиялъул шавкъги бихьун, гьез ХIажиев жидехъего хIалтIизе вачана ва тIамуна комсомолалъул обкомалъул культураялъул секторалъул заведующийлъун, хадубги, отделалъул заведующиясул заместительлъун. Гьениб араб анцIго соналда жаниб ХIабибил хIаракаталдалъун республикаялда тIоритIана гIемерал кIвар бугел

маданияталъул тадбирал. Гьез кIочонареб лъалкI тана ХIажиевасул рекIелъ ва хадубккунисеб хIаракатчилъиялъе хIалбихьилъунги ратана гьел.

Доб заманалда Дагъистаналъул Культураялъул министерствоялъги творческиял союзазги районаздагун шагьаразда гIолилазда гьоркьор гьарулел адабияталъулгун маданияталъул тадбиразул цевехъанлъун вукIана ХIабиб ХIажиев. Гьесул нухмалъиялдалъун Культураялъул министерствоялъги комсомолалъул обкомалъги МахIачхъалаялда тIоцебе тIобитIана фольклоралъул байрам. Гьединго тIоцебе гIуцIана ансадерил, гьоцIдерил, кубачиязул, бархъалисезул, табасараназул махщелчагIи гIахьаллъараб халкъияб махщелчилъиялъул халгьаби. Гьединал хадубккунги халкъалда ракIалда хутIарал тадбирал гIемер гьаруна ХIабибица. Гьединлъидалин, доб мехалда Дагъистаналъул культураялъул министрлъун вукIарав Дибир МухIамадовас гьесде абулеб букIараб гIолилазул культураялъул министрилан.

ХIажиевасул хIалтIуе лъикIаб къимат кьун букIана ВЛКСМалъул ЦКаялдаса рачIарал жавабиял хIалтIухъабаз ва гьесул хIалбихьи улкаялъул цоги бокIназдаги тIибитIизабизе лъикIаблъун бихьизабунги букIана.

Хадубккун Дагъфилармониялъул директорлъун хIалтIулагоги ХIабибица кьучIдасанго хисизабуна гьеб идараялъулги ахIвал-хIал. Коллективалъул хIаракатчилъи гьес буссинабуна Дагъистаналъул халкъазул кечI-бакъан, кьурдаби чIаго гьариялде, цебесебги цIунун, цIиябги батун, хIалтIи гIуцIиялде. Филармониялда гIуцIана чанго цIияб ансамбльги.

Доб букIана, жинца нухмалъи гьабулеб идараялда, нухмалъулесул кинабгIаги гIайиб гьечIониги, талихI къосараб иш ккани, гьесие тамихI гьабулеб заман. Гьедин, нагагьаб балагьалдалъун 1976 соналда артистазе къварилъи ккедал, гIайибго гьечIониги, ХIабибицаги къолъикI гьабизе ккана филармониялъулгун. Хадуб кIиго соналъ Авар театралъул директорасул заместительлъунги хIалтIун, ХIажиев витIула Москваялде Театралияб институталъул лъагIалил курсазде цIализе. Гьениса тIадвуссиндал, дагьабго мехалъ Халкъияб творчествоялъул рукъалъул директорасул заместительлъунги хIалтIун, вачIана жинцаго махщалил нух байбихьараб Авар театралде директорлъун.

ХIабибида бихьана театралияб гIумруялъул кIиго батIияб заман: доб театралъулги творчествоялъул гIадамазулги къадру-къимат бугебги, пачалихъалъ квер хьвагIун театр тарабги. Заман захIматаб бугилан чIечIого, гьес хIаракат бахъана театралъул коллективалъулги театр бокьулезулги бухьен цIунизе. Цебего гIадин лъолаан лъагIалие щу-щу, анлъ-анлъ спектаклалги, хIаракат бахъулаан магIарухъе сапарал гьаризеги. ЛъикIаб ремонт гьабуна театралъул минаялъеги. Гьелдаго цадахъ, магIарулазул театралде рокьи сунгутIиялъе, гIадамазул гьенире рачIине гьира базабиялъе ургъана батIи-батIиял табиралги. ХIабибил хIаракаталдалъун тIоритIана Даку Асадулаев ва гьесул вас МухIамад, гьединго ЧIарадаса кочIохъан ХIамдула ГIабдулаев ракIалде щвезавиялъул тIамур хьван кечI ахIулезул конкурсал, магIарул бакъназул устарзабазул халгьаби ва гIемерал цогидалги гьединалго тадбирал. Киналго рехсон бажариларо. Гьес Авар театралда цебе гIуцIана бокьараб мехалда, бокьараб бакIалда цебе бахъине бажарулеб



**“Испаниялъул кашиш” спектаклалда Барболусыл ролалда**

кочIохъабазул къукъаги. ЧIарада районалъул жамгIияб гIуцIиялъул цевехъанлъун вугеб заманалда гьаруна ГIумархIажи Шахтаманов ва Къарахъа МухIамадтIагьир ракIалде щвезариялъул, гьединго, Шагьав ГIабдурахIмановасул ва ХIурия Кантуловалъул творчествоялъул сардал.

ГIумруялъул битIахъе 70 сон тIубараб къоялъ, 2009 соналъул 5 маялда ХIабиб ХIажиев ана Культураялъул министралъухъе хIалтIудаса гIодов чIезе бокьун бугилан гIарзаги босун. Доб заманалда министрлъун йикIарай Зумруд Сулеймановалъ гьесул гьари нахъчIвана, мун жеги гIураб жигар-жаналда вугин, хIалтIудаса нахъе ине гIедегIугейин. Амма ХIабиб жиндирабго ккун чIана. Гьеб мехалда министралъ гьесда абуна, мун театралъеги жидееги жеги хIажат вугилан, директорлъун бокьичIони, гьесул заместительлъун хIалтIичIого бегьиларилан. Рес щиб, разилъизе ккана.

ХIакъикъаталдаги, ХIабибил хIалбихьи Авар театралъе жакъаги хIажат буго. Гьеб бихьулебги буго.

ХI.ХIажиевасул захIматалдаги хIаракаталдаги рекъараб хIурмат пачалихъалъги гьабунин абизе бегьула гьесул. Кив вугониги, кив хIалтIаниги гьесул бажариги жигарги бихьичIого хутIичIо тIадехун ругезда.

ХIабиб вуго Дагъистаналъулги Россиялъулги культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан. Гьесие кьун руго ДАССРалъул Верховный Советалъул, ВЛКСМалъул ЦКялъул, Россиялъулги Дагъистаналъулги Культураялъул министерствабазул ва гIемерал цогидалги идарабазул ХIурматалъул грамотаби, «Комсомолалда хIаракатаб хIалтIуе гIоло» абураб ВЛКСМалъул ЦКялъул каранда балеб гIаламат. Къогониги соналъ гьев вукIана Дагъистаналъул Культураялъул министерствоялъулги ДРялъул Театралиял хIаракатчагIазул союзалъулги коллегиялъул членлъун. Вищун вукIана МахIачхъала шагьаралъул депутатлъунги, гIахьаллъи гьабуна партиялъул Дагъистаналъул обкомалъул конференциялдаги.

Аби буго, рокъоб ахIвал-хIал роцIараб бугони, къватIибги хIалтIи данде билълъунилан. Жал лъалелщиназ адаб-хIурмат гьабулеб, цоцалъ ракIал журараб, мисалияб хъизан буго ХIабибил. Гьесги гьесул гIумруялъул гьудул Бурлиятицаги лъикIаб тарбия-лъайги кьун, жидерго гIумру гьабиялъул мисалалда гIезавуна кIиявго васги – Мурадги ХIажиги. Дагъистаналъул политехникияб институтги лъугIизабун, Мурад гIезегIан соназ хIалтIана Дагъистаналъул Культураялъул министерствоялда. Гьанже гьев ккола

гьенив министрасул заместитель. ГьитIинав вас ХIажицаги лъугIизабуна гьебго институт. ГьабсагIат гьев хIалтIулев вуго ДРялъул ХIисабалъулаб палатаялда. Бурлият лъикIалан соназ хIалтIана политехникияб институталъул библиотекаялда. Гьанже гьей йиго Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъул миллияб библиотекаялда.

Бицина гьеб киналъулго, Авар театралда ХIабиб ХIажиевасулункъого сонилаб байрам гьабулеб къоялъ, гьесул гьудул-гьалмагъзабазги, цадахъ хIалтIаразги, хIакимзабазги гьесул росу-ракь цоязги. Рехсела гьесул гIумруялдаса мисалал, къисматалда ккарал лъугьа-бахъинал, Дагъистаналъул маданият цебетIезабиялъе гьес гьарурал хIалтIабаздасан хIужаби. Бицина гьесул гIаданлъиялъул, гIадамасул мурад тIубазе щвей борчлъун рикIкIунеб гьесул хасияталъул, кьураб рагIи тIубазабизе гьесул бугеб таваккалалъул. Бищунго аслияб, рарал соназулги, гьарурал ишазулги борхалъудасан балагьидал, живго ХIабиб жиндирго къисматалдаса рази вуго. ЦIидасан гIумру гьабизе рес кьуниги, батIияб тIаса бищилароанин абула гьес. Гьеб буго инсанасул унго-унгояб талихI.

Ахиралдаги ракIалде щвезарилин, ХIабибил хIакъалъулъ бицен ккедал, цо гара-чIвариялда Расул ХIамзатовас абун рукIарал рагIаби: «Дун хIадурав вуго хIажалъи ккани, бокьараб мехалъ, бокьараб бакIалде, жеги космосалдегицин ХIабибгун цадахъ сапаралъ ине».

КIудияв шагIирасул чанго рагIиялда жанибгицин кIудияб магIна букIунаан.

***МухIамад ПАТАХIОВ***



# ТАРИХАЛЪУЛ ТIАНЧАЛ

## УНСОКОЛОСА НУРМУХIАМАД-ДИБИР ВА ГЬЕСУЛ ШИГIРУ

Цебе заманалда нилъерго тарих нилъерго рахьдал мацIалда хъван толеб къагIида букIинчIеб нилъер халкъалъе хасиятаблъун батана тарихияб ирс цоцахъе кьеялъе ва нахъе цIуниялъе кучIдул ва халкъияб кIалзул гьунаралъул цоги асарал хIалтIизари. Щибаб гьединаб асар нилъее цIакъ къиматаб рухIияб хазиналъунги ккола. ЦIакъго къимат тIадегIаналлъун лъугьуна, гьезда гьоркьорги къанагIатго жал дандчIвалел, хъвавул асарал. Тарихалда хурхараб гьединаб къанагIатаб хъвавул асар кодобе щвей щибаб нухалда лъугьуна гIелмуялъе кIвар бугеб лъугьа–бахъинлъун.

Унсоколо росдал тарих лъазабиялъул хIаракатчи ГIабдулхIалимил ГIабдулагьица хъван тараб тарихияб тIехь батанин бицана араб гIасруялъул 90-абилел саназда. Гьелде мугъчIвайги гьабун хъварал баяналги бакIалги руго журналист ва хъвадарухъан СагIадулаев МухIамадил тIехьалдаги тарихчи Ибрагьимов ХIажил тIехьалдаги. ГIабдулагьил жиндирго цIаралда, гьес хъвараб куцалда, хисизабичIого бахъизе мустахIикъаб бугин гьеб тIехьилан дица цебеги хъван букIана. Гьанжеги гьебго пикруялда вуго. Лъица бугониги бахчун тезе хъван букIун батиларо гьес жиндирго тIехь. Гьеб гуро макъалаялъул суал. Гьединал цересел тIахьазулги гьезул авторазулги бугеб кIваралъул гIемер бицине ккеларо.

Гьаниб бицунеб буго гьеб тIехьалдаса гIицIго цо кечIалъул. ГIабдулхIалимил ГIабдулагьица нахъе тараб тIехьалда батараб, Унсоколоса НурмухIамад-дибирасул шигIру басмаялда бахъана тIоцебе Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталда, цинги М. СагIадулаевасул «Ансадерил сверабазда» тIехьалдаги. Кьуна авторасул хIакъалъулъ баяналги. МухIамадица гьелде абулеб буго туркийилан. Хадубги чанцIулго бахъана гьеб басмаялда, гIурус мацIалдеги буссинабуна. Байбихьудасанго НурмухIамад-дибирасул хIакъалъулъ кьурал баяназ ва кечI XIX гIасруялъул ахиралда хъварабин абиялъ асаралъул кIварги бакIги бихьичIого ва. мустахIикъаб цIех-рехги гьабичIого хутIана.

Имамзабазул тарих лъазабулаго, нижеда бичIчIана НурмухIамад–дибирасулги гьесул асаралъулги хIакъалъулъ ругел баянал битIарал гьечIеллъи. Гьелдаго цадахъ ресги ккана шигIруялда сверухъ рижарал суалазе жавабал ратизе. НурмухIамадил хIакъалъулъ баяназулги гьесул асаралъулги, тIоцебесеб иргаялда, кIвар буго бакIалъулаб тарих лъазабиялъе. Тарихалда жаниб суал рукIалиде ккедал, рагьун бачIуна адабияталда гьеб кечIалъул бакIги кIварги. Тарихалда борцинчIого, суал роцIцIине ресги гьечIо. Гьединлъидал, кьезин гьеб хъварав авторасул хIакъалъулъги тарихияб баян.

Машгьурав гIалимчи Унсоколоса НурмухIамад-дибир гьавураб заман XVIII гIасруялъул ахиралде, ункъоабилел соназде кколеб буго. Шамил имамасеги дарсал цIаларав мударислъунги вукIанин абула гьев. Ансадерица гьесдеги ШагIбанилавинги абулаан. ШагIбанилав абураб тIокIцIаралда гьоркь рехсолев, машгьурав, дибирлъи гьабурав лъабго батIияв гIалимчи загьирав

вуго Унсоколо. Гьел лъабалго руго цого тухумалдаса, гIалимзабазул машгьураб ШагIбанилазул наслуялъул (династия) вакилзаби.

Тарихиял биценазда ва хIужабазда борцун, гьел лъабаздаго гьоркьовги бищунго цевесевлъун, ай ригьалъе кIудиявлъун кколев вуго НурмухIамад-дибир. Гьес цIализавунин абула, жив Шамил имамасул мударислъун рехсолев, ансадерил гIалимчи ШагIбан-къадиги. Гьединлъидал, КIудияв ШагIбанилавин абизе бегьула гIицIго НурмухIамад-дибирасде, ШагIбан-къадиде гьедин аби мекъаблъунги бихьула.

Имам ГъазимухIамадил бищунго цересел кумекчагIаздаса цояв вукIана цIар рагIарав гIалимчи ва ансадерил росдал бетIер ГIалисултан. Гьев цевехъан чIаго вугевгIан мехалда ансадерил жамагIатги, букъараб зар гIадин, имамасда нахъа букIана. НурмухIамад вукIана гьеб заманалдего росдал дибирлъун. Жанисан гьабулеб хIалтIул хIасилалда, бакIалъулал ханзабазул кумекалдалъун, хасго шамхал Сулайманил хIаракаталдалъун, гьев имамасдаса рикIкIалъизе лъугьана. Гьединго лъугьана, гьеб заманалда Игьали росдал дибирлъун вукIарав ШагIбан-къадиги. ХIамзат имамасул заманалда байбихьана гьез шаригIаталда ва гъазаваталда данде рагьараб рагъ базе. Шамилил имамлъиялъул авалалда гьеб дандечIей жеги хIалуцана. ГIашилтIе Шамил гочиналъе гIиллалъун, цо къадаралда, гьеб дандечIеялъул тадбиралги ккана.

ГIашилтIа Шамилица хIаракат байбихьулаго, бакIалъулал къуватазул кумекалдалъун имамасде данде гьабулеб къеркьей жеги кутаклъизабуна дандияз. Гьеб къеркьеялъул бетIерлъуда рукIана ансадерил кIиявго цIар рагIарав гIалимчи, кIиявго Шамилил мударис, кIиябго хьиндалазул кIудияб росдал дибир. Ансадерил квераздалъун, тохлъукьего Шамил чIвазе къасдги гьабулеб букIана дандияз. Берцинаб хабаралъги маслахIаталъги гьеб дандечIей лъугIулареблъи бичIчIарав имамас ахирги жигараб рагъ базе лъугьана бакIалъулал мунапикъазда данде.

Имамасда цебечIараб кIудияб масъалалъун букIана Унсоколо росу жиндего буссинаби, гурони, гьесие щибниги гьабизе санагIат хутIулеб букIинчIо. Рес букIинчIо ансадерида данде рагьулаб къуват хIалтIизабичIого. Рагъул бахIарзаз цIар рагIараб Унсоколо росо, яргъил кумекалдалъун мутIигI гьаби бигьаяб масъала букIинчIо. Цин цебе хьиндалазулги бакълъулазулги цо-цо росабиги шаргIалде руссинарун, жиндаго нахъа гIураб къуватги букIинабун, лъугьана имам I836 соналда гьеб тIубаялде гьорлъе. Чанго азарго гъазичигун щвана гьев Унсоколове ва, шаригIаталде рачIин гуреб, тIокIаб щибго гьездаса тIалаб гьабулеб букIинчо.

Ансадерие къабуллъичIо гьеб шартIиги. Гьел рагъуе къачIан чIана. Гьеб мехалда гъазизаби, кодор гIащтIалгун, ансадерил ахазда жанире лъугьана, ва лъазабуна, имамасул шартIалда разилъичIони, гьутIби къотIизе ругилан. Ансал разилъана, имамасул бо росдада жанибе бачIинчIого чIани, аманаталъе 10 чиги кьун, шаригIаталде руссине, амма гьелдаги иш лъугIичIо. Жиндирго азбаралда бугеб сиялдасан кьвагьдон, цо чияс ункъо гъазияв чIвана. Шамилил рагъухъабаз, росдаде гьужумги гьабун, гьев чиги чIвана, гьесул минаги бухIана, росоги кверде босана. Имамас гьенив наиблъун, цадахъго къадилъунги, тIамана Колоса Сурхай.

Гьедин ватIалъана НурмухIамад ансадерил дибирлъиялдаса. Имамасухъе щвезе чIечIого, росулъа лъутун анила гьев, амма гъазизабазухъе кквезе

щванила ва вачун вачIанила имасухъе. ЦIехолдун, тамихI гьабун, хIатта кIалъанцин, кIвар кьун гьечIо Шамилица гьесде, бокьаралъуве ине тейин абун буго. Ун вуго гьев рокъове виччан. Дибирлъиялдаса махIрумлъун вукIана, гьелдего имамасукьа лъутун ворчIарав ШагIбан-къадиги. Гьел лъугьа-бахъиналдаса хадуб тIубанго хисана магIарухъ ахIвал-хIал ва имамасул гьениб кверщел.

ГIодове виччан, пикру гьабунила НурмухIамадица кинабго цебехун ккаралъул. Шамил имамас, бетIер къотIичIого, живго нахъе виччан теялъ цIакъ гъваридаб асаралде ккезавунила гьев. БичIчIанила гьесда имамасдехун жиндицаго мекъаб гьоркьоблъи гьабулеб букIараблъи. Гьабунила тавбу. Вуссанила шаригIаталде. РакIалде кканила гъазизабазул мухъилъе лъугьине. Дагьабго заманалдасан гьесул пикру кканила Шамил тIасалъугьинавизе ине. Унгейин, цебе араб кIочене тейин, имамасул цIидасан ццин багъаризабугейин, дуцаго тамихI тIаде цIагейин гаргадулел гIагарлъиялъухъги гIенеккичIого, НурмухIамад щванила ГIашилтIе. ГIицIго Аллагьасде мугъчIвайги гьабун, кIалъанила гьев имамгун ва гьаранила ракI-ракIалъ жинда тIасалъугьаян. Шамил цIакъ воханила гьев вачIиналдаса, тIад калам гьабичIого, тIубанила гьесул мурад, ва кIудияб адабалда гьабунила гьесие гьоболлъи. Гьеб къоялдаса нахъе Шамилил гъазизабазул кьерилавлъун вукIанила Унсоколоса ШагIбанилав НурмухIамад.

Хадусеб 1837 соналъул риидалил авалалда гIурусаз аскариял ритIана ТIелекь росу сверун ккезе. Гьединлъидал, Шамил гьениве гIедегIана. ХIинкъи букIана гьебго заманалда Хьиндаллъиялда, хасго, гьеб заманалда имамасул тахшагьарлъун букIараб ГIашилтIа росдада дандияз кьаби щвезабиялдаги. ЦIодорлъи гьабун, гьенирги имамас тун рукIана наибзаби Колоса Сурхай ва Хунзахъа Хириясул ГIалибег, гьезие кумекалъе рахьаян цоги церехъабаздаги лъазабун букIана. Гьеб рахъалде кьаби щвезабиялдасан байбихьана генерал Фезица магIарухъе гьабулеб жиндирго сапар.

Цин Фезица хIалбихьана Унсоколове гIагарлъизе. Цинги, наибги ансалги росу цIунизе хIадурго ратун, генерал ГIашилтIехун ине лъугьана. Гьесул пикру бичIчIарав Сурхай наибас гъазизаби, гьесдаса цере ккезе, хехаб куцалда ГIашилтIе рачана. Сурхайил гьалмагъзабазда гьоркьов гъазаваталде вахъун вукIана НурмухIамадги.

ГIашилтIа ккана кор боркьараб рагъ. Имамасул тахшагьар цIунун, цогиязда цадахъ бахIарчиго вагъана ансадерил вукIарав дибирги. Сурхай наиб гьенив захIматго лъукъана. Росу дандияз бахъана, рахана гьел АхIулгохIтIеги, амма лъутун рорчIарал гъазизабаздаги, руччабаздаги, лъималаздаги хадур ЧIиркъатIехун инчIо. ГIурусал тIадруссана Унсоколоре. Сурхай наиб лъукъун вукIиналдаса пайдаги босун, ансадерил мунапикъзабаз росу гIурусазухъе кьуна. Ансадерил къадилъун гьез тIамана гIалимчи Беццав ГIалилав, росдал бетIерлъуде тIадвуссана, цевеги гьенивго вукIарав Къебед-ХIажияв.

Унсоколоса НурмухIамад-дибирги, гIещдерил дибир МухIамагъазиги, гIемерал цогиялги гIурусаз асир гьаруна ва рачун ана. Анлъго соналъ хутIана НурмухIамад асирлъуда. МагIарухъ рукIарал гIурусазул хъулби ва щулалъаби Шамил имамас, цо хутIичIого, рахъана 1843 соналда. ГIемерал гIурус офицерзабигун солдатал асир гьаруна. Гьелдаса хадуб рес щвана, дандиязухъ асирлъуда ва гъоркьлъалида рукIарал магIарулал нахъе хисизе.

Гьедин, 1844 соналда вуссана рокъове ансадерил машгьурав гIалимчи ШагIбанилав НурмухIамад.

Гьев тIадвуссунеб заманалдаги гьелдаса хадубги ансадерил жамагIат тIубанго имамасда хадур рукIана. Херлъиялде варав НурмухIамад-дибирги, кьуричIого, гIумру ахаде щвезегIан, Шамилие ритIухъав гьалмагълъун хутIана. Цебегоялдаса нахъе ансадерие дибирлъи гьабулеб букIинчIониги, гьесул цIаралда цадахъ абадиялъего цIунун хутIана «дибир» абураб тIадежубайги.

НурмухIамадица хъвараб ва басмаялда бахъараб шигIрияб асар буго цо гьеб кечI. Цоги гьединал асарал гьесул рукIарищали лъалеб гьечIо. Нилъехъе цого-цо щвараб шигIруялъги рес кьолеб буго авторасулги ансадерил тарихалъулги хIакъалъулъ баянал, цо къадаралда, мухIкан гьаризе. Гьелда бицен гьабулеб буго гIицIго хIакъикъиял багьадурзабазул ва рехсолел руго хIакъикъиял тарихиял баянал. Гъазаваталъул шигIрабазда гьоркьоб хасаб бакI кколеб асарлъун буго гьеб кеч1.

ШигIру гьанибги кьезин. Хадур кьолел баянал гьелдалъун бигьалъиялъе, ххатI хисиялдалъун лъабго бутIа гьабун, батIа бахъизе лъалеб куцалда кьолеб буго гьеб.

**Ансадерил васал – чIухIарал чукъби,**
**Чан бахIарчи арав чIегIер ракьалде,**
**Диналъухъ рухI кьурал, Шамил вокьарал,**
**Гьесул хьибил ккурал, хIинкъи лъаларел.**
**ГъазимухIамадил кваранаяб квер,**
**ТIагьир шагьидлъана гендерил кIкIалахъ.**
**Хвалил ругънал щварав Шамил имамги**
**Унсоколо гурищ сахлъизавурав?**
**ЛъикIав ругънал устар Шайихил ХIусен**
**Шамил сахлъизегIан гIодов вуссинчIо.**
**Эркенлъи хириял, ханлъи рихарал,**
**ЛъикIал бахIарзаца ярагъ борчана.**
**ТIолго хьиндалазул боял ракIарун,**
**Дов ГьоцIалъа ХIамзат имамлъунги тун,**
**Хунзахъе кIанцIана гьезул цо къокъа,**
**Ханзаби гъурана, нуцаби чIвана,**
**Магъало рехана халкъалдасаго,**
**ГIумахан, Нуцалхан, цинги дой Баху,**

**БутIрул къотIун рана Тобот лъарахъе,**
**Хунзахъ тIалъи босун, ТIалтIа байрахъ чIван,**
**ТIубана дур мурад, Беццав ГIалилав.**
**Хунзахъ мажгиталъуб рузман къоялда,**
**Балъгояб гьоркьчIелалъ ХIамзат чIван хадуб,**
**Гьеб захIмалъанщинал тIолго бахIарзал**
**Данделъун ургъана имам вищизе.**
**ГIарахъ мегIералъул цо нохъода чIун,**
**Шамилида цIарчIван, цIалана «АлхIам».**
**Цинги Шамилица, тIадеги вахъун,**
**ТIад чи кIалъалареб калам гьабуна,**

**Гьанив гIахьаллъарав лъеберго чияс,**
**АнцI-анцI чи валагьун, чабхъен гIуцIеян.**

**Лъабнусго чи гIурав гьеб чабхъеналъе**
**Нахъеги гьабуна гьадабго буйрухъ,**
**БахIарзал цIикIкIана, бо гIемерлъана,**
**Махщел бугелщинал цере рахъана,**
**Рагъуй къваригIунеб ярагъ гьабуна,**
**Цинги къватIир рахъун, къо ккун рагъана,**
**Дагъистаналъул халкъ данде ахIана,**
**ЗулмучагIазухъа ханлъи бахъана,**
**Ханзабазул мулкал кодор росана,**
**БацIцIадаб шаригIат хIалтIизабуна,**
**Гьелда дандечIарал чIухIухъабиги,**
**БутIрул къотIун, рана ракьул чохьонир.**
**Хъерендерил росулъ сардил гIужалда,**
**Бегсултанил ясал асир гьарурав,**
**Арутанил ГIалил гIеларищ гьунар,**
**Гьесда щварал ругънал дагьал рукIинчIо.**
**Къассирилав, ГIама, дов ГIусманилав,**
**ГIурусазулъ рагъун, гъазават щварал.**
**Ургъел, махщел тIокIав ЖабрагIил-хIажи,**
**ТIоцебе гIарада жинца гьабурав.**
**Гьесул гIарададул кутак бихьидал,**
**ГIи гIадин, тIурана гIурусазул бо.**
**КъанцIа МалахIума щунусил бетIер,**
**Гуржи-ЦIор бахъулеб рагъда чIван хвана.**
**Гьесул лебалав вац ВухIамагъази,**
**Хьаргаби вукъана къеркьохъабигун.**
**Жиндир кваранаб гъеж лъукъараб мехалъ,**
**КвегIаб кв ералъ босун, хвалчен хьвагIана,**
**ГIурусазул бода гъорлъеги жуван,**
**Гъазават тIубана багьадурасул.**
**Гьезул эбелалъул лъабабилев вас,**
**ВухIамил хоб буго ШишиликIалда,**
**Чабхъенгун Шураве унев вукIаго,**
**Нухда гъоркьчIел батун, туманкI щун, хвана.**

**Лъабавго бахIарчи гIезе гьавурай**
**Гьардарай гурейдай цо гьезул эбел?**
**Гаргадул МухIастан, Муса-ХIажияв,**
**Салдаталги гъурун, гъаза тIубарал.**
**Гъуниял МухIамад, дур хIал чIахъаяв,**
**ЧIвараб хIободагIан хIинкъи лъаларев,**
**ХIал квешал тушбаби тIаделъаниги,**
**Я хвалчен чучичIо, я чу свакачIо.**
**Къурманиласул вас ДибирвухIама**
**Байрахъчи вукIана муридзабазул,**

**СалтIа хъалаги ккун рагъулел мехалъ,**
**Асир гьаруна гьес чанги гIурусав.**

**Дов ХIажимурадил божарав гьудул**
**Валил ХъарахIума, хьергъу гIадав чи.**
**Шамил кверде унев захIматал къояз**
**ЯхI рехиларилан чIарав БербагIар**
**Алжаналъуб лъураб хIетIе бугилан,**
**МахIаби гурана, гужгат борхана,**
**«Жакъа хирияб къо, алжан щолеб къо,**
**Унге, имам, кверде капурзабахъе».**
**Хвалчен хъатикь ккуна, хьирим борчана,**
**Гали цебе тIамун хIадурго чIана.**
**Имамасул рагIухъ гIенеккизе ккун,**
**ГIащикъго хутIана хвалченги гьевги.**
**Шамилида цадахъ Маккаялде ун,**
**ХIеж-гIумраги тIубан тIад вуссана гьев.**
**Гьединал бахIарзал дагьлъидал гурищ,**
**Саригабуразул гуч цIикIкIун ккараб?**
**ХиянатчагIазул хIиллаялъ гурищ**
**Гьеб диналъул хIуби бекун рехараб?**
**БоцIуца гIорцIичIел гIачичахьаца,**
**ГIарцухъ бичун ана имамги динги.**
**Дин бичун босараб гьезул бечелъи,**
**Цо-цо багьана щун, пасалъун ана.**
**Шамилил хьибил ккун, диналъухъ рухI кьун,**
**Ракьалде араца алжан босана.**
**Нуж абадиялъго кIочене гьечIо**
**Гьаб халкъалда лъалел гьунараздалъун.**
**ГIалам хун аниги, цIар нахъе буго,**
**БахIарчилъи тIокIал гъазизабазул.**

Шамил имам гьавуралдаса 200 сон тIубаялъул тадбираздe хIадурлъулагоги гьездаса хадубги НурмухIамад-дибирасул шигIруялда рехсарал бахIарзал рикIкIине лъугьана имамзабазда цадахъ рукIарал киналго аслиял ансадерил гъазизабилъун. Гьеб басмаялда бахъараз ва баянал кьураз, шигIруялъеги гьелъул авторасеги бакI XIX гIасруялъул ахиралдег1ан бихьизеги гьабун, тIубанго батIияб даражаялде бачана гьеб асар.

Кавказалъул рагъдаса хадуб цIакъго загьираб тIуркIи щвана магIарул хъвавул адабият цебетIеялъе. Гьеб заманалда загьирлъана гIемерал махщел камилал магIарул пикручагIи, поэзиялда цадахъго бижун бачIана магIарул миллияб прозаги, тIадегIанаб даражаялда цебетIуна гIараб мацIалда магIарул автораз жидерго асарал хъваялъул ишги. НурмухIамадица гIадин, къанагIатго хъварал асарал нахъе тарал шагIирзаби гIасруялъул ахиралда гIемерал рукIана. Инхоса ГIалихIажияв, Генуса ХIасанилав-дибир гIадинал ва цоги махщел камилал гIалимзабаз магIарул хъвавул адабият цебетIезабураб заманалда букIарабин абулеб гьеб асаралде гIалимзабаз кIвар кьечIого хутIиялъе рес букIана.

ТIубан кьечIого тунги гьечIо гьелде кIвар. Машгьурав адабиятчи профессор ХIайбулаев Сиражудиница НурмухIамад-дибирасул шигIру лъун буго «Гъазаваталъул шигIраби» тIехьалда. Гьелдалъун гIелмияб сверуде жанибе бачун бугинги рикIкIине бегьила. ЦIаргицин кьун буго гьелъие, «Ансадерил бахIарзал» абун. Амма Сиражудиницаги гьеб лъун тун буго, тIоцебе росуцоязго лъураб куцалда, гIасруялъул ахиралда. Ансадерил «тарихчагIазул» баянал ва гьез басмаялда бахъараб кечI гурони, я ГIабдулхIалимил ГIабдулагьил хъвай-хъвагIай, я живго НурмухIамадил кечIалъул хIакъикъияб нусха бихьичIого, гIалимчияс гьеб батIияб бакIалда лъезе ресги букIинчIо. ГIицIго адабияталдасан борцани, тарихалде гъваридго раккичIони, гьеб кечIалъул хIакъикъияб бакI батун ва гьелъие къимат кьун бажариларо.

Лъабго бутIа лъугьунеб куцалда гьеб гьаниб кьуна хадусел гIиллабаздалъун. ГIадатияб хатIалъ кьабураб цебесеб бутIа рикIкIине бегьула жибго кечIлъун, ай хадусел бутIабазда хурхинчIеб асарлъун. Хадусеб, бегараб хатIалъ кьабураб бутIа цебесеб бутIаялдаса цIакъго батIияб буго ва гьениб, шигIруялъе хасиятаб гуреб куцалда, бицунеб буго цо бахIарчиясул тIубараб гIумруялъул. Ахирисеб, гIадатияб ххатIалъ кьабураб бутIаги авторасул батиялде шаклъи бижулеб, хIатта коммунистияб сиясаталде гьелъул хурхен загьирлъулеб буго. Щай гьединал пикраби рачIунелали хадуб лъикI бичIчIила цIалулесда.

ШигIруялда рехсарал киналго ансадерил бахIарзал кколел руго, «диналъ-ухъ рухI кьурал, Шамил вокьарал» гъазаваталъул шагьидаллъун. ГIицIго БербагIар кколаро шагьидазда гьорлъе, гьесул хIакъалъулъ буго шигIруялъул кIиабилеб бутIа. Гьел мухъал авторасул гурел, нахъа тIаде журарал рукIиналъул нижеца тIехьалда бицун букIана. Гьаниб гьеб такрар гьабиларо, амма авторасул гуреблъун гьеб бутIаги асаралъулъ рехсечIевлъун БербагIарги тела.

ЦохIо шагьидзаби рехсеялъул хIужаялъ бихьизабула, киналго ансадерил гъазизаби шигIруялда рехсон ругин аби мекъаб пикру букIин. Гъазизаби цIакъго гIемерал рукIана. Рехсон гьечIо киналго ансадерил шагьидалги. Гьелги рукIана чанги нухалъ цIикIкIун. Машгьурлъиялъухъ, гьунаралъухъ балагьунги рехсон гьечIо шагьидал. Масала, цIакъго машгьурав ГIалисулта-нил цIарцин гьечIо гьениб.

ШигIруялъулъ рехсарал цIаразги, бакIазги, лъугьа-бахъиназги бихьиза-булеб буго, Кавказалъул гъазаваталъул цебесеб I0 соналдаги ахирисеб I0 со-налдаги шагьидлъарал ансадерил бахIарзал гьенир рехсон гьечIеллъи. Гьенир руго гIицIго XIX гIасруялъул 40-абилел саназда шагьидлъарал багьадурзаби. Гьанибги, цо ТIагьир гьоркьоса вахьани, хIутIарал киналго шагьидлъун рихьула НурмухIамад-дибир асирлъудаса эркенлъун хадуб ва гьев живго хвелалде цебе заманалъул къотIелалда. Гьебги гIага-шагарго ункъо сониде бахине бегьула. Гьединлъидал, асаралъ рес кьолеб буго живго автор хварав заман гIага-шагарго чIезабизеги.

НурмухIамад-дибирас шигIруялда рехсолел руго гьеб къокъаб заманалда гIицIго жиндаго цересан шагьидлъарал гьалмагъзаби. ТIагьир гьединазда гьоркьове кколаро, гьев шагьидлъана автор асирлъуда вугев мехалдаго. Гьедин бугониги, авторас жиндирго асаралде гьорлъе вачун вуго гьев багьадур. Гьелъие гIилла бичIчIула нилъеда шигIруялъул авалалъе авторас хIалтIизабун бугеб хаслъиялдасан. Байбихьи авторас гIадатияб гуреб куцалда хурхинабулеб буго лъабавго имамасул цIаралда. Имамзабиги ансалги цоцада рухьинаризе

тIасарищун руго лъабго къадруяв, цIар бугев, гIелму машгьурав ва гьунар халкъалда ргIарав бахIарчи.

Лъабавго имамасул тарихалда хурхарал, цIакъго кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъинал ансадерил гьев лъабавго цIар рагIарав гIалимчиясул мисалалда бихьизабиялъулъ буго НурмухIамадил асаралъул хаслъи. Жалго хварал заманалда течIого, жиндирго рукIарал цIалдохъабазул лъикIаздасан лъикIаллъун кколев лъабго багьадурав гIалимчи тIасавищун вуго шагIирас кочIолъ ансадерил даража борхиялъе. Гьелдаго цадахъ, имам Шамилида аскIобги жидер къадру борхатго букIарал гIалимзаби ккола гьел лъабалго. Гьеб рахъ авторас хIисабалде босиялъги бихьизабулеб буго шигIру Кавказалъул рагъул заманалдаго хъвараб букIин.

ГъазимухIамадида аскIов НурмухIамадица рекъезавун вуго тIоцевесев имамасул дурц Унсоколоса Къарнаил ТIагьир. Гьев вукIана лъабавго имамасул божарав гьалмагълъун, Шамилида аскIов цIакъго гIагардисев ишцоявлъун, имамасул гIакълучилъун ва цевесев гьудуллъун. АхIулгохIдаса имам чIаго нахъе ворчIизавиялъул хIаракатчиги гьев вукIана. КIиабилеб нухалдаги хвасар гьавуна гьес Шамил I840 соналда Гендерил къварилъухъ ккараб рагъулъ, живгойин абуни, шагьидлъана имамасда речIчIулеб гуллие керенги кьун.

Имам ХIамзатил заманалда хурхинавун вуго НурмухIамадица Беццав ГIалилав. Гьев, гIалимчи гуревги, бахIарчияв болцевехъанлъунги вукIана ансадерил гIолохъабазе. ТIоцевесев кIиявго имамасда цадахъ жигараб гIахьаллъи гьабуна гьес гъазаваталда. Хасго жигараб гIахьаллъи гьесул букIана имам ХIамзатил заманалда хундерил нуцаби ГIуммаханги, Нуцалханги, гьезул эбел Баху бикаги чIваялда хурхарал лъугьа-бахъиназулъ. Шамилил заманалда, I837 соналда ансал гIурусазул рахъалде арал мехалда, генерал Фезица гьев тIамана росдал къадилъун. Хадув гьев милициялдеги лъугьана ва къеркьана имамасда данде. Шамилица I843 соналда Унсоколо бахъидал, лъутун ворчIана гьениса. Хадуб гьев, Беццав ГIалил вас, имамасул рахъалде вуссанилан абула, живгоги беццлъаниланги абула, ва авторасдаса цеве хун ватизе ккола.

ТIоцевесев имам шагьидлъарав бакIалда гIемерал ругънал щварав, захIматго лъукъарав, хвалдаги гIумруялдаги гьоркьов халатбахъун вукIарав Шамил, хадуб магIарулазе лъабабилев имамлъун вахъине, хвасар гьавулев Шайихил ХIусенги вихьизавун вуго НурмухIамадица. Гьев вуго Шамилие дару гьабурав аслияв тIабиб, машгьурав ансадерил даручи. ЛъикIав, камилав гIалимчи вукIанин абула ХIусен. Гьесул даруги кьун, гьесда дандбан, сахлъизегIан дурцасе хъулухъ гьабуна Шамилил вакьад ГIабдулгIазизица.

Гьединаб, гIадатияб гуреб къагIидаялда лъабавго имамасул цIар ансадерида бухьинабун гуреб, тIокIаб батIияб куцалда НурмухIамад-дибирас бицен гьабулеб гьечIо цебе аралъул ва цересел имамзабазул. Ансадерил бахIарзазул чIахIиял гьунарал гьорлъ рукIарал, цоги-цоги гвангъарал лъугьа–бахъиназеги бакI кьун гьечIо гьес жиндирго асаралда. Живго данде вукIарав замангицин гьорлъе бачун, гьес рецц–бакъ гьабулеб буго Шамилица имамлъи байбихьараб куцалъе. Дибирлъун вукIарав шагIирасул тавбуялъул щулалъиги бихьизабула гьеб къотIелалъ.

**«Цинги къватIир рахъун, къо ккун рагъана,**
**ДагъистаналъулхалкъданДе ахIана,**
**ЗулмучагIазухъа ханлъи бахъана,**

**Ханзабазул мулкал кодор росана,**
**БацIцIадаб шаригIат хIалтIизабуна,**
**Гьелда дандечIарал чIухIухъабиги,**

БутIрул къотIун, рана ракьул чохьонир», – ан, Дагъистаналъул жанисеб къеркьеялда имамасул бергьенлъиялда тIадчIейги гьабулаго, вачIунев вуго шагIир назмуялъул аслияб бутIаялде, имамасул гуч камиллъараб «гвангъарал бергьенлъабазул заманалде» *(Эпоха блистательных побед Шамиля).*

Хадуб гьес тартибалда рехсолел руго живго туснахъалдаса вуссаралдаса хадуб заманалда шагьидлъарал ва хварал гьалмагъзабазул цIаралги гьунаралги. Гьеб рехсеялда аслияб бакI кколеб ва ахир лъолеб буго Хьаргаби, СалтIа ва нахъеги Хьаргаби I847–I848 саназда ккарал рагъаз. ШигIруялда кьураб бахIарзазул «сияхI» лъугIулеб буго Валил «ХъарахIумида» (ХъарамухIамадида).

Гьел лъугьа-бахъиназдаса хадубги дагьал рукIинчIо ансадерида гьоркьор шагьидал. Рагъул ахирисеб анцIилъ рукIарал, ай «жиндаго лъалеб заманалъул» бахIарзазул бицун, Шамил имамасул дурц ва Гъазигъумекиса Жамалудин устарасул вас ГIабдурахIманица хъварал ракIалдещвеязулъ буго, щибаб кIудияб рагъулъ ансадерил гъазизабазулги чангоял шагьидлъиялъул баян. Гьезул цIаралги ккун гьечIо шигIруялде. БатIайиса абуни, гьел кколел гьечIо кочIол авторасул заманалъул шагьидаллъун. Гьединлъидал, НурмухIамад-дибир живгоги хун яги шагьидлъун вукIине ккола 40-абилел соназул ахиралдаго.

Гьеб хIужаялъ цоги нухалда бихьизабула, доб кIиабилеб бутIаялда ругел мухъал шигIруялде тIаде журарал рукIин. Гурони, рес гьечIо шагIирас, живго хун анцIго сон идал хъвазе: «Шамил кверде унев захIматал къояз

ЯхI рехиларилан чIарав БербагIар…» – абун. Гьединго къогоялдаса цIикIкIун сонидасан имамгун цадахъ гьес хIеж борхиялъулги хъвазе. БербагIарил гуро бицен. Гьесул хIакъалъулъги хъвазе бегьула, хъванги буго М. СагIадулаевас «БербагIар» абун, гьесул тIубараб гIумруялъул бицунеб поэма. Горшельтил суратаалдаги, НурмухIамад–дибирасул назмуялдаги, цоги вукIинчIев бакIалдаги жанив гьев лъезе лъугьинчIого, поэмаялда хъвараб хабар гIелаан. Гьеб поэмаялдаги тарихияб хIакъикъат хвезабиялъул хъван букIана нижеца, гьаниб гьелде руссинаро.

ШигIруялъул ахада ругел, гьеб рагъ лъугIиялда хурхарал ва цоги гьебго магIнаялъул мухъазги бихьизабула кочIол гьеб бутIаги авторасул гьечIеблъи. Масала:

**«БоцIуца гIорцIичIел гIачичахьаца**
**ГIарцухъ бичун ана имамги динги»**, – ян абиялъ. Хадур шигIруялда лъун ругел рагIабаз ракIалдещвезабула Нажмудин имамасда данде къеркьолел большевиказул сиясатги. Гьеб магIна кьолеб ахиралъул бицинего ккеларо. Рехсараб гIела цо-кIиго мухъ:

**«Дин бичун босараб гьезул бечелъи,**
**Цо-цо багьана щун, пасалъун ана».**

Гьел бутIаби тIаде журарал рукIин баянлъун батилин тана. Унсоколоса НурмухIамад-дибирас шигIру, шагьидлъарал жиндирго гьалмагъзабазде гьабиялдаги щаклъи хутIун батиларо. ХIакъикъаталда гьеб асар буго марсият, амма магIаби ва марсиятал гьариялъул рахъалъ магIарул адабияталда гIадатияблъун билълъун араб къагIида авторас хIалтIизабулеб гьечIо.

НурмухIамадица цо-цо рагIаби хIалтIизарун руго гIадатияб гуреб хаслъигун. «Шагьидлъарав» абураб магIнаялда руго кочIолъ «гъазават щварав», «гъазават тIубарав», «гъаза тIубарав» абурал рагIаби. «АнцI-анцI чи валагьун, чабхъен гIуцIеян» яги «Лъабнусго чи гIурав гьеб чабхъеналъе», – ян хъвалаго, гьес «чабхъен» хIалтIизабулеб буго «бо»-ялъул бакIалда, гьеб рагIул синоним гIадин.

Нилъеда лъала автор исламияв гIалимчи вукIин, амма шигIруялъул авалги ахирги релълъарал гьечIо динияб шагIирас гьабулелда. Ахир щай гьедин бугебали бичIчIула. Авалги хисизабун яги къокъ гьабун бугодаян щаклъиги бижула. «Бисмиллагьи…» бахъичIого «дибирас» тунго батиларо. Гьаниб щибго абизе рес щоларо, авторасул хъвай–хъвагIай яги гьелдаса бахъараб асаралъул нусха бихьичIого. Гьединлъидалин басмаялда рахъичIел асарал цIуниялъул ва хисизаричIого басмаялда рахъиялъул тартиб ва гIадлу хIажалъулеб.

Цебеги абухъе, асаралде тIаде жураял гьариялъ мекъаб пикру бижизабун буго гьеб гIуцIараб заманалъул хIакъалъулъ ва хисизарун рихьизарулел руго авторасул гIумруялъул заманги. ХIакъикъаталда, НурмухIамадица шигIру хъван буго, жеги гъазават инеб бугеб заманалда, XIX гIасруялъул 40-абилел соназда. Хъван буго магIарул мацIалда. Гьеб буго тIубанго батIияб иш. Гьелъ хисизабула асаралъул кIварги, бакIги, даражаги.

Унсоколоса НурмухIамад-дибирасул шигIру кколеб буго магIарул мацIалда хъвавул адабият бижиялъул кьочIолъ букIараб асарлъун. Гьеб хъвараб заманалда магIарул хъвавул адабиятги жеги букIинчIо, гьеб букIинабурал шагIирзабигун хъвадарухъабиги гIисинал лъималлъун яги жеги гьаричIого рукIана. МагIарул мацIалда хъварал кучIдулго гьеб заманалда цIакъго цIакъ къанагIатал рукIана. Гьединлъидал къиматаб маданияб хазиналъунги бихьизе рекъараб буго гьеб шигIру.

«ЛъикIлъи» гьабизе рахъарал цо-цо хIаракатчагIазул камулел гьечIо гьел къиматал асараздехун жагьилаб бербалагьи гьабиялъул хIужабиги. Ратараб куцалда цIуниялдаса лъикIаб тадбир гьединал асаразе букIунаро. Автораз хъван ратараб куцалда рахъизе ккола гьел басмаялда, щибго хисизабичIого. Кьезе лъикI буго Дагъистаналъул гIелмияб централъул кверзул хъвай-хъвагIаялъул фондалде, гьениб гIалимзабаз гIелмияб цIех-рехалде гьоркьоре рачине ва гIелмиял хIалтIабазулъ пайда босизе рукIине. Асар хъварав авторасул мурадги, тIоцебесеб иргаялда, жиндир асаралдасан гIадамазе пайда щвей букIинеблъи бичIчIизе бегьила нилъеда.

***МухIамаднаби ИБРАГЬИМОВ,***
***тарихчи***



**ХIайбула САЙДУЛАЕВ**

## МАГIАРУЛ МАЦI

**КIваричIо, магIарул мацI гьечIонани,
Гьаб Дагъистаналда букIун дие хоб;
Дир кучIдузул хIанчIил хIулаби роргун,
РещтIунел гьечIони гьенир зонода.**

**Дица гьеб мацIалъул цIунана къадру,
Къулана гьелъие гьаб гIумруялда.
Гьеб буго дир бидулъ бессараб жавгьар,
БетIергьанас даим дие кьураб рухI.**

**Гьеб мацIалъ абуна Эбелан дица,
Эмен хведал, гьесий гьабуна дугIа.
Зобазде рогьалил рехулеб канлъи –
Кинабго магIарул мацI гIадаб буго.**

**ГьечIо дунялалда дие цойги мацI,
Дие эбелалъул рахь гIадин щвараб.
Гьеб мацIалъ бицана балеб цIадалъул,
ЦIорораб хасало рехулеб гIаздал.**

**Гьеб мацIалъ бицана бачIанилан их,
Буханилан горду гозоялъ хIанчIил.
ТIоцебе ясалде, йокьулин гьабун,
Гьеб мацIалъ букIана битIун дица кечI.**

**Огь, магIарулазул мацI – дур борхалъи,
Огь, магIарулазул мацI – дур бечелъи,
Огь, магIарулазул мацI – дур берцинлъи,
Огь, магIарулазул мацI – дур гIатIилъи.**

Васигат гьабила гьел наслабазе,
НагIана батаги Бичас кьолебан,
Батани цо рагIи магIарулазул
МацIалда букIараб кIочон гьездаян.

Батанани жакъа жидер мацI кIочон,
Метералде тIубан тIагIуна миллат.
МугIрул тун ралъдалъе рачIарал иццал
Рате карачелалъ, кир тIагIарал дол?

Бице, метералде мацI кIочаразде
КIолеб кин абизе аваралилан?
МацI буго кунчIараб канлъи халкъалъул,
Хвезе миллатаца тун бегьулареб.

Чвахе абадиялъ аваразул кечI,
Кидаго тIармида тIагIунгеги мун.
Ратаги дуй кьалбал кьун БетIергьанас
ТIамах гIодоб гьине гьветI биччаларел.

* * *

– Бице жакъа Дагъистан
Дур гьасда цIа бугебищ?
ЦIадул кIкIуй тIалабахъан
ТIогьазде щолеб бугищ?

– Дир гьанситоги гьечIо,
Гьениб цIаги хутIичIо,
ЦIадул кIкIуй тIалабахъан
ТIогьаздеги щоларо.

МагIарул шагIирзаби
Шагьаразде гочана,
КучIдуца аваразул,
Авлахъ тIаса бищана.

МахIмудие бокьичIо
Бекьилъ росу гурони,
РикIкIаде щванагIан гьев
Гьенив гIагарлъулаан.

ЧIанкIай БакьагьечIиса
БокьичIо цоги дунял,
Кьурабазда хутIана
ХатI нахъе цIунун досул.

Гьанжейилан абуни,
Арал тIадруссунаро,
ТIадмагIарул бакъназулъ
Буго доноразул би.

ЦIумал гIадин роржунел
РукIарал гIадамазул,
Ралъдалъ жанир чвердолел
Чайкаби руго лъугьун.

Лъималаца бицунеб
Буго цогидазул мацI,
Гьезда цIалкIудал гьаракь
ГьечIо щиб жоян лъалеб.

Корохъ бежараб чедги,
БухIараб мучариги,
ГьечIо магIарулаца
Малъий жакъа гьабулеб.

ГIалхуда лъураб бусен
Биххарал наял гIадин,
Нахъруссунелго гьечIо
Гьал магIарул поэтал.

ЦохIо дун вуго хутIун,
ХахитIа росулъго чIун,
ЧIахъаги аваразул
Аваристанан абун.

* * *

Щибилан гьарилеб гьанже, БетIергьан,
БатIияб гьечIоан гьаб гIумру дий кьун.
Гьаб дир бетIералда батараб тIагъур
ТIаса бахъичIого буго дица лъун.

Гьанже гIалах буго гIазуялъул цIун,
ЦIияб их бихьилин хьул гьечIо хутIун.
СиратIалъул кьода кьолеб судалда
Сурав босичIого ворчIиладай дун?

Цо-цо нух гьетIана гьаб къисматалъул,
Къоял дийго лъутIун лъачIо гьаризе.
Вортана гIодове гIемер чодоса,
ГIайибги батIаго букIинчIо дида.

Дунялалде вачIун ватарав гIадин,
Ватила Аллагьас ун гьанисаги.
Бичас цIадиразда цIалеб гIумрудул
ГIемерлъилин хIакъан гьечIо хIинкъун дун.

* * *

ГIадамал аскIоса ун хутIун вуго,
Ургъел буго дие дуниялалъул.
ГIумру бекерулеб буго чу гIадин,
Барахше Аллагьан гьабула щукру.

Рорхарал кверахъе кодоб швечIого,
Щущала ритIухълъи дир ВатIаналда.
Улкаялъул бищун борхатаб гохIда
Буго цIогьабазе цIа бакизе тун.

ХIалихьалъиялде данде рахъарал
Дантесил танчица руго чIван ралел.
Эхеде борхараб байрахъалда тIад
Биялъул тIираби руго тIинкIун чIун.

КигIан биццаниги божулев гьечIо
Гьаб мех гIадамазе гIоло хIалтIилин.
ШайтIабаз гьабулеб гьаб дугIаялъул,
ГIагараб Дагъистан, дуй кумек ккелин.

**МухIамад ХIАСАНОВ**



## ХВАЛЧАДА КЪОТІУГЕ, КЪАЛМИДА ГЬИКЪЕ

Рогьалилъ киниде тIадеги къулун,
Къилбаялде юссун, дир цIарги абун,
Эбелалъ, хIалимго, рахьдал мацIалда,
Рагьулаан дие дунялалда нух.

КочIолаб квацIиги каранлъе регIун,
ГIенеккулаан дун долъул рагIабахъ.
Кинидал мокъихъе къвал дидаги бан,
Къочун гьелчолаан бухIараб хIухьел.

Ахх диеги бачун роол къоялда,
Къокъунаан магъилъ хIалтIизе эбел.
ХIал гIолебщинабги жинцаго гьабун,
Гьелъ жиндирго макьу кьолаан дие.

Кьижулароан гьей гIицIаб сардида,
ГIищкъуялъ къечарай къочулаан гьей.
Къирулаан горду, бацIцIадаб гьава
БецIлъиялда данде дие хъамизе.

Рогьалил гIужалда, ворчIамийилан,
ЧIолаан разиго дихъги ялагьун.
Гьелъул калимаялъ кинабго рокъоб,
Рахьдал магIарул мацI унаан рагьун…

ТIокIалъ гьечIо эбел, ана сапаралъ,
Сахлъулареб ругъун лъуна каранда.
Лъимер, долъул гIужде вахананиги,
ХисичIо дун даим дир эбелалъе.

Лъимадулаб рии, лъимадулаб их,
Аваразул калам квалула рекIелъ.

РикIкIадал соназул сияхI гIуниги,
Сунаро бакараб гьелъул цо кунчIи.

Жакъа эбел гьечIо, гьелъул рахьдал мацI
ЦIунун бажарулеб къуват дилъ гьечIо.
Дун багIарлъун вуго дир намусалъе,
Дун намуслъун вуго дир эбелалъе…

Намус гьечIел чагIаз чиярабги кьун,
Чидакълъун инебдай дир адабият?!
Ихдалил бакъназулъ чIвабиги тIутIун,
ЧIелебдай пакъирго доб рубагIият?!

Дир аваразул мацI цIунизе лъалел
Лъималазда бокьун буго божизе.
МагIарул гьаб миллат кIалъан ругьунаб
КIвеларо лъидаго ругъун лъун, чIвазе…

ЧIегIерав тушманги къуркьизавураб,
Къадру борхат гIураб ТIадмагIаруллъи!
Хвалчада къотIуге, къалмида гьикъе,
Къиматалда цIуне дурго рахьдал мацI!

Эбел, эбелилан ахIи балелъул,
Эбелалъул сипат сунарищ цебе?!
Гьелъул калимаялъ бер рагьулелъул,
Рахьдал тIагIам лъачIищ нилъер мацIалда?!

## И Н С У Д Е

Эбелалде даим калам гьабула,
Кидаго хIалимаб рагIи абула.
Эмен кивго гьоркьов хутIун ватула,
Гьев сундулъго цеве вугонаниги.

Эмен, дида лъала дуца кверги ккун,
Кинабго дуниял дие рагьана.
«Дада!» – йилан ахIун, гьитIинаб мехалъ,
ТIолабго дилъ хIасрат дуде бикьана.

Бокьун буго жакъа дуда гьаризе,
Дир гъалатIаздаса тIасалъугьаян.
ЛъачIел мунагьазул гьир гIунаниги,
ГIайибияв вугин, гIин кьуругеян.

**Бокьун буго жакъа цоги абизе,**
**Цадахъ араб гIумру анищалъ бугин.**
**Щибго ургъел гьечIеб, эркенго цIалеб**
**ЦIияб хIухьел тIокIалъ тIадбуссинарин.**

**БукIана замана тIаде вахунеб,**
**ТIаса гIодов вуго жакъа валагьун.**
**«Дада!» – ян доб мехалъ дуде ахIулеб,**
**Дирги лъималаца ахIулеб рагIун.**

**МагIил гарал руго гирун рачIунел,**
**Горлъун сверанагIан гьаб гIумруялда.**
**«Дада!..» – ян ххарула борхалъиялде,**
**Хадув гIунтIанагIан, гIедегIун уна.**

## ДУНГИ ВАТIАНАЛЪУЛ ЦОГО ГIУРАВ ВАС

**Дунги ВатIаналъул цохIо вугев вас,**
**Цо дир миллаталъул лъураб дие дарс.**
**Дунги пастIаналъул тIогьолъ гIурав вас,**
**ГIумру дие кьураб кьурул тIогьилъ парс.**

**Дун – дир улкаялъул каранлъ куцарав,**
**Кодове цIан гIурав цIияб гьогьеналъ.**
**Дун – дир росдал сверулъ сабруялъ ккурав,**
**Сариназул иццулъ лъурав анищалъ.**

**Дун – дирго ракьалъухъ рокьиялъ цIурав,**
**Рогьалил кунчIиялъ кодове цIарав.**
**ЦIияб канлъи бачIун вохизавурав,**
**Хинаб хIохьел речIчIун хинлъизавурав.**

**Дун – эбелалъ кодов каранде къарав,**
**Къадруяб дир халкъалъ къабул гьавурав.**
**Къиматал умумуз ахIун цIар кьурав,**
**Кьурабалъ куцараб камиллъи гIурав…**

**Дун дир гIищкъуялъул ралъдалъ чвердола,**
**ШигIруялъул лъарахъ лъедон квачI бала.**
**Огь, хIалимаб калам кенчIола дие,**
**Кагъруялъул къалам къечола дида.**

## ЦIУМАЛЛЪУН ГIУРАЛ

*(Росдал гIолилазе сайгъат гьабула)*

**ВатIан цIунулаго цIадулъе арал**
**ЦIар къваригIун гуро дир росуцоял.**
**Рогьояв тушманас тохлъукье кьураб**
**Кьалул коронире рана бахIарзал.**

**ЦIудул куркьбал хьвагIун роржен гьабурал**
**Рокьукълъиялъ гуро гьал гIедегIарал.**
**Рокьукъав тушманас гIорхъоде гъураб**
**ГъалбацIий гудрае гучлъана васал.**

**Багьадураб хатIалъ хьируда тараб**
**Халкъ гIедегIуларо магIу бакъвазе.**
**Къуръан-хIадисалъул хIурупалъ хъвараб**
**ХIикмат къилбалъула къисмат гьекъезе.**

**Умумул! ЧIагоялъ роржуна цIарал,**
**ЖужахIалъул цIадулъ цIумаллъун гIурал.**
**ЦIвабилъун мармаралъ лъедола хIарпал,**
**ХIиллаялъул каранлъ квелъ бан ругьунал…**

**Жакъа ралагье нилъ, гьале, умумумухъ,**
**Улка-ракь цIунизе цIар нахъе тарал.**
**Рахъа тIаде даим дол бахIарзазухъ,**
**Бергьенлъи кьолозе кьалда къанщарал.**

**Ралагье, БахIарчи – лъоле СагIаду,**
**Сорозе гьабурав тушманасул бо!**
**Тарихалда лъела лъол ветеранал,**
**Росдал агьлуялъе улка къалъарал!..**

**Къадруяб ВатIаналъ тIегьан гIуна нилъ,**
**ТIолго дунялалъе рекъел гIуцIизе.**
**Ракълилаб дир халкъалъ хвасарлъана нилъ,**
**Хиянатав тушман тIаде гIунтIидал.**

## ТIАЛИЛ НАЯЛЪ ГЬОЦIО БИУН ТIУНИГИ

**РагIул гIоралъ щвараб шигIруги хъвехъун,**
**Щивав пулан вуго «поэтилан» чIун.**
**ЧIалгIаде анищалъ ишанги босун,**
**Алиф лъанщинасул «шагIир» вуго гIун.**

МагIарул рагIаби гIурусалъги хъван,
Хивал цIигьабизе гьазул хIаракат.
ХIарпазул гьалатIал гъугъдулъеги ран,
Гъудузул тIелазул тIадагьаб хIасрат.

ТIалил наялъ гьоцIо биун тIуниги,
ТIутIазул бояца бараб кванала.
ТIогьол мегIералда гIидра гIуниги,
ГIалхулал чудкаца чорок гьабула.

Чидакълъулеб буго дир поэзия,
Къебелъул перело пакъирлъиялъ цIан.
Пасикълъулеб буго дир рахIимия,
РекIелаб ахIиго хIиллаялъ хъвагIан.

Пашманлъулеб буго дир «иццул сарин»,
Саназул гьалаялъ гьабулъе гьурщун.
Шагьидлъулеб буго дир кочIол чIахъен,
ЧIахIил сумалоялъ сверулъе тIирщун.

ГIумру унеб буго анищалъги чIван,
ЧIалгIен хивалалъ лъун, хивал ракIалъ гIун.
ГIасру сиратIлъулеб саринал хъвагIан,
Сордо бецIлъиялъ ккун, бецIлъи нуралъ кун.

## ДИР КЬИЛИМЕГIЕР

Мун гурищ лъоб кваркьи, дир КьилимегIер,
Кьурул гIус гIадин дихъ балагьун бугеб.
КIкIуядерил росдал абадияб нугI,
Къарнабаз ишан ккун берал къанщичIеб.

Дуца рагьун кьола росдае рогьел,
Иццул чилиялда чиллайги дургъун.
Чабхил кIкIалабахъе гьурщула гьалал,
Гъулдулъан лъедолел накIкIалги хъамун.

Хирияб ракьалъухъ гIащикълъула мун,
РакIал чарамулал чагIи ратараб.
Чабхъадулал бояхъ зигардула мун,
Зодихъе цIвабилъун цIарал рорхатаб.

Дир КIкIуяда росдал тарихалъ хъвазе,
ХъиругамачI гIелищ лъоб кьуруялъул?
ГIаданлъи цIунарал цIваби рехсезе,
Ручка-къаламалъул къуват бергьинищ.

Къадруял лъол цIарал цIвабзахъе кквезе,
ЦIунизе риччанте гьел наслабаца!
Мисаллъун хутIизе, халкъалда лъазе,
Хъван тезин цIализе нахъе гIолеца!

## ДИР КIКIУЯДИСЕЛ

Росдал годекIабахъ тIингъалги ретIун,
ТIадмагIарулазул роржен бихьулищ?
КьилимегIералъул каранда рещтIун,
Дир росуцоязул лебаллъи гIечIищ?

ГIицIаб рохалие, гьуинлъиялъе
Цоцазе буртаби сайгъат гьаричIищ?
Гьал нилъер умумуз хунжрул, хвалчаби,
Хвалил кьогIлъиги лъан, къеда рахачIищ?

РачIа, кIкIуядисел, кIудиял цIарал
КIудиял хIарпаца хъвазин кагътида!
Умумуца гIураб гьоболлъиялъул,
Гьез нилъее нахъе тарал хъулбузул.

Тухум-кьибил гIураб гIакъиллъиялъул,
ГIумру ракълий кьураб росу-ракьалъул.
РачIа, гIолохъаби, умумузул яхI
Хожрод къотIиларин, къватIиб цIаларин.

Къадру-асс цIунарал нилъер вацазул,
Наслабазе телин, тарихалъ хъвалин!
Жакъа балагье нилъ берцинлъиялъухъ,
Лъабкъоялда анцIго кулазул иццухъ?

Гьезул кьерал журан, цо лъарахъ балай,
Бокьараб лахIзаталъ кьурдун ругьунаб.
Кьалбал гIечIищ нилъер анцIила кIиго,
АнцIго килищалъул зарлъун букъараб?

Къо ккедал тушбаби щущазарураб,
Къадруяв имамас кодобе цIараб…

Нилъер умумузул амруги цIунун,
Ина нилъ церехун цоги галиялъ.
Араб-жакъаселъул къиматги гьабун,
Къадру борхат ккурал, дир кIкIуядисел!



**СалихIат ХIАСАНОВА**

## ДИР ШИГIРИЯБ КАЛАМ – БЕЖУН ЛЪУРАБ ЧЕД

Щайзе кечI бижулеб чиясул рекIелъ –
Чара хвараб мехалъ керен чучизе.
Щай сарин ахIулеб, рохел рещтIиндал –
Щивасе гьеб рохел гIахьал гьабизе.

КочIоца каранда бусен лъурав чи,
ТалихIав вуго гьев гьаб гIумруялда.
Ракьалда бечелъи букIинчIониги,
Бечедав вуго гьев цойгидаздаса.

Дир шигIруяб калам – бежун лъураб чед,
Балагье, хириял, хал гьабе цIалун.
Дица гьеб буцана магIил гаразулъ,
Дица гьеб бежана каранзул цIадухъ.

Дир пикру боржана мугIрул тIогьазде,
Риидалил гIазу биунарелъуб.
Дир пикру рещтIана гъваридаб кIкIалахъ,
РацIцIадго чилулел чабхил иццахъе.

РагIаби рищана тIугьдузда тIаса,
Рогьалилъ наялгун цадахъги лъугьун.
Пагьмуги батана жавгьар-якъутлъун,
Ихдаде тIирщулел кьалбазде яккун.

Дун гIураб гIагараб дир магIаруллъи,
Даим дир шигIрудулъ буго мун ханлъун.

## АВАР МАЦIАЛЪУЛ МАГIУ

МагIу тIолеб буго дир магIарул мацI,
МагIида базехъин бугин жибилан;
ГIисинал гIелазда малъулеб гьечIин,
ЧIахIиязги жакъа бицунеб гьечIин.

Азарил санаца цIунун хутIараб,
Халкъалъе цIаруе даим букIараб,
ТIолалго миллатал тIегьалеб мехалъ,
ТIубанго тIагIине щай дун кколебан.

Гуро, гуро, дир мацI, мун мекъи буго,
МагIида базе мун халкъалъ теларо.
ГIисинал гIелазда малъизе буго,
ЧIахIиязги веказ бицине буго.

Нилъер чилъи, къвакIи бугогIан мехалъ,
Къазе бегьулебищ мацIалде нуцIа.
Нижеца мун хIалкIун цIунизе буго,
РачIунел гIелазе хутIизе буго.

## СОРДО РОГЬАНА

Хал гьабе, нахъойги сордо рогьана,
ЦIияб къо ракьалъе сайгъат гьабуна.
Рагьараб гордухъан гаргар рагIула,
Ассалам гIалайкум, дир магIарулал.

КъватIий яккарайго, дида рихьула,
КIиго магIарулав хабар-кIалалда.
Гьел кIалъалел руго гIурус мацIалда,
Лъанги лъачIониги, лъалеб ххвел гьабун.

МагIарул эбелалъ гьарурал лъимал,
Кинидахъ ахIарал кучIдул кIочонищ?
Аварав инсуца хьихьараб наслу,
Инсул адаб рехун щайзе хьвадулел?

МагIарухъан арал, унеб нух лъачIел,
Нужер миллат кинаб? Нужер мацI кинаб?
Лъималазда кинаб мацIалъ кIалъалел,
ГIакълу-лъай кинанха гьезда малъулеб?

Бигьалъигун рахIат черхалъ цIехола,
МацIалъул бигьалъи рахьдал мацI буго.
Чияр мацIги бицун чиярлъизегIан,
Нилъерго гъасда цIа цIунун лъикI гурищ?

## ДИР МАГIАРУЛАЙ

МахIмудил кучIдуца кодой йосарай,
Расулил сариназ каранде къарай,
Нилъерго халъкъалъул къадру цIунарай,
Щиб бугеб, кин йигей, дир магIарулай?

ХIалтIуца, хIалхьидуй заман батичIей,
ЗахIмалъи бихьунан зигарди гьечIей,
Хъизаналъул тIалаб тIолго баччарай,
Берцинай, гьайбатай, дир магIарулай.

Росасул адабгун хIурмат цIунарай,
ЦIа гIадаб рокьуца ракI бугIун цIурай,
Бахъун лъимаде ракI кьезе хIадурай,
ХIасратай, йокьулей, дир магIарулай.

Дур гьимиялъ гвангъун буго дуниял,
Дур рокьуца къалъун буго сверухълъи,
Дуе талихI, рохел буго гьарулеб,
Гьайбатай, хIасратай, дир магIарулай.

* * *

Меседил чIораца гвангъун дуниял,
Нусиречалъ хъвараб куназул накъищ,
Кьер-кьерал тIамхазул тIамураб тIанса,
ТIабигIаталъул цо, унго, берцинлъи!

Гьаб тIабигIаталъул щуабилеб мех,
Хинлъиги цIоройги рекъараб заман.
Руччабазул рии абула гьалда,
Аллагьас рахIматал рикьулел къоял.

Гьединаб мехалда гурищ, дир гьудул,
Къисматалъ нилъ данде ахIун рукIарал.
Дур рокьул гIаламат, меседил баргъич,
Баулаго дида килщида ххураб.

## ЖАКЪА НИЛЪ БАРЩУН РУГО

Жакъа нилъ барщун руго,
Метералде те рокьи,
Жакъа нилъ кьаллъун руго,
Сезеялде те гIищкъу.

Жакъа нилъ кIалъаларо,
ГIамал кIодолъун руго,
Метералде те рагIи,
Жакъа рагIизе кколеб.

Рихьизе толел гьечIо
Гьоркьоб щайтIан гьороца,
Метер рихьилищали
Суал ишара буго.

Жакъа абулеб рагIи,
Жакъаго абизе те,
ТIамуге метералде,
КватIун ккезе бегьула.

Жакъа-метерин абун,
Унеб гьаб гIумру буго,
Рокьи гьечIел гьал къоял
ГIадада арал руго.

## ЧIУЖУГIАДАН, БИЦЕ

– ЧIужаадан, бице щиб бугеб рекIелъ,
Лъезе цIар лъалареб гьаб заманалда?
– РекIелъ рокьи буго, рокьи гьечIони,
Кьалбал ракъваларищ нилъер наслудул.

– ЧIужугIадан, бице щиб бугеб рекIелъ,
Щущан унеб бугеб гьаб дунялалда?
– РекIелъ ургъел буго, ургъел гьечIони,
ЧIвадан лъугьинарищ дуниялалъул.

– ЧIужугIадан, бице щиб бугеб рекIелъ,
Питна-кьал гьарзаяб гьаб гIасруялда?
– РекIелъ Аллагь вуго, лъималги руго,
Аллагьасул цIобалъ цIунун тайги гьел.

– ЧIужагIадан, бице, щай тIаде росун,
Дуе дунялалъул тIолго тIалабал?
– Щай гуреб, дир лъимал, дун йиго эбел,
Эбелалъул налъи – лъимадул тIалаб.

## ГЕНУЛ ГЪВЕТI

Дун гьитIинаб мехалъ росдал рагIалда,
Залимаб генул гъветI букIана бижун.
Гьелъул кIодолъиги дир гьитIинлъиги –
Дуниял кколаан рагIал гьечIеблъун.

Гьанже кIодолъидал, гIакълу бачIиндал,
КIудияб дунялги буго гьитIинлъун.
Дуниял рагIалда рагъулаб гъугъай
РекIелъ такрарлъула дандерижилъун.

РикIкIад улкабазда лъимадул гIоди,
ГIаградасан буго дида рагIулеб.
Рагъда васал чIварал улбузул угьди,
Угьун бачIуна гьаб дирги каранлъан.

ГIузрабазул цIураб нилъер дуниял,
Нилъеца нилъейго кьолеб гIакъуба,
ГIарададул кьвагьи, гулбузул пиштIи,
КъотIизе толареб щайзе ракьалда.

## РОСДАЛ ХАБАЛАЛЪ

**Дун росдал хабалалъ зияраталда,**
**Замана чIаразухъ гьоболлъухъ йиго.**
**Дида данде чIвала гамчIилал занал,**
**Гьаруралгун хварал сонал тIад хъварал.**

**Ассалам гIалайкум, тIолго махлукъат, –**
**СихIкъотIиялъ буго жаваб гьабулеб.**
**Гьеб сихIкъотIиялъулъ бугеб ахIиялъ**
**Дирго гIундул руго гъугълъизарулел.**

**Гьазул заман чIана гьаниб ракьалда,**
**Гьанже кирего гьал гIедегIиларо.**
**Баккулеб, тIерхьунеб бакъги кIваричIо,**
**Гьелъул хинлъи гьазда гьаниб чIваларо.**

**Даималъего гьал гочана гьанир,**
**Гьарулел ишал тун, хъизан-рукъзал тун.**
**Дур-дирилан абун дагIба-къец гьечIо,**
**НатIал руго рорцун щивасе ракьул.**

**Гьанир, ригьунареб макьида росун,**
**Дир эбелгун эмен, вацлгун яцал.**
**ГIагарал, божарал ва росуцоял,**
**Дица гьезий дугIа буго гьабулеб.**

**Дир вацалгун яцал, дир росуцоял,**
**ТIасалъугьа дида, дунги лъугьанин.**
**Гьаб дуниялалда нилъ гьалбал руго,**
**Гьениб абадияб алжан батаги.**

**Дун росдал хабалалъ зияраталда,**
**Замана чIаразухъ гьоболлъухъ йиго.**
**Къваридго ралагьун руго дихъ занал,**
**Дурги букIинесеб гьаниб бугилан.**

# ХАРБАЛ



**ГӀаишат МАЛАЧИЕВА**

## «ЩАГӀИЛ ЯСИКӀАБИ»

Каву рагьун азбаралъуе лъугьунаго, херай эбел гIодулей рагIана Аминатида. ЩибгIагидай кканаян ургъалилъе ккана гьай. «Якъун-къечон йикIинеги рес гьечIо, нолъ маркIачIудаги квенги щвезабун букIанин, йорта-тархундай ккана, яги жакъа дун ячIине кватIаниландай ай йиго» абун цоязда хадур цоял гьарун гIемерал пикраби рачIине лъугьана гьалъухъе.

– Эбел, эбел, вай, вай, унти чIвангIаги лъугьун гьечIищ мун, дун унеб мехалъги расги гьечIого тун йикIанин?! – ан хIинкъадго гьикъана гьалъ.

– ГьечIо дун батIаго унтунги..

– ГьебхIалалъ гIодизе ккараб жогIаги щибха, къотIнобе чIванин гIодулеб сас, ракIбихъизе бахъанин?.. – абун тIадбазабуна Аминатица.

– ЩибгIаги ккечIо!

– Щайха, эбел, гIодулей?! РакIгъоларого йикIинилан, цониги вас-ясалъухъе ячине лъугьаниги, мунги йилълъинайизе кIвечIо. Мунго-дутIаго бокьилилан чIана, зулмуялъ ячинилан лъугьине, лъимерги гурелъулха… Дурго гIибадатги гьабун, бокьидал кьижун, бокьараб мехалъ кванан йикIарайани, дудаса нижее букIараб квалквалгIаги щиб, эбел, – илан гаргадана, эбелалдаги баулаго, гьелъул магIуги бацIцIине лъугьарай Аминат.

– Диего бокьахъе, дирго рокъой йикIина. Нужер лъимал-хъизамалда гьоркьой дун щибулей… – илан дагь-дагьккун, гIоди чIезабулеб букIана эбелалъ.

– Батани, гIодулейгIаги щайха? ГIадамазда ниж суризаризейищ дуе бокьун бугеб? ЩугогIун лъималги хьихьун гIезарунин, киналго рукъалдеги руссинарунин, гьанже эбел рехунтун рукIинегIаги кIвезе кканиян гаргалел ратила гIадамалги. Цоязухъ дуда чIалгIани, цогиязухъе ячина, иргадал нижеда – дуцаго гьарурал лъималазда аскIой йикIине нечезе кколеб жойищ, эбел?! Нижер лъималги толаро дуца, цоялгIаги дуего ракIгъеялъеги кумекалъеги рукIине.

– Те дун, дирго рокъой…

– Тун бажариялдаса ана гьанжени. Гьадаб гIоди росулъ цониги чиясул гIинда чIван батани, нагIанацин кьела нижее, лъималилан ратилинхайилан бицардила. Бицине жо гIадамазухъе кьечIого, йилълъаха, эбел, нижеда цадахъ йикIине. Къойил бокьаниги, хIамам гьабизеги рес буго, ракIгъеялъе лъимал-чагIигунги кIалъа-басан йикIине …

– Йилълъинаро.

– БицинчIоха, эбел, дуца, мунго гIодиялъе ккараб гIилла. Щиб къварилъи дуе бугебали бицинчIого, дунни инаро аниса. Гьале, рухIилаго гьал цIурачадал кванай цин, цинги…

– БицинчIого тезе, бахчизе ккараб гIилла дир гIодиялъе букIинчIо. Дир эбел хвана, эмен хвана, рос хвана, яцал… Гьаб мадугьалихъ-роххатIаса дагьав чи инчIо. Дида бихьичIеб рухIелищ хутIараб… – абун байбихьана эбелалъ, жийго гIодиялъе букIараб гIилла бицине.

– БитIун хун ругоха! Азалил гIумруялъго рукIарал дур эбел-эменги, дудасаго кIудиял яцалги, росги… ЩагIил ясикIаби гIадин, гьанир ракьанда лъун рукIине, гьел рукIун ратила гьанжеги анир къваригIун. Жиде-жидер заман щун, херлъун хварал чагIи рукIанин гьелни. Мунгогицин херлъараб мехалъ, эбел-эменги, росги, яцалги, мадугьалихъ рукIанщиналги рагIула алъие чIаго рукIине къваригIун. Дагьалищ гIолохъанал, бадире балагьизе барахщарал базалиял гIадамал  гIажалалъ рачун арал… Дагьалищ…

– Дунги гьанже «щагIил ясикIойищха» лъугьун йигей? ГьедигIан цIакъгойищ дун херлъун йигей? – абун квеш бихьана Аминатил рагIи эбелалда.

– Мунилан дицаги абичIогури, эбел. Мекъдарулеб гIамал баккун буго дур. Эдинин дуда абулеб букIараб, живго цохIо хутIани, гIадам гIадаллъизе бегьулилан. Хехлъи гьабе, гьабсагIат дида цадахъ йилълъине, цо лахIзаталъги теларо мунго цохIо, – ян гьелъухъе гIансаги цогищинабги кьезе лъугьана Аминат.

– ЦохIо галиги бахъиларо,  гьарин. «ЩагIил ясикIо» гIадин, нужер доя ракьанда лъун йикIине дун гьечIого гIоларого ратиларищха нужги… – ян барщаризе лъугьана кIодо.

– Йилълъа, эбел… Бегьулеб батани… Дир лъималазда диналъул ахIкамал малъизениги, иман-исламалде гьел куцазениги, дуего кири букIинеги! – абун, хIалица яхъинаюна Аминатица жиндаго цадахъ эбел къватIие.

– Узлипат, мун унго-унголъунищ? Нижги рехун тун уней йиго. Вабабай, авал-къоноялдасаго рекIелгъей лъугIилагури, мунги аниса ани. Вай, нижеца щибилеб, цо-цогIаги тIаде-гъоркье раккизе йикIарай мунги йихьичIони, хьуцIилъ къуркъби гIадин, цо авалалдаса цогиялде ахIделел рукIине ккела гьанир хутIарал ниж кIиго-лъабго мадугьалги! – абун, гIайиб гьабун гIадин гаргадана, кавудахъ гIенеккун йикIарай Хадижатги.

– Вай, гьедингIаги абуге, Хадижат-ада, хIалица ячуней йигин эбел, – илан гьарана Аминатица, гьелда. – Дур васги нусгигIаги руго цо азбаралда гIумру гьабун. БакъанидагIаги хIалтIудаса рокъоре гьелги руссуна, мунгоги гьезде йиссун йикIине рес буго. Ай пакъирин абуни, аний ракIбакъван ятулей йиго, – абун бицине лъугьун йикIарай Аминат, гьоркьой къотIизаюна эбелалъ.

– «ЩагIил ясикIо» лъугьараб мехалъ, азул рукъ-бакIалда берцинлъиялъул нур базабизе уней йигоха, мадугьал, дунги, – илан абуна эбелалъ, дагьабго пашманаб гьимигун.

– Эбел-эмен гьечIеб рукъалда букIинего букIунаро эб нур. Эзул баракат камун хутIугеги, – ян абуна гьалъ нахъеги, эбелалда цебе жиндирго тохлъиялъ борчIун араб рагIи кин кIоченабилебали лъаларого.

Хадубккунги эбелалъ гIемер такрар гьабулеб букIана доб рекIелъ хIунсараб рагIи.

## ЦОГО ЯС РОСАСЕ КЬЕЙ

КъедгIахьалал мадугьалзаби рукIана. КIиязулго лъаб-лъа ясги йикIана. Цояздаса цоял рацIцIа-ракьадал, узданал, кверзул гьаруди берциналги рукIана. Щибго хашлъи бихьичIел, гIемерго гIуцIцIа-къарал рокъо-къватIисанги рукIана. Щаялиго, бачIа-бачIараб ригьинги нахъчIван, жеги лъикIалги рачIинилан хьулазищ яги цоги гIиллаялъищали, чIахIиял яцалги жиде-жидер рос-рукъалде руссун, хадусей кIи-кIи яс кIиялго мадугьалзабазул рокъорго «кватIулел» рукIана. Цоял мадугьалзабазул дой кIудияй ясги хехго росасдаса ятIалъун ячIун, рокъойго йикIана, амма мехго иналде кIиабизеги ригьнаде кьуна…

ГӀадамаздаги кьоларел ясалиланищ гьел кколел рукӀаралали, дагь-дагьккун тӀаса къотӀана инчӀел ясал гьаризе рачӀунелги. Гьедин «ригьбекулел», инсул рокъорго херлъулел рукӀана.

Цонухалъ, щибали сабаблъун, мадугьалзабазда гьоркьоб дагӀба-рагӀи ккана. Жагьилаб хабар-каламги гьорозабун, ахиралде цоцазде рогьрагьине-цин лъугьана. БитӀарабги тӀекъабги цоцазда абичӀеб рагӀи толеб букӀинчӀо. КъотӀнор рагъунги рахъун, жиде-жидер каву къан жанире ун хадубги, азба-ралда гьоркьосан бараб къадатӀасан яккунги, ахӀдон ягъулей йигей ясалъ мадугьалзабазул ясазде ахӀулеб букӀана:

– Лъицаниги рачинчӀого, «почемиланцин» гьикъичӀого рокъорго херлъулел ругел нужецаги чӀухӀи гьабичӀого бегьилищха?! – абун, гӀадалаб рогьо бана гьелъ гьанжесалъ.

– Воре-гьай, нужер энибени ригьназ толарого каваби рахан ругилан рагӀанин. ЦохӀого яс росасе кьолей рукӀунел нужецаги базе ккеларищха рогьо. Щолел ратани, нужго щайха росабазе унарел? – абун ахӀана айцояй мадугьалалъги.

– Нужго щай унарел?..

– Нужго щай унарел?..

## ЛЪЛЪАРККУН ДЕГӀЕН – ДИЕ, ЩУГО ГЪУРУЩ – ДУЕ

Школалдеги хьвадичӀев, хъвай-цӀали, хӀисаб-рикӀкӀен, жубай-бахъиги лъаларев чи вукӀун вуго. Ун вуго гьев гӀи-цӀцӀани ричулел ругилан рагӀун, цоги росулъе, гьел росизе.

Гьеб букӀун буго гӀабсиде гӀака босизе щолеб заман.

– Гьадаб дегӀен кигӀиналде? – абун гьикъун буго гьес, гӀиял бетӀергьанасда, цо бищунго берцинаб, гурги-шушинаб дегӀенги рехъалъа бищун.

– БатӀалъи гьечӀо, цересан, щу-щу гъурщиде цо-цо дегӀен, – илан абун буго цӀанавехьас.

– Гьабги, гьабги, гьабцоябги,.. – абун щуго дегӀен жиндиего тӀаса бищун буго гьас, ва рачӀа, даран гьабизе абун, чвантиниса гӀарац къватӀибе бахъун буго.

– Къоло щуго гъурущ кколаха, гьудулавчи , – ян абун буго гӀи бичулес босулесдехун.

– Къоло щуго, моло щуго абун, гьеб дуца бицунеб мацӀ дида лъаларо. Дица дуе цо-цоккун щу-щу гъурущ кьела, дуца цо-цоккун цо-цо дегӀен диеги кьела, – абун чӀанила восаризе вачӀарав.

– ЩуцӀул щуго чанха кколеб? – ан гьикъун буго, цӀанавехьас, гьимулаго.

– ЩуцӀул щибалиго дида лъаларин гурищ дун дуда абулев? Лълъар ккун дегӀен дуца дие кьела, щуго гъурущ дица дуе кьела. Щибаб дегӀен рикӀкӀун духъе щуго гъурущги кьун, дунги ина, мунги тела дурго хутӀарал дугӀби ричулев. Гьедин данде кколищ дуе? – ян гьикъун буго гьес.

– Гьайгьай, данде ккола, хӀалчӀахъад, баче дурго лълъар ккун дегӀен, кье дихъе щуго гъурущги, – ян разилъун вуго цӀанавехь, батӀайиса гьесда лъалеб гьечӀолъиги бичӀчӀун, киниса кьуниги гьеб цого къадаралъул гӀарац кколилан пикруги гьабун.

## ДУН ХИСИЗЕ ВАЧӀАНА

Унтул бусен халалъулеб букӀана МухӀумил. ЧӀамучӀлъунги бизарлъунги букӀана гьесда кинабго. Дарабаздасаги инкар гьабулеб букӀана, кваназеги къасд тӀамулеб букӀинчӀо.

Цо къоялъ МухIумида рохел бицинеян, гьесул дагьабниги ракI-макI гьабизе бокьарал чангоял рачIана гьезухье. Васасул васги чIаго тагийилан, чIахъун, кIудияв гIун вихьагийилан, хьулалги божиги ритIухъ гьарулев гIегийилан гьара–рахьи балеб букIана вачIа-вачIарас.

Рохелги нужер батизе бегьулин, жив батIаго гьесдаса вохунго гьечIилан абулеб букIана унтарас. Щайила гьедин абулеб, дур кьибил-тухум кIодолъизе, наслу гьарзалъизе лъикI гурищилан гьикъидал, «Дун хисизе вачIарав чи ккола гьев» – илан, угьун биччана гьес, жиндирго цIарги кинабго буголъиги гьесие тун, жив гьабсагIатго дунялалдаса нахъе вачун унев вугевгIанги пашманлъун.

## ХIИСАБ ЛЪАЛЕВ ЧИ ЦОНИГИ ВИХЬУЛАРО

Расандулел рукIарал лъимал, инсуца, жиндихъего ахIула:

– ХIисабалъе бищун лъикIав щив нужеда гьоркьоса? – ян гьикъула.

– Дун!

– Дун! – абун, цере-цере кIанцIун, жалго рецщизе лъугьуна лъимал.

– Батани, бицеха, лъида лъалеб, щ…ччунцIунцо чам кколебали? – ян гьикъула гьес.

– Щуго!

– Щугоха! – ян цадахъго жаваб гьабуна лъималаз.

– Гуребха, гьудулзаби, цо бихьизецин, гуреб. Кин гьеб щуго букIунеб, щ..ччуцIунцо?

– У, валлагьха, дада. Гуреб батани, балагьеха хIисабалъул тIехьалде яги тетрадалъул ахираб тIамчида бугеб кьабиялъул таблицаялде.

– Гьенибали гьеб хъванго букIунаро, – ян тIирун чIчIана эмен.

Лъималазе кеп щвана.

Цоязда лъана гьел ралъаргъунел рукIин. Цогиял инсуда кьаби–бикьи лъалеб гьечIилан ккун, гьимана. Лъабабилез гьесда, нахъеги добго масъала кьеян гьарана. ЧанцIул гьикъаниги, лъималаз добго «щуйил» тарихалдалъун жаваб гьабуна.

– Цониги вукIун гьечIогури нужеда гьоркьов кьабиялъул дарс лъазабурав чи. Нужее киназего кIийилал ратизе руго. Гуреб батани, гьединаб жаваб кьуралъухъ, кингIаги учителас лъикIаб къимат лъолеб? Пайда щибха, дун вукIине кколаан нужер учитель, дица цо течIого кIийил лъелаан нужее, – абун, гьимиги бахчулаго, абула инсуца.

– МухIамад-даци,чамгIагиха кколеб, дур хIисабалда, щуцIул щуго? – ян гьикъана, дагьавго нечарав гIадинги лъугьун, Зайдиница.

– Цо ккола! – ян абуна инсуца.

– Кколеб батила, – абун лъугьана, гьесда гьедигIан бигьаяб хIисабгIагидай лъаларебилан, щаклъарав ТIайгиб.

Кколарилан абулеб гIадин, цо-цояз гьесие бетIер кIибикIун, жаваб гьабуна.

– Ччузеги ччун цо гел ялъуни къали, сахI – бокьараб жо цо нухалъ цIуни, чанха букIине кколеб? – абун мухIкан гьабуна инсуца гьабнухалъ, жинцаго сихIирго кьун букIараб суал.

– Гьа-а-а-а! – абун, рекIеда ратана лъимал, инсуца «чч-ги» «щ-ги» цого гIарп гIадин гьикъиялъ, гьелъул пикру гьабизе лъачIилан, мукIурлъун.

# РАКIАЛДЕЩВЕЙ

**ДИР РАСУЛ**

Гьаб цIаралда гъоркь дунялалдаго цIар рагIарав Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ дирго пикраби хъваялъе гIилла кинаб ккарабали рехсезе ккола (гурони, кинавго чиясда бичIчIуларо, гьеб лъалеб жо буго). Чияр пикруялда хадуй лъугьунеб гIамалги дир гьечIо. Амма… кин ургъаниги, гьаб цIар цебе кIанцIун, цогиял нахъе ана. ГIурус поэзиялдаса дир ракIалъе хирияй шагIир йиго Марина Цветаева. Гьелъ хъвараб «Дир Пушкин» бокьула, щай гурелъул, гьеб прозаялъул тIехь буго шагIиралъ хъвараб… Гьелъул аслияб магIнаги буго гьадинаб: гьитIинай яс Маринада лъабабилеб тIалаялда бугеб жидерго рукъалъул гордухъан бихьулеб буго Пушкиние лъураб памятник. Гьелда аскIое ине яс лъугьуней йиго лъабабго тIалаялъул болъабаздаса гъоркье, цинги ине кколей йиго азбар къотIун, гьитIинал галабаз гIураб нухги тун. Жийго гIагарлъанагIан, памятник борхалъулеб, кIодолъулеб буго гьелъие… Лъабабилеб тIалаялдаса тIаса гъоркье ялагьун, гьит1инго бихьулеб букIараб памятникалъухъ, аскIое щведал, гьитIинай Марина гъоркьа тIаде ялагьизе кколей йиго…



Гьедин, аскIое гIагарлъанагIан кIодолъулев, ворхалъулев вуго дие Расул жакъаги…

* * *

…БукIана замана… дун, дирго тIоцересел кучIдулги кодор ккун, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалда цее цо къоялда жаний ункъо нухалъ яхъунги чIун, жание лъугьине кIвечIого, тIадюссун араб. Дие гьеб идара букIана Расул ХIамзатовас нухмалъи гьабулеб адабияталъул кIалгIаялъул кIудияб адабги, кIудияв шагIирасда – адабияталъул кьуруялда цебе чIимихлъун дунго йихьиги, Расулил кабинеталде кIутIизени кисса гурин, Союзалда жанире лъугьунел нуцIбузда кIутIизе борхун батараб дирго кверalъул хIинкъиги, борхатаб Гъунибалдасаги эхедегIан бугеб дирго БацIада парсазда лебалго ххарараб жайран гIадай гIолохъанай яс – дун Хъвадарухъабазул Союзалъул болъодаса эхеде яхине кIвеладайин васвасдиги цолъараб цо хIикматаб асаралъ дун жиндехунго цIалеб цIва гIадин, рикIкIадаса кенчIолеб анищги, хьулги, мурадги, гIумруялъул магIнаги…

…Дойго Цветаевалъе Пушкин гIадин, дир лъимерлъиялдаго Расул ХIамзатовин абурав магIарулазул шагIир вукIана дие вихьизе анищав, аскIоецин щвелилан дир ракIалдецин кколарев чи. КучIдул хъвазе, гьез ракI бохизе, кечI хъван хадуб бачIунеб цо куркьбал ругеб асар дилъе лъугьине байбихьараб мехалъ, кигIанха дие гьев чи кIодолъунги ворхалъунги лъугьинарев, хасго дир миллаталъулги вугони.

Къисматалъ ячана дун гьеб шигIруялъул кIалгIаялдеги лъазавуна дида, Н.Тихоновас абухъе, «кIудияб лъимер гIадав», гIамал гьитIинав кIудияв шагIирги. ГIамал, хIисаб гьабураб мехалъ, гьитIинаб батана дир гIумруялъе сайгъаталлъун лъугьаралщинал кIудиял цIарал ругел гIадамазулги чIахIиял чагIазулги. Гьеб буго халкъалъул рокьиялъе аслуги, кигIан гIемерал цIаралги рецщги кагътида хъваниги, халкъалъ къабул гьавичIони, шапакъатазул къадар гурони, къадру борхунгут1иялъе г1иллаги.

Дица баркала кьола кIудияв шагIирасе, гьесул гIадатлъиялъухъ ялагьидал, гьес гьениб ккун бугеб кIудияб бакIалъухъ! Гьев лъалев вукIинчIевани, кигIан чIамучIаб нухдай дир батилаанин ккола. ШагIир хIисабалда гуребги, гIадан хIисабалдаги Расулица цIезабулаан, чIаголъизабулаан жив жанив вугеб дунял, бокьизабулаан щибаб къо, бихьизабулаан «нилъ» – ин абураб рагIул берцинлъи, рагIизабулаан магIарул рагIул гъварилъи, гьуин гьабулаан гьеб рагIиялъ хъвараб тарих, хиралъизабулаан миллат. Цо нухалъ кIиялго хабар-кIалалда рукIаго гьес абуна: «Нилъер щигIру лъугIараб бакIалдаса байбихьула, ТубхIат, цойги халкъазул шигIру!» – йин. Гьеб букIана нилъер Расулил нилъерго миллаталдасаги гьелъул борхалъи-гъварилъиялдасаги чIухIи, гьеб чIухIи гIолохъанай диеги бикьи, дир гIелалъ хадуб бачIунелъеги кьезе кколеблъи, абичIониги, бичIчIизаби. Гьеб пикру тIатун абизе кIудияв шагIирас жиндиего гьукъаниги, гьитIинай жо йигелъул, гьанжелъизегIанги жаниб хIехьаралъул, жакъагIаги нилъедаго гьоркьоб бицун тезе диегIаги щай аб бегьуларебин, биччан тана, нилъ гьединал рукIин нилъедаго кIоченчIого букIине.

Гьедин Расулгун гIодой чIезе щвани, гьесул калам рагIизе щвани, Расулица жеги хъвачIеб тIехьалде яккараб хIисаб кколаан дир. Цо нухалъ дица гьесда абизецин абуна: «Дун васлъун йижун ятарайани, дуда цадахъ чIелаан, дур щибаб калима хъвазе…» – йин. «Васасул бакIалда бокьаралъуй йикIине бегьулей яс йиго гьединги мун», – ин абурал гьесул рагIабаз тIерен гьабун букIана дир ракI…

Расулие бокьулаан дун жиндихъе яккизе. Лъаларо, махсародул харбал кIиязего рокьулел рукIиндалищ, ялъуни эмен-яс гIадин, гIодорги чIун, жиндирго гIадатияб, дунялалъул кIодолъиялъги, гIадамазул гIемерлъиялъги цIар рагIарав шагIирасе толареб рахIаталъ рес кьолареб, гIодобе биччараб, хIели-макру гьечIеб, реццалъул ахIи-хIур гьечIеб, жиндаса рагIи-калам, кечI-гIакълу гурони, тIокIаб щибниги хIажат гьечIей, гьаруларей диргун хабар-кIалищ гьесие бокьулеб букIарабали. Гьес бицун, дица бицун магIарулазул кепал харбазги, гьадинго гьазул-дозул ккарал нижедаго гьорлъа хъвадарухъабазул лъугьа-бахъиназги цIакъ кеп щолаан гьесие. ГьитIинаб лъимер гIадин кIариялда велъулаан. Ургъараб мехалъ ракIалде ккола: гIадан унго-унгояв вукIунев вуго я гьев ракI-ракIалъ гIодулеб мехалъ, ялъуни ракI-ракIалъ велъулеб мехалъ. Дида Расул вихьана унго-унгояв: жиндирго

ахирал соназ больницаялдаги… гьенибгицин кIудияв шагIирасул магIу дандиясе релъи кьолеб букIана. Гьесул рекIел къварилъи бихьуларев чи, ракI беццав гурони, вукIине рес букIинчIо. Амма «Щиб хIал бугеб, Расул?» – ин гьикъидал, кIусараб креслоялдасацин вахъине кIоларев шагIирас абуна: «Гьай цо Паркенсонайин абулей гIаданалъ толев гьечIоха, ТубхIат», – илан… РакI гIодулеб бугониги, Расул гьимулев вукIана.

Цо нухалъ Союзалде щведал, гьесухъ гьалбалги ратун, тIадюссун унаго, секретаргун кIалъалей дир гьаракь рагIун, гьес жание ахIана дун. Гьалбадерилги дирги лъай-хъвай гьабулаго, Расулица абуна: «ТубхIат Зургьалова – нижер рохалил министерство!» – йин… Рохелги рекIел гIатIилъиги Расул вугелъубе жибго бачIунаан, живгоги гьединав вукIиналъ. (Жакъа МухIамад АхIмадовасул кабинеталдеги ине бокьула гьединго, гьенибги бокьула ракIал гъолеб хабар-кIалалда кIусизе. МухIамадги вуго, Расулго гIадав, гIадамазда божулевги, божуда рекIкI лъаравги, лъимер гIадин велъулелъул унго-унгоявги).

Расулица жинцагоги ахIулаан дун цо-цо мехалъ, мун щай ахираб заманалда йихьулей гьечIейин, цIиял кучIдузул, хъулухъ-ишалъул цIехолаан, инсулаб тIалаб гъорлъ бугеб каламалъ ракI бохизабулаан. Дур заман чIвазе бокьичIогойин дица абуни, хIелхIелчагIаз чIвазегIан мун гIадиназ чIвалебани гьебилан Расулица абидал, кьун борчIараб дирго суалалъ рекIекълъунги йикIана: «Гьал подхалимазда гIажаиблъи гьабулей йикIуна. Мун философги вуго, психологги вуго, гIадамазул ракIал жанисан рихьулев рентгенги вуго, мун гIадав шагIирасда жал подхалимал рукIин лъалеблъи киндай азда бич1ч1улареб?! Подхалимазе мун унго-унгоги вокьизе рес гьечIеблъиги, дудаго г1адин, лъида лъалеб?» – илан. Расулица, гьимизеги гьимун, абуна: «Гьересиги, кIигьумерчилъиги, хIелиги гIамалалъулъ гьечIей кочIохъан йиго мун, ТубхIат», – ин.

Талоназухъ кванил нигIматал кьолеб заманалда хъвараб «Эмен вачIун вуго дихъе гьоболлъухъ» абураб дир кечI гьоркьо-гьоркьоб рехсолаан шагIирас, ракIбацIцIадаб, гьереси гъорлъ гьечIеб кечI бугоянги абун. Гьанибго ракIалде бачIана Расулица цо тIехьалда дие гьабураб тIадхъвай: «Ясалъе, яцалъе, берцинаб гIамалалъул бацIадиселъе, талихI-рохелги гьарун! Гьунар дуе БетIергьанас кьун буго…» ТIоцебесеб кIиго рагIиялъ бадиб магIу хуларай дие ахирисел рагIабазул кIварго букIинчIо. Гьенибго рехсон тела тIадхъвай гуребги, берцинаб, унго-унгоги Расулие хасиятаб, гъваридаб шигIру:

**«БацIада – музыка,**
**ЦIада – рагIаби**
**РагIулел рукIана**
**ТубхIат лъазегIан.**
**Гьанже бацIадерил**
**Руго рагIаби,**
**РагIулареб кинаб**
**ЦIада музыка?!»**

Дир эбел хвараб мехалъ, ячун ПатIиматгун, гьев дихъе зигаралъ вачIин сунда бащалъулеб жо букIараб дие доб мехалъин жакъаги абизе кIоларо. «28 соналъ цее хвана дир эбел, гьей жакъаги дие хIажат йигеб куц!» – ин

абулаго, жакъа эбел хвараб лъимада релълъун вукІана гьев. Хадуб, гьев живго телефоналъги кІалъан, Эбелалъул къо бугин, кучІдул цІализе ячІайин гьес абидал, дица эбелалде гьарурал кучІдул пашманал гурони гьечІинха дирин жаваб кьуна. «Эбелалде гьарурал кучІдул кидаго пашманал рукІуна (гьей чІаго йигониги)», – ян цІакъ битІараб, хадуб дица гІемер хІисаб гьабурабги, гьаниб-доба рехсарабги калам гьабуна гьес.

Расулгун харбида ругони, гІемерисеб нижер хабар нилъерго миллаталда хурхараб букІунаан. Щибаб гьесул рагІулъ дие кьолеб дарс бугинги кколаан. Цо нухалъ релъана библиотекаялда букІараб цо тадбир ракІалде щун. Расулица гьеб бачунеб букІана. МагІарулазул тадбир бугониги, кидаго гІадин, гьениеги кІанцІун щвана батІияб миллаталъул цо шагІир. Гьелъ, кида нилъеразда цее яхъаниги, гьабулеб кІалъаялъулъ щибаб нухалъ абулаан *(гьанжеги абула)* жинца нужер миллаталъе лъабго лъимер гьабунилан. Гьеб тадбиралдаги абиларищха. «Баркала, *(гьелъул цІарги абун),* цІакъ дагьаб къадаралъул магІарул миллаталда квер чІваралъухъ», – ин, т1адежоялъе, «ц1акъ дагьаб къадаралъул» абурал раг1аби гьаракь борхун, гьей кІалъан яхъиналдего, Расулица абидал, элда жиндаго бичІчІанин ккола кида-къадги жиндие жаваб щвараблъи.

Дунялги Дагъистанги шигІруялъулъ кигІан рехсаниги, жиндирго миллат, гьанисан-добасан баккизабун, хасго нилъго ругелъуб батІаго кІодо гьабулаан кІудияв шагІирас. Цебехун рехсохъе, нилъер шигІру гуребги, нилъер тарихги, маданиятги, динияб рахъалъул борхалъиги нилъ чІухІизесеб букІин бихьизабулаан. Ахирал соназ Дагъистаналъул тІалъуда рукІарал, гІарац хириял, гІарцуе гІоло Самуралъул рохь бичун батаниги, хъулухъ-цІар бичун батаниги, жибго Дагъистаналъухъ ургъел гьечІеб миллаталъул тІадчагІи ракІалде рачІуна Расулил гьал мухъал цІалидал:

**«ГІахъущдерил щобде щолеб багІар бакъ
Шамилил ракьалде щай баккулареб?»**

ХІисаб гьабеха, шагІирги политикги цо чиясулъ гьечІони, гьедигІан устарлъиялда кин хъвазе букІараб гьеб кІиго мухъцин?!

Расул – политик… КигІан лъикІал, ритІухълъиялъул бицарал, КГБялде щвезегІан, халкъалъе тІадчагІи рагьарал, шигІраби ССРалъул Верховнияб Советалъул депутат Расулица нилъее хъварал. КигІан гьес жал къватІир чІвазарулел ругониги, цІиял рищиязда нахъойги депутатлъун гьевги вищулаан. Щай гурелъул депутатал ратаниги, тІадчагІи ратаниги, пачалихъалъул бутІрул ратаниги – киналго ращалъуларoан шагІирасда, щайгурелъул, гьесда нахъа букІана халкъ, ватІан цІураб халкъ! Гьесулъ букІана гьелъул рагІи! Кинав ватаниги, тІадчи халкъалъухъ бажаруларо.

Расул вукІана, гьитІинаб Дагъистаналъул гІорхъабиги рахъун, цин кІудияб ВатІаналда, цинги гургинаб Дунялалда цІар рагІарав чи. Гьесул «Къункърабазе» памятникал рачІеб пачалихъ къанагІат батила. Цо гьеб кечІ гІелаан гьесул цІар дунялалъул зобалазде боржине. Гьес тІехь сайгъат гьабичІел доб заманаялъул цІар рагІарал шагІирзабиги, докторалги, политикалги хутІун ратиларо. Гьев рагІичІев, гьесул тІехь сайгъат гьабуни, гІолев гурев чи дандчІваларoан доб мехалъ дагъистаниясда Россиялда.

Москваялда тIоритIарал гьесул творчествоялъул вечеразухъ балагьизе жакъаги рес буго, гьел цIунун хутIун руго. Унго-унгоги магIарул гьитIинаб росулъа шагIирасухъищха гьадабгощинаб халкъ гьададигIан гIащикъго гIенеккун бугебин ккана.

Гьесул щвалде щвечIеб гIурус мацIалъги, махсароялъги, пикрабазул гьулчиялъ нух бакьулъ рехун толел рагIабазги, предложениялъул ахиралъухъ валагьун чIезе цояздаса цоял бегIерал пикрабаз толарого, гьелъул бакIалда хьвагIун толеб кверальги кенчIон бералгун гIенеккунги чIун, гIатIидаб, рокьиялъ цIураб гьимигун тIолабго залалъ чIвалеб хъаталъги гьелегьуна доб ракI кIодолъизабулеб, Расул нилъер вукIиналъ чIухIи чорхолъ бессулеб асар.

Гьедин, кIудияб ВатIаналъул халкъалъ кIодо гьавиги, депутатлъиги, шапакъаталги – кинабго Расулица хIалтIизабуна халкъалъе пайдаялъе, жиндасаги жиндир цIаралдасаги кумек хIажатал ракьцоязе-дагъистаниязе гIоло. Дидаго лъала унта-щокълъарал кигIан гIадамал гьесухъе рачIунел рукIарал доб мехалъ цIар рагIарал: рукьбузул тохтур Илизаровасухъе, беразул тохтур Федоровасухъе, рекIел тохтур Л.Бокерияхъе, жал къабул гьареян гьес кагъат хъвазе. Чан унтарал, сахлъун хадур, гьесухъе баркала кьезе рачIунел рукIарал.

Расулил рагIул борхалъи пачалихъалдаго лъана гьесул кучIдул цIар рагIарал гIурус кочIохъабаз ахIидалги. Гьел кучIдуз, гIурусалде руссинарун ругониги, гIенеккулезе рагьана Дагъистанги, магIарулалги, гьезул гIамалги, гIадатги, хаслъиги… ГьитIинаб мехалъго, Расулил букIин лъачIониги, Польшаялъул кочIохъан Анна Германица ахIулеб «Дир жергъен» такрар гьабун ахIулей йикIунаан дун, Польшаялъулгийищ жергъен бугебин ракIалдеги ккун. Батана Расулил «Муил кучIдуздаса» кечI… Дагъистанги магIарулалги кигIан чIухIарал Расулидаса гьесул кучIдул Бернсица, Кикабидзеца, Леонтьевас, Кобзоница, Лещенкоца ва цогидазги ахIулеб мехалъ. БукIана замана Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» киноялъ, хадуб гьебго поэмаялдасан лъураб балеталъ Москваги тIолго улкаги асир гьабураб, гьелдалъун магIарулай щияли гьезие рагьараб, тIахьаздалъун гуревги, дагьавги гIатIидго ватIанцоязда Расул лъараб. Расул сабаблъун ккун, чан цIар рагIарал гIалимзабиги, шагIирзабиги, артисталги нилъехъе рачIарал. Гьелги сабаблъун ккун, гьезул щивас кигIан асарал хъварал, ахIарал Дагъистаналъул хIакъалъулъ!

Расулица хъванщиналъул хIисаб гьабураб мехалъ, гьев тIадегIан гьавураб, халкъалъ гьесие лъураб борхалъиялде гьев вахинавураб, дунялалдаго гьев рагIизавураб гIилла буго гьесие ВатIан бокьи! ВатIаналдаса ракIалъ тIурав, гьелъул агъаз гьечIев, гьелъул ургъелалъ макьу хъамуларев чиясул цIар, кигIан гьунар-махщел бугев ватаниги, гьеб гьунар ватIаналъе кьоларев, гьелъулгун бикьуларев, гьелдалъун гьеб кIодо гьабуларев вугони, рагIизе, тIибитIизе рес гьечIо.

ВатIан бокьиги иманалдасан бугин абун буго хIадисалда. ВатIан буго баракат! ВатIан бокьуларев чиясдаса баракатги рикIкIалъулин ккола дида. ВатIан бокьулев гьелъиеги вокьула! Гьединлъидал лъугьана Расулги дунялалъулго шагIир, гьединлъидал щвана гьесие Италиялда «ХХ абилеб гIасруялъул ШагIир» абураб тIадегIанаб, халкъалъ кьураб, унго-унгоги къадруяб цIар. (Гьанже гIадин, учузго рикьулел, рехулел, гьенолел, жиде-жидецаго, хадур лъугьун, рахъунги щолел орденал-медалалги, цIарал-рещцалги Расулил заманалда рукIинчIо. Супермаркетазда нигIматалгIанги гIемерал руго гьелги, къадру гьечIелги руго, заманаго гIадин, къимат гьечIелги руго).

Нахъойги регана Расулил тIахьал. Гьев ваккичIев кIкIалги вахинчIеб борхалъиги гьаб дунялалда хутIун батичIо… ТIахьал гьарзаяб, бокьарас бокьараб хъвалеб, тарихчагIазги, тIадчагIазги, журналистазги, хъвадарухъабийин ккаразги, заманаялдаса пайдаги босун, гьаниса-добе хъван, добаса-гьанибе хъван, цоял кандидатал рахъун, цояз, кIовухъе цогияз хъвараб нахъойги хъван, цIаралги тIахьалги гьарзалъизари гурони, метер батулеб, наслабаз пайда босизесеб, миллаталъе тарбия-лъай кьолеб тIехьги макъалаги къанагIат гурони кодоб щолареб мехалъ, регун-рехун гьединалги тун, ахираб заманалда щибаб сордоялъ Расул цIалулей йиго дун. Гьесул шигIру буго жакъаги метерги хIажатабги, батулебги, щибаб заманаялдеги, щибаб ракIалъеги данде кколебги. Гьелда абула доб унго–унгояб шигIруйилан. ГIарац бугез рахъулел тIахьалги, жидерго цIарал гьезда ругилан жидеего чIухIи гурони, халкъалъе гьечIеб хайирги, сундуего гьечIеб чIараб законги, цебе гIадин гьечIеб цензураги, рахъулел сураталги, сетазда кIварас кIварал кIодо гьариги… МацIазда гьечIеб ракьаги, кинабго хIехьолеб кагъатги… Гьеб киналъго чIунтула ракI!

Расул вугеб адабият пасалъулеб гьечIодай?.. Лъицаго сундулго ургъел гьабулареб замана… Киредай гьелъ рачина?

Расулица 1966-абилеб соналъго хъвараб **«Кумек гьабе»** – йин абураб кечI жакъаги кумекалъе бачIунеб буго (унго-унгояб шигIру бокьараб заманаялъ, гьелъие хъварабгIанги, пайдаяб батула).

Гьелъул цо-цо мухъал рехселин:

**«Буго унтараб лъимер,**
**Угьдилеб киниялда,**
**Кумек, дарман гьабеян**
**Йиго эбел гьардолей…**

**Унго, дун кватIиладай,**
**Кумекалъе виччан те…**
**Ургъел гьечIолъи, дуца**
**ЧIвазе бегьула лъимер.**

**Унтун, бусада вуго**
**Мискинаб росулъ херав,**
**Холев вугин живилан,**
**Кумек гьабе, лъималин.**

**Лъимал рикIкIада руго,**
**КIудиял шагьаразда.**
**КIодолъарав, херав чи**
**Вихьулев гьечIо гьезда…**

**Унго, дун кватIиладай,**
**Кумекалъе виччан те…**
**Ургъел гьечIел лъималаз**
**ЧIвазе бегьула эмен.**

**Лъукъ-лъукъараб, хIинкъараб**
**Дунял ахIдолеб буго,**
**Жиб хвезе бегьулилан,**
**Хекко кумек гьабеян.**

**Дуниялалъул рокъор**
**ГIинкълъарал чагIи руго,**
**Щибаб гъасда гIодов чIун:**
**ГIалам нилъее щаян.**

**Унго, дун кватIиладай,**
**Кумекалъе виччан те…**
**Ургъел гьечIел гIадамаз**
**ЧIвазе бегьула дунял.**

**Чанги тушбаби руго,**
**Чанги унтарал руго.**
**Ургъел гьечIолъи буго**
**Бищун ракI лъукъараб жо».**

* * *

Расулида лъана, бихьана цо чиясул гIумруялдасаги гIемерго цIикIкIарабги, гьесие щвана цо чиясе щвезе рес гьечIебгIан рецщги, гьес каранда рана мустахIикъал орденал-медалалги… Амма, гIумруялъул хутIараб нух къокълъанагIан шагIир пашман гьавулев вуго рекIекълъиялъ, заманаялъ живго гуккун ватиялъ, рецщги ахиратги цо цIадирабазда лъедал, ахират бакIлъулеб батиялъ…

**«Дун цIакъ пашман вуго, как базе лъачIев…**

**Дун цIакъ къварид вуго, Къуръан цIаличIев**…» – гьедин хъвалеб буго Расулица, Эмиратазул минарахъги балагьун…

**«Гьал Эмиратазул минарал рихьун,**
**Цо бухIараб асар букIуна дие…»**

Гьанирго рехселин **«Росдал мажгит»** абураб шигIруялъул мухъал:

**«Рагьилин къиркъилеб, жегиги къараб**
**Дир гьитIинаб росдал мискинаб мажгит…**
**Дида лъимадул мех ракIалде щола:**
**РукIарал рузманал, вагIза, дугIаби.**

**Минбараца къураб босарабани,**
**Намус кьерилазул кьерхинароан.**
**Цо-цо гьардарасда гьикъарабани,**
**Кколеб хIакъалдаса чи хIинкъилаан.**

**Лъие къваригIараб, дида лъаларо,**
**Дунги БетIергьанги ратIа гьаризе?**
**Щиб квешлъи букIараб ахIулеб кочIолъ**
**Какалъул рацIцIалъи дица цIунани?**

**…Огь дида малъичIо гIодой къулизе,**
**ГIассиял иххазул мехтараб рижи…**
**Жеги инсуцацин БетIергьанасе**
**БетIер даим балъго чIвалеб букIана…»**

Цойги кечI:

* * *

**«Дун вагъулев вукIуна**
**РукIарал гъугъаялгун, –**
**Гьезул хъуялъ дов Аллагь**
**Дида рагIизе течIин.**
**Аллагь дида кIалъана:**
**Жив тIасалъугьанилан, –**
**Дуца бетIер даланин**
**Даимаб рокьуй гIоло.**

**Дун къацандула даим**
**Бикъараб дир бакъ-къогун, –**
**Гьаб дир гIумруялъул рукъ**
**ГIадада батанилан.**
**Дида Бича кIалъана:**
**Нечараб щиб кканиги,**
**Цо-цо кечI букIанин дур**
**Дир какалда релълъараб».**

Эмен, шагIир гуревги, гIалимчи вукIиналъги гьесул баракат щваравлъун ккана ХIамзатил Расул. Аллагьас лъикIаб гьоркьоблъи ккезабуна гьесулги СагIид-Афандиясулги (къ.с.). Цадахъ рукIараб цо мажлисалдаса къватIире унаго, кIиялго цадахъ ккола нуцIихъе. Цоцазул адаб гьабун, мун цеве вилълъайин цояв, мун вилълъайин цойгияв дагьаб заманаялъ чIовухъе хутIун рукIуна. Ахирги Расулица абула: «70 соналъ ниж цере рилълъана. Ккараб жо бихьана. Гьанже нуж рилълъа цере», – йин.

… Расул ахираталде тIовитIулеб къо жакъа гIадин ракIалда буго. Шагьар къотIун, хабзалалъе щвезегIан лъелго ана халкъ унго-унголъунги Халкъияв жидерго шагIирги гъуждуз гъуждузухъе кьолаго. Хабзалалъе щведал устар ватун вуго бухъараб хобалъул рагIалда гIодов чIун. Гьесул квераз хабалъ лъейги щвана Расулие. ВатIанги халкъги хирияв шагIир Аллагьасги рехун толаревлъи лъана гьеб къоялъ.

… Расулил кучIдул рехсезе дун лъугьинчIо, рехсезе гуреб кечIги кодобе щвечIо. Гьел цIализе ккола. Щивав магIарулас. Расулил магIна нилъееги, нилъер магIна Дагъистаналъеги, Дагъистаналъул магIна дунялалъеги кинаб бугебали бичIчIизе ккани.

Ахиралда рехсезе тун букIана Россиялда вугев Иорданиялъул посол, Дагъистаналдаса мугьажиразул наслуялъул чи ГIумар Дагъистаниясул калима: «XIX-абилеб гIасруялда магIарулаз дунялалъе сайгъат гьавуна Шамил, XX-абилеб гIасруялда гьеб миллаталъ дунялалъе кьуна Расул. XXI-абилеб гIасруялда щивдай кьела?..»

Расулил хIакъалъулъ дир пикраби лъугIел гьечIел ратаниги¸ гьаниб лъугIизе толаго живго Расулил **«Памятник»** абураб кечI лъечIони, макъалаялда лъураб цIар щвалде щолеб батичIо:

**«Дицаги гьабуна памятник дийго,**
**Гьеб борхатаб гьечIо – дир кочIол зани.**
**Амма, букIаниги, гьаб тIалъиялде**
**Дун хекко тIагIине вачIарав гьечIо.**

**Чанги гьурал пула, чанги цIад бала,**
**Дир цIар къотIиларо, дир цIа свинаро.**
**Гьелда тIасан ина гIемерал санал,**
**ГIурул ханидасан хехаб лъар гIадин.**

**Дун вукIана чанги батIи-батIияв,**
**ХутIила ракIазулъ цохIо хIажатав;**
**Цогиял нусгояз хисизе гьечIев,**
**Дицаго бакараб дирго чирахълъун.**

**Доба Североалда чIухIарал финаз**
**АхIиларо дир цIар, рехселаро дун.**
**Амма нус-нус соназ бухьараб сапар**
**Бихьила хIасратал дир наслабазда.**

**Гьез къимат гьабила, къадараб букIа,**
**Гьаб кватIун бачIараб дир бичIчIиялъе.**
**Мискинаб росдайги дунялалъеги**
**Дир чIчIвабзаз тIамурал гIищкъул бакъназе.**

**Дун дирго векалъул хIикмат вукIина,**
**ХIалихьалъиялде данде вагъулев.**
**ХIайранал кучIдузул картаялда тIад**
**ТIадмагIаруласги тела чIинкIиллъи».**

…Нахъойги уней йиго Расулил памятникалъухъе. Дун гIагарлъанагIан гьев кIодолъулеб куц бичIчIизе...

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.***



# ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

## САБРУ

1.

БукIанила мадугьалихъ бугеб кIиго росу. ДагIба-рагIи кьалде сверун, цояб росулъа гIолохъанчияс чIванила цогияб росулъа гIолохъанчи. Рахъанилаха чIварасул гIагарлъиги, гьеб росдал цоги гIолохъабиги ахIуд. Дол цоялги гIенеккун чIелищ, рачIанила гьезулалги. Гьоркьоб дагьаб гурони манзил гьечIого, гьанже гурони гьанже цоцазде инин кколеб хIалалъ хIалуцун букIанила кIиябго къукъа. Циндаго, дов чIаго хутIарав гIолохъанчиги цадахъ вачун, цевегIан вачIанила гьесул эмен ва абунила:

– Дир васасул квердасан хун вуго живго гIадав гIолохъанчи. Гьелдаса вохарав чи, нужерго гIадин, нижерги гьечIо. Дица дирго вас кьолев вуго чIварасул гIагарлъиялъухъе къисас босизе. Гьелдалъун ккара-тарабги кIиябго жамагIаталда кIочон те, Аллагьасул хIукмуялдаги разилъун, цебего гIадин, гьудуллъи-божилъиялда нилъги рукIине руго.

Боржунеб тIотIол сас рагIулеб гIадаб сихIкъотIи лъугьанила сверухълъиялда. Киназдаго ккун букIанила, гьес абуралдаги разилъун, дов чIварав васасул инсуца, яги гьесул вацазул цояс гьадав гIолохъанчи чIвалилан. Амма кканила гьезда ракIалда букIинчIеб жо. Инсудаги васасдаги аскIове вачIанила чIварав гIолохъанчиясул эмен. Гьес ракIчIараб, борхатаб гьаракьалдалъун абунила:

– Вагъизе ккун вуго кIиго гIолохъанчи. Гьелъие гIилла щиб букIарабали лъаларо. Лъазабизе нилъги лъугьинаро. Квер цебе ккун, гьав гIолохъанчиясдаса дир вас хун вуго. Гьесдаса гьав васасул щибниги тIокIлъиги дида бихьулеб гьечIо. Рес букIана дос гьав чIвазеги. Дир васасул талихI къун буго, гьав цоясе икъбал ккун буго. Гьанже гьелда гьабизе жо гьечIо. Дун гьасда тIасалъугьарав вуго, цоцазда тушманлъи лъазабизеги хIажат гьечIо. Бокьиларо дие гьаб лъугьа-бахъиналъе гIоло нилъер жамагIатазда гьоркьоб кьватIел ккезе. Нилъер кIиябго росу цебего гIадин, божарал мадугьалзабилъун хутIизе ккола.

КIиявго инсуе баркалаги кьун, гьеб къотIиялда киналгоги разилъанила, кIиябго жамагIаталъ лъикIаб адаб-хIурматалда дов гIолохъанчиги вукъанила.

**2.**

Доб, магIарулал гуржиялъе чабхъад хьвадулеб заманалда, Унсоколоса вукIун вуго ГIусманил НурмухIамад абулев сверухълъиялдаго бахIарчилъиялъул цIар рагIарав, цIакъ лебалав бодул цевехъан. Гьесул багьадурлъиялъул хIакъалъулъ гIемерал биценал руго халкъалда гьоркьор тIиритIарал.

Цо тохаб бакIалдасан НурмухIамадида рагIула, гьев чабхъаде араб мехалъ, лъади пуланав гIачивехьасулгун бухьеналда йикIуней йигилан. Божилареб гIадаб жоялда божизе кIвечIониги, кисан гьеб хабар бижарабали мухIканлъи лъазабизе хIукму ккола гьесул. РикIкIадаб сапаралде унев вугилан лъадудаги абун, къоялъ гIешдерил рохьов свера-тирулевги вукIун, къаси сордо

бащалъараб гIадаб мехалда щола ГIусманилав рокъове. Рос тIадвуссинарилан ракIчIарай гьей гIаданги, вокьулевги аскIове ахIун, парахат йикIуна. Доб хабар чIобогояб гьури-муч гуреб, ракIгьанцIизабулеб хIакъикъат букIин баянлъарав НурмухIамадица, кигIанго жанисан воркьулев вугониги, живго ккезе хIаракат бахъула.

Жийго хадуйги йитIун ахIула лъадул эменги, вацалги, росдал дибирги. Гьезда цебесан жинцаго цIарги тIамун, гьадав гIачивехьасе гьелъул магьари лъеян буюрула дибирасе. Бальгояб рогьоялъухъ рагьараб къисматги щун, гьел кIиялгоги къватIире уна, расги лъугьинчIеб гIадин рокъов ГIусманил НурмухIамадги парахалъула. *(Гьеб биценалъул кьучIалда хъвараб «Сабру» абураб гIезегIан кIудияб поэма буго МухIамад ПатахIовасул. Ред).*

**3.**

Жиндир гIелмуялдалъунги гIакълуялдалъунги цIар рагIарав Сугъралъа ГIабдурахIман-хIажиясул вукIана лъабго вас. Лъабабилев, бищун гьитIинав вас МухIамадхIажи Дагъистаналъул ункъабилев имам вукIаравлъиги, гьесул къисматги киназдаго лъала. КIиявго кIудияв вас – ХIажимухIамадги АхIмад-дибирги тIадегIанаб диния цIалиги гьабун, цояв Турциялда, цояв ЦIоралда рукIуна шаригIат тIибитIизабулел. Гьоркьор дагьалго къоял гурони инчIого, хун руго гьел битIун завалаб ригьалда ругел гIолохъаби. Гьеб захIматаб камиялъул ругьел бараб кагъат бачIуна ГIабдурахIман-хIажиясухъе. Кагъат цIалулелъул гьесда аскIор рукIуна гIезегIанго мутагIилзабиги. Устарас абула:

– Дир кьер хисанищ, гIолохъаби? – илан.

– ХисичIо, – ян жаваб кьола гьез.

– Аллагьасе рецц бугоха, – ян абула гьес, гьурмада кIиябго кверги бахъун. – Дун хIинкъун вукIана кьер хисун батилилан. Дир васал къадаралде щун ругоха, дир лъимал. Иманалда ккун ратаги гьел. Аллагьас кьун рукIана дие гьел, Гьес нахъе рачунги ун руго. Разиго, тIадаб иш гIадин къабул гьабизе ккола нилъеца гьеб.

Хадуб гьев лъадухъе рокъове жаниве уна ва абула гьелдаги:

– ПатIимат, цо пуланав чияс нилъехъе цIунизе кьун рукIарал хириял жал нахъе кьеян гьев вачIани, кьезе ккелаанищ?

– Ккела, – ян жаваб кьола гьелъ, росасул гьел рагIабазда нахъа бальголъи букIинги бичIчIун.

– Гьединго буго Аллагьас нилъее кьолеб рахIматги. Кьурал гIадин лъималги бечелъиги нахъе росизеги хIалкIолъи буго Аллагьасул. Нилъ гьелдаса пашманлъизе, яги рихха-хочизе бегьуларо. Нилъер ХIажимухIамадги АхIмаддибирги Аллагьас жиндихъего ахIун руго. Гьелда сабру гьабеха дуца. ГIодиги кIваричIо, гIасиял жалги гьаруге.

КватIичIого сугъулдерил жамагIат бакIаранила гьесул азбаралде. Гьездаги ГIабдурахIман-хIажияс абунила:

– ГIалимзаби хвани, эбел-инсуе камуларо, росдае камула. Дир васалги эбел-инсуе камичIо, росдае камуна. Гьанже нуж парахатго рукIа.

**4.**

ХIажимурадил цIар киса-кибего цIакъ машгьурлъараб мех букIун буго гьеб. Лага-черх битIарав, лъикIаб жигар-жаналъул цо гIолохъанчиясда ракIалде ккун буго гьевгун вагъун бергьине ва гьелдалъун, гьесул бугеб машгьурлъи-цIар жиндиего «босизе». Гьеб мурадгун ХIажимурадихъе щведал, гъасда гIодов чIун ватун вуго гIолохъанчиясда гьев.

– ЧIалгIана дида ХIажимурадго ХIажимурадилан, киназго, кидаго дуе цIар-рецц гьаби. Дудаса къураб жо дир щиб бугеб, – ян абун буго гIолохъанчияс гьеседа. – Дица бихьизабила кинав нилъер бахIарчияли. Бокьани заруд, бокьани хвалчад вагъизе вахъа дунгун.

– БахIарчилъи борцине ккани, батIаго рагъизе кколаро, гьудулавчи, – ян гIодове виччан жаваб кьунила ХIажимурадица. – РачIа кIиясго гьале гьаб цIадуде цого къагIидаялъ килщал кквезе. ЦIикIкIун мехалъ бухIи хIехьезе кIварав вукIина нилъер бахIарчи.

Гьеб къотIиялда гIолохъанчиги разилъун, ккунила кIиясго цIадуде килщал.

Заманалдаса гIолохъанчияс туркIун нахъе босанила килищ.

– Гьелеха, дир диналъул вац, – ян абунила ХIажимурадица. – Цоги лахIзаталъ дур сабру гIун букIарабани, дица нахъе босизехъин букIана килищ. Гьеле гьеб цо лахIзаталда бараб жо букIуна бахIарчилъи.

## САХАВАТЧИЛЪИ

1.

Базаралде къваригIараб-тараб босизе щварав цо чиясда, гIадамаздаса ватIа тIун, къваридго ватанила живго гIадов цоги чи. Гьикъа-бакъидал гьес биценила, жинде цIакъ кIудияб налъи ккун бугин, гьеб бецIизе ресги гьечIого, гьабизе жоги лъаларого вугин. Цадахъги вачун гьадав чияс, цохIо шагьицин нахъе течIого, рокъоб букIарабщинаб гIарац кьунила гьесие. Гьоболги нухда регIун, пашманго рокъове вуссарав росасда лъадуца абунила, хадуб гьедин ракIбухIулев чияс, щибниги нилъеегоги течIого, кинабго гIарац дов чиясе щай кьурабилан. Нилъер кIудияб хъизаналъ гьанже щиб кваназе, ретIизе бугебилан.

– Дун гьоболасе кьураб гIарцуда хадуб ракIбухIун гуро вугев, гьесде ккараб кIудияб налъи бецIизе гIураб гIарац нилъер букIинчIолъиялъ ракIбакъван вуго, – абун жаваб кьунила росас.

**2.**

Жиндирго чукъа-ракъангун, сапаралдаса тIадвуссун вачIунев ханасда нухда ватанила цIакъ язихъав, пакъирав чи. Гьес гьадав чиясе, дуего ретIинеги кваназеги жо босеян, жиндихъго букIараб лъикIаланго гIарац кьунила. Гьоркьоб гIемер мехго инелде, тира-сверизе къватIиве вахъарав ханасда, гьадабго бакIалда, добго хIалалъ, довго чи ватанила. РетIел-кунги квен-тIехги щай босичIебин, дица кьураб гIарац гIечIогойищ дуеян гIажаиблъанила хан.

– Диени доб гIарац гIунги тIокIабги тIаса борчIарабги букIана, бетIерчIахъад, – илан абунила гьев чияс, – дунго гIадал цоги–цоги гIадамал ратун, гьезие бикьун нахъе жо хутIичIо.

– Гьаб нухалъ, хIажатабгIан дуегоги тун, бикье цогиязе, – янги абун, цебе кьураб кIочонебгIанги гIемераб гIарац кьунила мискинчиясухъе ханас.

### 3.

ВукIанила гIаданлъиялъул цIар арав цоги гьединавго хан. Мех-мехалда, гьардухъанасул ретIелги ретIун, лъидаго живго ватIа вахъизе лъалареб хIалалъ улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъухъ, гIадамазул гIумру-яшавалъухъ балагьизе свера-тиризе вахъунаанила гьев.

Гьедин свера-тирулаго, цо къоялъ цо расалъиялда гIолохъанчиги лъабго гIиялъажоги ратанила гьесда. ХIалбихьизе гIадин, ханас гIолохъанчиясда абунила, дур гьаб гIилъажоялъул гьанал кесек бокьилаанин кваназейилан. Бокьани, кьеларищха нилъецаянги абун, гьебсагIат гIиялъажоги хъун, белъинеги белъун, гьанал бох кьунила гIолохъанчияс «гьардухъанасухъе». Гьанги кванан, баркалаги кьун, ханги нахъе анила.

Чанго къоялдаса вазир витIанила ханас, гьадабго къагIидаялъ басрияб ретIелги ретIун, гIолохъанчиясухъе. Гьес абунила доб къоялъ дуца гьан кьурав жиндир вац унтун вугин, гьесие дарулъилин абунин дур гIиял гьан. Гьев чиясе дарулъулеб батани, цIакъ лъикI бугиланги абун, хутIараб кIиябго гIиялъажоги хъун, гьезул къулагIабиги росун витIанила гIолохъанчияс «гьардухъанасул вац».

Хадусеб къоялъ ханас гIолохъанчи жиндихъего ахIанила. ХIакъиткъатги бицун, лъабнусго гIиялъажоги, лъебе-лъебер варанабиги чуялги кьун, лъикIаб адаб-хIурматалда нухда регIанила гьев.

Дуца гьадав гIолохъанчиясе цIакъго цIикIкIинабунилан абунила вазирас ханасда.

– ГьабичIо, – ян чIванкъотIун жаваб кьунила ханас. – Досул рекIел сахаватлъиялда дир бугебщинаб боцIи-рикъзи, мал-мулк бащалъиларо. Дица, чиясе хIажалъулеб дагьа-макъабго жоги кьун, гIаданлъи гьабун тана досие.

## ККАРАЛЪУБ БИЦАРАБ БЕРЦИНАБ РАГIИ

### 1.

«Ширазалъул берциналъ дун къиралльун гьавуни,
Дица гьелъий кьелаан Самаркандгун Бухара…»

ГIага-шагарго гьединал жугьаби руго анцIилаункъабилеб къарнуялда вукIарав Ширазалдаса Хафизин абулев шагIирасул.

РагIун руго гьел рагIаби, дунялго кверде босизе анищалда вукIарав рекъав Тимурида. ХIаталдаса ун ццидахун вуго гьев. Бокьаралъуса валагьун, гьел жугьаби ургъарав чи жиндихъе вачеян буюурун буго Тимурица. Гьев вачIинелде боркьун, гьелегьинабун цIаги букIун буго. Вачун вачIун вуго Хафиз. АхIдон вугоха гьесде Тимур, гьалщинал биялги тIун, хIалхьезегIан гIадамалги гъурун дица рахъарал Самаркандги Бухараги цо щияли лъаларей гIаданалъул кIветIалда бугеб тIанкIалъухъ кьелин абизе мун щив чийин. Гьединаб ихтияр лъицайин дуе кьураб. ГьабсагIат гьагъаб цIадавеги рехун, дица дур рахъу гьабилин.

Хафизица, щибго хIал хисичIого, гьимизеги гьимун, жиндаго тIад букIараб тIутIу-хъухъураб ретIелги бихьизабун, рахIму-цIоб лъаларев гьев чиясда абунила:

– Я, бетIерчIахъаяв ханзабазулги хан, гьединав сахаватав вукIинчIевани, дун гьадинав мискинав вукIинаанищ, – илан.

Бицуна, гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ гьадаб къоялъ гьиманила рекъав Тимур. Гьадинал гIадамал цIунизе кколилан, къали меседилги кьун, кIудияб адаб-хIурматалда нахъе витIанила гьес Хафиз.

**2.**

Бихьарабила макьилъ цо ханасда жиндирго киналго гIусал-цаби рахъун. Гьебги рекIее гIечIого, жиндирго улка-ракьалда ругел киналго макьаби къотIулел чагIи данде гьарунила гьес. Цо-цоккун гьелги ахIун макьу биццине хIукму кканила ханасул. АхIанила цояв. Бицанила макьу.

– Валлагь, цIакъ квешаб макьу бугоха гьеб, дур бетIерчIахъаяв, – илан абунила гьес. – Кинабго цебесеб гIагарлъиги хун, мун цохIо хутIизе вугин абураб магIна бугоха гьелъул.

– КъотIе хIамил бетIер, – абун ахIданила хан.

КIиабилесулги, лъабабилесулги, хадусезулги къисматалги гьединалго кканила.

ВачIанила ахиралдаги цо хутIарав макьаби къотIулев чи ханасухъе вачун. Бицанила гьесдаги гьадабго макьу.

– Гьеб цIакъ лъикIаб, мун вохизе ккараб макьу буго, бетIерчIахъад, – ян абунила гьес ханасда. – Дур хъизан-агьлуялда, гIага-божаразда гьоркьоб бищун гIумру халатав чи мун вугин абураб магIна буго гьелъул. Гьелдасаги кIудияб талихI щиб букIинеб чиясе.

ГIемераб гIарац-меседги кьун нухда регIанила ханас гьев чи.

– Ханго хан вукIаниги, гIажаибав чини вугоха мун, – ян абунила вазирас ханасда. – Дол цояз бицаралдаги, гьадас абуралдаги гьоркьоб батIалъи щиб бугеб? Дозул дуца бутIрул къотIизаруна, гьадав чиясе баркалаги гIарац-меседги кьуна.

– Досда бицинениги лъана, – илан къокъаб жаваб кьунила ханас вазирасе.

## ХЪ А Н ТI И

ВукIанила кьварун вакъварав цо мискинчи. Живго хвараб къоялъ хадуб хъвезеян тараб цо гIиялъажо гурони, тIокIаб боцIи-рикъзиги гьесул букIинчIила. ВачIанила гьесухъе цо пуланаб къоялъ гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ гьобол. Гьесдаса вохарав мискинчияс, хвел-хобги кIочон тун, гIодоб речIчIун доб гIиялъажоги хъунила, гьелъул цояб ракьхъен хьагинибеги ккезабун, цоялъухъ хисун мадугьалихъа чIагIаги босанила, лъикIаб гьоболлъиги гьабун, мурадги тIубан, гьобол нухда регIанила.

Гьанже тIуванго пакъирлъарав гьадав чияс Аллагьасда гьаранила жиндие цодагьаб боцIи-рикъзи кьеян.

Къабуллъараб къагIида гьесул гьари, хьул гьечIелъуса гIиялги щун, цо-цо чахъу рикIкIун кIи-кIи кьегIерги гьабун, чанго соналдаса азарабго гIиялъажо гIунила гьесул. БачIун цо кетоги чIанила гьесул къавулъ.

Гьедин воха-хинлъун, жиндирго боцIи-малалдаса бер гIорцIуларого вугев гьесда, цо бакъул къоялъ гьадавго гьобол рещтIанила. Гьесие гьоболлъи гьабичIогоги бегьулареб, гьабуни – гIиялъажоги хъвезе кколеб, хъуни – азаргоялда гьоркьоса гьезул цоябги камулеб – кIудияб ургъаликье кканила гьев чи.

Сабаб камураб жо гIажал гурони букIинищ, гIемер ургъараб мехалда, гьоболасе гIаданлъиялъе цого цо бугеб доб кето хъвезе хIукму кканила рукъалъул хважаинасул.

## ШАГIИРАСУЛ ИШ – ЧIУХIИЯЛЪУЛ БОРХАЛЪИ

**ЦIакъ гIажаибаб жо гьаб нилъер гIумру,**
**Нух–рахъ цIехечIого, цебехун унеб.**
**РагIаби гIемераб, гьабулеб дагьаб,**
**Гьерсазда божулеб, ритIухълъи лъачIеб.**

Щибаб соналъул 18 маялда гIемермиллатазулаб Дагъистаналъул халкъалъ кIодо гьабула цIар рагIарав лезгиязул шагIир Сулейман Стальский гьавураб къо.

ШагIирал батIи-батIиял рукIуна. Цоял – хваралго гьездаго цадахъ хола, кIочон тола гьезул цIарги шигIрабиги. Руго шагIирал жалго некIого хванinformatics-ги, хвелгьечIеб цIарги шигIрабиги ракьалда таралги. ГIадамазул ракIазулъ рацIцIадал иццаллъун хутIула гьез хъварал мухъал.



ВукIинесев XX гIасруялъул Гомерасе кIалгьикъун, къобихьун, университетал лъугIичIониги, щвана гIакъилал гIумруялъул дарсал. ГIемерал сонал ана гьесул чадил мочIуялда хадув ун, хIалтIи балагьулаго Ганжаялда, Сырдарья гIоралда тIад кьо балаго Гьоркьохъеб Азиялда, нарт бахъулеб бакIалда Бакуялда.

20-ялдаса цIикIкIун соназ дуниял сверулаго, чанги къварилъаби ва захIмалъаби дандчIвана Сулейманида. «Дида бичIчIана, киве щваниги, щивгун дандчIваниги, мискинчиясе кибго захIмат букIин, жидасаго живго лъутун мискинчи ворчIулареблъи», – ан абулаан гьес.

КигIан гIемерал захIмалъаби дандчIваниги, гьез къуркьизавичIо шагIир, гьелъул гIаксалда гьесул рекIелъ бижана бечедазде ва зулмучагIазде рокьукълъи. «ШагIир – гьев чIаго хваравчи ватичIони, рес гьечIо гьев вуцIцIухIун чIезе».

Сулейманица кучIдуздалъун загьир гьарулел рукIана жиндирго рекIел хIалги, пикрабиги, гIумруялда жанир кколел лъугьа–бахъиназдехун жиндирго бугеб бербалагьиги.

Бищунго цIакъ гьес кIвар кьолел суалал рукIана моралияб рахъалъулги, философиялъулги, диналъул хIакъалъулъги жиндирго пикраби, жиндирго рекIелъ бугеб рахIатхвей, тIаде гIолел гIолилазда цебе жиндирго бугеб жавабчилъи.

Сулейман Стальский – «XX гIасруялъул Гомер», гьев ккола советияб Дагъистаналъул литератураялъе кьучI лъуразул цояв. Советияб властальгIезегIан кIодо гьавуна гьев, вахинавуна бищун кIудияб даражаялъул ва шагIирлъиялъул борхалъиялде.

1930-абилел соназда Сулеманица хъварал шигIраби рикIкIунел рукIана политикияллъун. Гьес къватIир чIвазарулел рукIана намус-яхI гьечIел, мацIихъаби, бугьтанал лъолел, амма хIакъикъаталдаги гьесул киналго асарал цоги миллатазул мацIазде руссинарун рукIинчIо. Гьединлъидал, захIмат букIана гьев вичIчIизеги гьесие кколеб къимат кьезеги.

Нилъеда лъала С.Стальскиясул лъикIав ва божарав гьудул-гьалмагъ вукIана литературовед ХIажибеков ХIажибек. ХIажибековас гIемераб заманги рухI-жанги кьуна С.Стальскиясул творчество цIалдолезе кинабго рахъалъан, гIатIидго рагьулаго. ХIажибековас таржама гьарун, цоги мацIазде руссинаруна Сулейманил кучIдулги, поэмабиги, абиялги. Гьале гьезул цо-цоял: «ВатIаналъул хIакъалъулъ пикраби», «Дагъистаналде гьабураб кечI». Гьелъул хIакъалъулъ хъвалеб буго Наталья Капиевалъ жиндирго «ЧIегIераб тIанкI гьечIого гьабураб гIумру» абураб тIехьалда.

1937 соналъ, битIун репрессиязул заманаялда, гьесул гьудул ХI.ХIажибековги халкъалъун тушманлъун лъазавун, жанив тIамун вугилан рагIарабго, С.Стальский вачIун вуго МахIачхъалаялде. Сулейманида гьеб цIакъ захIмалъун букIун буго. Гьес абулеб букIун буго жиндир божарав гьудул ХIажибеков «халкъалъул тушм ан» вукIине рес гьечIилан ва гьев туснахъалъуса къватIиве виччазавизе векерахъдилев вукIун вуго. Амма гьесухъ гIинтIамулев чи цониги ккечIо. КватIичIого шагIирасда лъала Н.Самурскийги гьединго жанив тIамиялъул хабар.

Жиндир мунагьал чураяв профессор А.Алекберовас бицунеб букIана, кIудияв шагIирасул пашманлъи-къварилъи цIакъго цIикIкIанила, Н.Самурскиясул бакIалда хъулухъалде вачIарав Ломоносовас гьев, жиндирго кучIдузулъ «халкъалъул тушман» Н.Самурский какизе, къватIивчIвазавизе тIамиялъги.

ШагIирасда кIвечIо жиндирго гьа хвезабизе: «БитIараб абизе бегьулеб гьечIо, тIекъаб кучIдузулъ абизе бегьуларо… ШагIир вуцIцIухIун чIезе бегьула, цохIого-цо гьев хун, ракьулъ вукъун вугони…».

Цинги гьесги абуна жиндирго рагIи. Ахирисеб нухалда гьес жиндирго кучIдул цIалана 1937 соналъул 7 ноябралда. Гьес гьел цIалана гIадатияб халкъалъе, гIемерал захIамалъабиги къварилъабиги хIехьараб гIагараб халкъалъе. Сорокинги Ломоносовги цIакъ рази рукIинчIго гьесдаса.

Сулейманица абулаан: «ШагIирасул иш-пиша – гьеб кIудияб борхалъи буго», – илан. Гьев жиндирго росулъе тIадвуссана цIакъ пашманго. Гьелдаса хадуб чанго къоялдаса гьев къадаралде щвана, 1937 соналъул 23 ноябралда гьев хвана.

С.Стальскиясда хIехьезе кIвечIо гьел соназул лъугьа-бахъинал. ГIайибго гьечIел, ракIбацIцIадго хIалтIулел гIадамал, тIаде гIайибги гIунтIизабун, рачун жанир лъун, гIакъуба кьун, хвезарулел рукIана. ХIинкъаби кьуниги, гьукъун букIаниги, шагIирас жиндирго яхI-намус бичичIо, гьудулзабазеги хиянатлъичIо.

С.Стальскиясул асаразе гьесул ритIухъаб гIумруялъеги кколеб къимат кьуна пачалихъалъ. 1925 соналдаса нахъе Сулейман вукIана ДагъЦИКлъул

членлъун, 1934 соналъ гьесие кьуна «Дагъистаналъул халкъияв шагІир» абураб тІадегІанаб цІар.

Къасумкенталъул цІар букІараб районалъе кьуна С.Стальскиясул цІар. Хъвадарухъабазул Союзалъул Правлениялъул хІукмуялда рекъон, Сулейманил хІурмат гьабун, гьев кІодо гьавун, 18 май чІезабун буго Дагъистаналъул поэзиялъул Къолъун.

Гьеб къо кІодо гьабулаго, С.Стальскийги ракІалде щвезавун, Владимир Луговскояс абуна:

«…Сулейманил гІадатиял асараз нилъ асир гьаруна, нилъер ракІазулъе гьел рортана ва кидагоялъе гьенир хутІана. Гьезулъ буго мугІрузда гІурал къвакІарал бахІарчиял гІадамазул гІамал–хасиятги, къохІехьейги, тушманасде бугеб гьалагаб ццинги, рокьукълъиги. Гьесул кучІдузулъ гьеб тІибитІана Лезгистаналда гуреб тІолабго Дагъистаналдаго, Кавказалдаго, цинги тІубараб Россиялдаго».

КІудияб адаб-хІурматгун ва рокьигун кидаго нилъеда ракІалда вукІина гьев кІудияв шагІир. Гьев гьелъие мустахІикъавлъунги вукІана.

*Ханбиче ХАМЕТОВА,*
*Дагъистаналъул халкъияй шагІир.*

**Сулейман СТАЛЬСКИЙ**

## ТІОЛГОСОЮЗАЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СЪЕЗДАЛДА КІАЛЪАЙ

**ЦІадалъан, гІаздалъан гІедегІичІого**
**Ниж рикІкІаде, гьале гьанир рачІана.**
**Гьалмагъ Ленин – нилъер гІакълу тІокІав вождь, –**
**Гьев вихьизе гьале гьанир рачІана.**

**Халкъияв комиссар, багІар армейцал,**
**Би жубаралгІанги дие гІагарал.**
**Кире руссаниги, гьудул-гьалмагълъи, –**
**Гьеб баркизе гьале гьанир рачІана.**

**Нилъеца гІумрудул накІкІ щущазабун,**
**Бакъул чІораз улка гвангъизабуна.**
**ЧІаго таги Горький – бураналъул хІинчІ,**
**Духъе щвезе гьале гьанир рачІана.**

**Октябралъ хвалчен чархида ккураб,**
**Социализмалде ниж хадур цІалеб,**

ЧIахъаги даимго захIматчи класс! –
Гъезухъе рачIана нилъ вацал гIадин.

БукIинеселдехун гъумер кьун руссун,
Нилъер кочIохъаби, къокъаби гьарун,
ТIолго бокIназдасан гьаб Москваялде
Съездалде гьале гьанир рачIана.

ЗахIмалъи бихьараб, къварилъи лъараб,
Нилъер гIолохъанаб улка тIегьана.
Рагьана тIугьдуца жидерго бутIрул, –
Гьеб чIухIаб ахикье гьале рачIана.

МугIрул гьава гIадин цIилъун буго къо,
Къалъун буго улка, анищ тIубалеб.
Гьелъул гьайбатлъигун, гьелъул рохелгун
Нилъ гIолохъанлъидал гIужде рачIана.

Дир кIудияб улка – эбелаб ВатIан,
Лагълъидал гъамутал тIаса рехараб,
РорчIана думалъго нилъ макьидаса,
РорчIана ва гьале гьанир рачIана.

*Буссинабуна М.САИДОВАС.*

## ОРДЖОНИКИДЗЕ ХВЕЯЛДЕ

ТIаде щвана пашманаб
Дур хабар, Орджоникидзе.
Якъинлъана унтараб
Телеграмм, Орджоникидзе.

ЛъикIаб хасияталъул,
ГъалбацIил сураталъул,
Тушман чIвалеб ракIалъул
ВукIана Орджоникидзе.

РекIее рокьуларел
КьогIал телеграммаби
ТIаде щведал, халкъалъул
Кьер тIуна, Орджоникидзе.

Москваялдасан гьезул
Баян такрарлъанагIан,
Нижер пикраби щущан
РукIана, Орджоникидзе.

Кинабго иш хIакълъана,
ХIанчIун килщал унтана,
ХIалкIолевлъун вукIана
Нилъер Орджоникидзе.

Фабрик-завод бечелъи –
МагIишатал гIатIилъи,
Мискин халкъалъул лъикIлъи –
Дур ният, Орджоникидзе.

КIудал ишал хIалтIана,
Улка борхизабуна,
Хиянат рекIелъ бахчун,
Чи течIо, Орджоникидзе.

Мун гьоркьоса аниги,
Гьалмагълъи чIаго таги.
Гьунарги бергьенлъиги
Бикьизе, Орджоникидзе.

Стал Сулейманица
Абулеб буго: дуда
Тараб сайгъат нижеца
ЦIунила, Орджоникидзе.

### БЕГАВУЛАСДЕ

Гьаб росулъ халкъалъе рахIат ккеларо,
РачIа, нилъ риххизин, рехун гьабги тун.
Цо санагIат бугеб бакI камиларо,
РигьтIа росу рехун, рахьинин гочун.

Нужеца гIарщуналъ, кин борцаниги,
Я авал, я ахир гьаниб ккеларо.
Нужейго нух бате, щибжо гьабунги,
ЖамагIат гьаниб чIун бажариларо.

Ле, гьал хъахIал мугжул, нуж данделъула,
ЧIумалги тIилалги кодор хIалтIула.
ГIорхъи тун халкъалда зулму гьабула,
Щай мискинзабазе зазлъун ругел чIун?

Нижей гьав бегавул захIмалъун вуго,
Зулму-хIал халкъалда цIакъ бакIлъун буго.
КIиго кепкихъ ас ниж ричизе руго, –
КигIан намус гьечIев чи вугев вижун.

Ас живго жинцаго чийилан тола,
Чияда аскIов ав хIалихьат ккола.
Ахир ас ричун нилъ учузго кьела, –
Бихьулищ тIилилав тIаде вуго ккун.

Гьасдасан щибниги пайда щвеларо,
Гьабулеб-толеб жо лъазе кIоларо.
Сулейманил къуват данде чIоларо,
Щиб дица гьабулеб, гьавги тIад вукIун.

*Буссинабуна ЦIадаса ХIАМЗАТИЦА.*

### ИХДАЛИЛ КУЧIДУЛ

Дунялалъул цIилъи гьайбатаб буго,
Гьанже киса-кибго их рещтIун буго.
Булбул хIанчIил кучIдул рагIула гIинда,
Рохел-аваданлъи рагIула сверухъ.

ТIугьдузулъ росарал цIиял нухал ккун,
Нилъ цереса цере къокъунел руго.
ТIагIана ракъиги гьардухъанлъиги,
Гьанже мискинчиги бечелъун вуго.

ГIадамазда хъвазе, цIализе лъана,
Гьезул кверзукь щибаб хIалтIи гьалдола.
Нилъей къо гвангъула Москваялдасан,
ТIолго улкаялъул халкъазе гIадин.

Дица улкаялъул гIумруялъулъан
РекIел бацIцIалъилъун босила цебе.
КIудияв Ленинил ритIухъаб рагIи,
Халкъалде гьабураб гьесул васигат.

* * *

Гьаб дир ВатIаналъул гвангъараб рокъой
Нахъеги бачIана нигIматалгун их.
Бечедаб гьарзаяб гьелъул цIадаца
Чурила нахъеги мугIрул гIадраби.

Биччанте хурзабахъ тIорщел гьелчезе,
Биччанте гьелъ цагърал цIезе гьаризе, –
ЧIахъаги кидаго колхозияб май,
Халкъалъе нигIматги захIматги кьолеб!

РакIал аваданаб ихдалил гьава
МугIрул тIогьазда тIад тIибитIун буго.
ГIоразги лъаразги эхебе босун,
Униб буго ракьул тIолго чороклъи.

Гьадинаб гIужалда гIадамал кирго
БагIар байрахъалгун рахъуна къватIир,
РикIкIад улкабазул захIматчагIаца
Нилъехъе рачIуна ритIун саламал.

Их! Нижеда урхъа, нижер балагьи
Дур зодоб цIвабзазул цIаян кколарищ!
Дур гьайбатал къоял, дур аваданлъи
Байрахъ гIадин, кибго парпалеб буго.

Гьелъин щибаб нухалъ тIаде щварабго,
Халкъалъ мун баркулеб, дуй салам кьолеб…
Духъ урхъи бергьиналъ, сон сверарабго,
Дицаги баркула кочIодалъун май.

## ВАТIАНАЛДЕ

Улкаялъул халкъал гIагар гьарураб,
Гьезие рохелги талихIги кьураб,
ТIолго гIасрабазул анищги хьулги
Дулъ бессун гвангъана, гIагараб ВатIан.

РакI бухIизе ккараб цохIо жо буго, –
ЩIияб ва гьайбатаб гьаб рокъове дун
ВачIана цIакъ кватIун, херлъараб мехалъ,
Ва ахIана дагьго, дур рахъалъ, ВатIан.

Амма нуж, дир лъимал, дир ирс кодосел,
Дун тIубан хIалхьуде араб мехалда,
Дица нужей тедал даим талихIаб,
Дие канлъи кьураб гIагараб ВатIан.

БецIаб гIумруялда гIадамаз веказ
Гьабураб хиялги, къасдги, анищги
Гьаниб кьела нужей бокьараб мехалъ
ГIагараб хирияб эбел – ВатIаналъ.

Эркенаб захIматги рахIат-хIалхьиги, –
Гьаниб гIадаб гIумру кибниги гьечIо.
Биччанте парпазе дунялалда тIад
Дур чIухIараб байрахъ, гIагараб ВатIан.



# НУРМУХIАМАДИЛ МУХIАМАДИЛ БИЦЕНАЛ

## ГЬЕРЕКIДЕРИЛ ЗАЛИМАБ РАСА

Гьаб лъугьа-бахъин ккана жеги НурмухIамадил МухIамад гьавилелдего, 19-абилеб гIасруялъул ахиралда.

КъулгIадухъ лъезе кIудияб раса къваригIун ургъалида букIана гьерекIдерил росдал жамагIат. Магъилъ ва рохьоб бижулеб куракул, цIулакьодул, накIкIигъутIбузул цониги букIинчIо кIудияб раса гьабизе ярагьунеб, киназулго рохтаби рукIана тIеренал.

Гьеб мехалъ жамагIаталъ хIукму гьабуна гендерил рохьоре чапарзаби ритIизе ва бегьулеб гъветI гьениса къотIизе.

ХIамузда квен-тIехги къан, витIун арав ичIго чи къасиялде щвана рохьил рагIалде (бащдаб къойил нух буго кIиябго росдада гьоркьоб). Сордоги гьениб бан, радал тIаде рахъарал гьезда бачIинахъего бихьанила рохьил рагIалда бугеб залимаб гъветI. Гендерица хадуб бицунаан, гьелда гъоркь рагIдукь тIубараб чIегIербоцIул рехьел чIезе бегьулаанилан. Гьединаб икъбалалдаса рохарал бихьиназул хIукму ккана гьеб гъветI къотIизе. ИчIавго гIолохъанчияс тIубараб къоялъ къотIанила гъветI. Гьелъул гъоркь хутIараб рохтиялда тIад чанго чияс цадахъ как балаанила.

ГъветI къотIун лъугIарабго, росулъе ругьел битIун анила, квен-тIехги босун, росулъе чIалу баччизе росдал гIолохъаби ритIеян. Жидецагойин абуни, кIурун ва хъал бахъун, къачIанила хIуби, тIадагьлъизе цодагьабго жанисаги бикIанила. КIиго-лъабго къоялдасан, гIемерал хIамузда квен–тIехги босун, лъабнусгогIан гьаракIуниев щванила гендерил парсахъе. Цо-цоял релъизеги бегьула гьеб къапилагIаги щай абун. Амма цебе чIезабе, кинаб бугониги сухъмахъ нухцин гьечIел кIкIалаздасан, хъитIаздасан ва парсахъан 23-25 километралъул манзилалда гIадамаз бехъерхъизе кколеб букIана чIалу. Кин гьеб бехъерхъилеб, хIамузда ва оцазда цIазабилаан нух букIарабани, амма гьеб букIинчIо. Гьединлъидал, жалго гIадамаз кваралги ран цIазе кколаан кIиго-лъабго къоялъ.

Ва гьале байбихьана кваралги рухьун чIало цIазе. Гьелда гъоркье рехулаан рахал ва тIасан гиризабулаан чIало. Нахъаса росун рахал цере тIиритIулаан, тIасан чIалу цIарабго нахъеги ракIарулаан. Рахал хехго холел рукIана. Гьединлъидал, хIамузда тIад лъун, гьел цадахъги росана.

ХIалтIулаан хис-хисун. Лъеберго-кIикъого чияс цIалаан чIалу пуланаб манзилалъ, цинги гьел хисулаан. ГIетIулъ росарал гIадамаз лъим гIемер гьекъолаан, гьеб баччизеги иццал ралагьизеги хасал гIадамал чIезарун рукIана. Гьеб къоялъ чIало щвана рихьундерил росдатIе балагьараб магIарде. ГIадамал цIакъ свакана, цо-цоязе нухги хIалтIиги бакIлъана, зигардизе лъугьана.

Кин гIадамазул ракIбатизабилеб, чIалгIинчIого рукIине кумек гьабилеб? ХIукму ккана ракIгъеялъе зама–заманалдасан сухIмат-кеп гьабизе. ЧIалу цIалезда гьоркьов вукIана къватIиса вачIун ГьаркIунир чIарал, цIакъ берцинго кечI ахIулев, кIиго вац. ЛъикI манзилалъ кIиявго

гьев гӀодов чӀезавулаан бехъерхъулеб чӀалуялда тӀад. Вацаз ахӀулел кучӀдузул бакъаналда гъоркь чӀалу гъираялда цӀан цебе унаан. Гьеб къоялъул къадеялде лъугьана рихьундерил жаниблъиялде. КӀудияб гьоболлъи гьаби гуребги, гӀурул мухъчӀван эхеде чӀалу цӀазе росдал гӀемерал гӀолохъабиги ритӀана гьез. КӀкӀалахъ багӀарун букӀаниги, цояз–цоял хисун, чӀалу лъалхъичӀого цӀан унеб букӀана.

НухтӀа сордоги бан, радалго нахъеги байбихьана чӀалу бехъерхъизе. Цо-цо гӀодоб ракь бугел нухаздасан, гъоркь щибго тӀибитӀичӀого цӀалаан. ЧӀахӀиял ганчӀал, гъегъ бугел бакӀазда рахалги гӀодор тӀиритӀун, гьезда тӀасан цӀалаан. Радалго росулъе чапар витӀун ана къаденахъеялде зерендерил бакӀалде квен-тӀехгун, данде рачӀайилан. ГӀурул рагӀалдасан, цояз-цоял хисун, гӀолохъабаз лъалхъичӀого бигьаго цӀалеб букӀана чӀалу. АхӀулеб кечӀалъ, гьабулеб махсароялъ, релъа-рохиялъ, дунял багӀарун букӀаниги, нух теялъе кумек гьабулеб букӀана. ЧӀалуйин абуни, билълъинабизе кӀолареб оц гӀадин, хӀал гьабун бехъерхъулеб букӀана. Залимаб, кӀиго-лъабго чияс къвал бан гурони данде щолареб, нагагь хӀажалъи кканиян 10-12 метралъул халалъиялда тараб, халатаб нухалъ ганчӀаз ва гъегъалъ лъукъ-лъукъараб чӀалу рикӀкӀадасан зулму-хӀал гьабун бачун унеб гучаб гӀалхул жанаварилан кколаан. Цебе чӀезабе, бухӀараб бакъукь, тӀубараб къоялъ, 200-300 чияс чӀезе течӀого, цӀан унеб чӀалу. Гьелда гӀахьаллъаразе гьеб букӀана бицаде хутӀараб, нагагьаб лъугьа-бахъинлъун.

ХӀакъикъаталдаги, къаденахъе щвана зерендерил росдада дандбитӀараб гӀурул цояб рахъалде, жидерго ракьалъул гьитӀинабго танкелалде. Гьенисан цӀакъго гъоркьа тӀаде балагьараб щобдаса эхеде цӀазе кколаан чӀалу. Гьелда нахъа букӀана росу. Танкелалде, анцӀго хӀамида лъураб квен-тӀехгун данде рачӀун ратана росдал бихьиналгун руччаби. ЧӀалуги чӀезабун, гӀетӀги бацӀцӀӀунаго, гӀурухъ какал ран рахъарабго, гури-гури гьабун, кванидаги гьекъолеб жоялдаги сверун гӀодор чӀана свакарал гӀадамал. Данде рачӀарал руччабазда цадахъ рукӀана магӀарухъго цӀар арал яцал-кочӀохъаби ГьаракӀуниса ГӀайшатги ПатӀиматги. Кваналел гьалбадериеги росдал гӀолохъабазеги, гьел кӀодо гьарун чанго кечӀ ахӀана яцаз.

Баркалаги кьун, бакъанида рихьунги рокъо-рокъоре тӀоритӀун, хӀукму ккана чӀалу радал цӀазе. ХутӀун букӀана бищунго захӀматаб, росулъе рахунеб эхедерай. Бицен буго, гӀадамал тӀубараб къоялъ хӀалтӀанин. ЗахӀматго хъурщизабулеб букӀана чӀалу. Цо-кӀиго-лъабгоян ахӀулаго, цебе хъущтӀизабулаан гьез гьеб. ХӀалтӀулезул гъира цӀикӀкӀине ГӀайшатги ПатӀиматги рукӀанила, щобил тӀарадеги рахун, кечӀ ахӀулел.

Ва ахирги, бехъерхъун къулгӀадухъе щвана залимаб чӀалу. Гьелъул раса гьабизе тӀадкъана, ГьитӀинамухӀамадил ХӀажил нухмалъиялда гъоркь, росдал бищунго лъикӀав лъабго устарасда.

Гьелдаса нахъе ана нусгоялдасаги цӀикӀкӀун сон. Жакъаги буго доб гендерил рохьоса къотӀараб накӀкӀигъотӀол гьабураб, щуго-анлъго метралъул халалъи бугеб, кӀудияб раса гьерекӀдерил къулгӀадухъ, умумузул бахӀарчияб захӀматалъул нугӀлъун.

***МухӀамад ТӀАГЬИРОВ***

# ЦIАЛДОЛЕЗУЛ АСАРАЛ



**ПатIимат КАМАЛУДИНОВА**

## УРГЬИБ ЦIА РЕКIУНА ДУР ЭБЕЛАЛДА

**Хехго тIадвуссинин дий рагIиги кьун,
Гурищ ун вукIарав, бабал хазина.
Ралъдалъ чвердон хадув, рокъов вачIинин,
Абун гурищ, Идрис, дуца букIараб?**

**«Дир вас Идрис!» – илан ахIдола эмен,
Доб къоялъ букIараб ракIалде щведал.
Дур гIелбащадалгун дандчIвараб мехалъ,
Ургьиб цIа рекIуна дур эбелалда.**

**Сапаралъ аразул лъалкIал ратула,
Дур лъалкI балагьизе кире ниж инел?
Диналъул хIубиян, дир Идрисилан,
Угьдула дур эбел щибаб минуталъ.**

**Берал нухда ругей, ракI ралъдалъ бугей,
Дурго эбелалда щай мун гурхIичIев?!
РухI дуй кьезегицин хIадур вукIарав,
ТIулилав вацасул ургъел щай тараб?!**

**ДанделъичIищ, дир вас, кIудав устаргун,
Мунагь чорхолъ гьечIев, бабал багьадур.
ГIуруе рухI кьурав, тIинав гIолилав,
ГIодулеб буго духъ тIолабго ТIанус.**

**ЧанцIулго хисана ихалъ рииги,
Амма эбелалъул угьди къотIичIо.
ГIемераб лъим ана гIурухъа эхей,
Эбелалъул бадиб магIу бакъвачIо.**

## ДАДА

Дада-дадайилан, гIагаравилан,
Камилго шурула щибал кIутIбуца.
Бищун хириявин, цохIо вугевин,
ХIалимго абула жив-жив инсанас.

Кьварараб дур калам, камилаб рагIи
ГIола, дир хирияв, дие кидаго.
Сундуйго мисаллъун вуго мун дие,
Мун дир чIухIи вуго, вокьулев дада.

ТIолго хъизаналъул бетIер мун вуго,
Кьолболго божилъи цо дуда буго.
Диде ракI гIагарав, хIасратав дада,
Дир гIумрудул аслу, цохIо вуго мун.

ТIасалъугьа, дада, дир тIекълъиялъухъ,
Гьарурал, риччарал дир гъалатIазухъ.
Дица рагIи кьола кьолбойги дуйги,
Дидасан жагъаллъи бихьиларилан.

## БИЧЧАНТЕ ЧIУХIИЗЕ ТIОЛАБГО ГIАЛАМ

ГIагараб Хунздерил берцинаб тIалъи,
Балагьун бер щвечIел рорхатал мугIрул,
ХIамзатил Расулил бокьулеб ЦIада,
ЦIун буго дуниял дур шигIрабаца.

Биччанте чIухIизе тIолабго гIалам,
Расул, дуца тарал асараздаса.
Жегиги биччанте Кавказ бохизе
КIочене рес гьечIев шагIирасдаса.

ГодекIанир щведал, дур росуцояз
Цогидаб кIочон тун, цо дур бицуна.
Дур адаб-хIурматги, кумек–хъатирги
КIочон гьечIо жеги дур ракьцоязда.

Унел руго сонал сихIкъотIиялда,
Нахъойги сверула их риялде.
Щолев гьечIо, Расул, мун хисизе чи,
Сонал индал цIикIкIун лъана дур къимат.

**Дур бакIалъ берталъе щивдай вачIинев,**
**Лъицадай борхилеб дуе гIоло лълъар.**
**ГIолеб гьечIо, Расул, доб дур гIакъиллъи,**
**Дур рекIелгун кверзул камилаб хинлъи.**

**Гьижаккун рикIкIина, рекIелъ накъищлъун,**
**Дур авар мацIалда хъварал шигIраби.**
**Камилаб дур калам, берцинаб кIалъай,**
**ГIалам хIайранлъараб хIикматаб рагIи.**

***Хунзахъ районалъул***
***ЦIиябтIануси росдал школалъул***
***авар ва гIурус мацIалъул учительница.***



# ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

## МАЛЛА НАСРУДИНИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БИЦЕНАЛ

### МАЛЛАЯСУЛ БАХЧАЯЛДА

Цо къоялъ, дуниял рукIкIунеб гIужалъ, Малла вукIана жиндирго бахчаялда пастIан бакIарулев. Гьесда аскIоре рачIана гьасда лъаларев лъабго чи ва гьез гьасие салам кьуна.

Маллаца салам буссинабуна ва гьеб параялъго чанго пастIан къотIана.

– Кванай, хIурматиял.

Гьел чагIи, гIорцIизегIан пастIанги кванан инехъин рукIана. Маллаца лъалхъизарула ва абуна:

– Нужеца, тIасарищун, пастIаналги росе нужерго хъизан–лъималазе.

Гьел рагIаби рагIидал, кIигояс кIи-кIи пастIан кодобе босана, лъабабилес – лъабго босана.

Гьеб мехалда Маллаца, гьесие бетIерги къулун, абуна:

– ХIурматияв бетIерчIахъад, гьарула дуе щулияб сахлъиги халатаб гIумруги, дун цIакъ вохарав вуго мун дурго рагьдателалги рачун, дихъе бахчаялъуве вачIиналдаса.

Гьобол цIакъ гIажаиблъана ва гьикъана:

– Дуда кингIаги лъараб дун хан вукIинги гьал дир рагьдателал рукIинги?

– Дур хъантIиялъухъ балагьун.

### МАЛЛАЛ СИХIИРЛЪИ

Цо нухалда цо хIурматияв чияс Малла гьоболлъухъ ахIана. Гьоболлъухъ ахIаразда гьоркьов Маллада вихьана шагьаралъул бетIерги. Хважаин цIакъго хIелхIедулев вукIана гьесие. Столалда нахъаги хважаинас гьев гIодов чIезавуна бищунго хIурматияб бакIалда. Шагьаралъул бетIерасе кьолеб квен батIияб букIана, хутIарал гьалбадерие кьолеб – батIияб букIана.

Маллаца сихIкъотIун жиндирго квен лъидаго бихьулаyedухъ шагьаралъул бетIерасда цебе хъурщана ва гьесда цебе букIараб жиндихъего цIана.

Гьеб бихьарав хважаинасул рахIатхвана ва гьес абуна:

– Малла, те гьеб квен гьесие, гьелъ дуе зарал гьабизе гурин.

– Гьеб лъанха дица гьесул квен диего босараб. Аллагьас цIунагиха гьав кIудияв хIакимасе цониги жо ккезе. Нагагь гьесие цо кинабгIаги зарал ккани, нилъер шагьар бетIерги гьечIого хутIила гурии. Амма, дие зарал кканиги, дун хваниги – гьеб кIудияб къварилъи гуро. Биччанте, дица шагьаралъул кIудиясе гIоло кьураблъун рикIкIине дирго гIумру.

## МАЛЛА НАСРУДИНИЛ ВАС

Цо нухалда ханас жиндирго гьундузухъе ахIун вугила Маллал вас. Гьесда бихьула гьев васасул сипат-сурат, гьумер-кIал, мегIер, черх – кинабго инсуда релълъараб бугеблъи.

«Балагьилинха гьанже, – ян ургъулев вукIана хан, – эмен гIадав цIодорав вугищ вас яги гьечIищали».

Ханас, чвантинисаги бахъун, васасухъе меседил гъурущ бегьулеб букIана, амма васас гьеб босичIо.

– Щай дуца босулареб дица кьолеб меседил гъурущ? – ан гьикъана гьесда ханас.

– Дун эбелалдаса хIинкъун вуго, – ян жаваб кьуна васас, – долъ дида лъазабун букIана къватIив дандчIварав, лъаларев чиясухъа щибго босугеян.

– Гьебни цIакъ битIараб, хIалчIахъад, амма дун цевеккарав чиги гурелъулха, дун хан вугелъул!

– Дида лъала мун хан вугеблъи, амма дир эбел дида божизе гьечIо.

– Щай?

– Щайгурелъул, долъ абизе буго гьев чи хан вукIаравани, гьес дуе цохIо меседил гъурущ кьезе букIинчIин, гIемерал гъурщал кьезе рукIанилан.

## РАТIАЛЪИ

Цо нухалда цо чи вачIана Маллахъе ва абуна:

– Дун духъе вачIун вуго дунги чIужуги дуца ратIа гьаризе.

– ЛъикI, – ан абуна гьесда Маллаца ва босун бачIана къаламги кагъатги.

Цинги гьев гIодов чIана ва гьикъана:

– ЦIар щиб дур чIужуялда?

КигIан ургъаниги, тIаде вачIарасда чIужуялъул цIар ракIалде щвезабичIо.

– Лъаларо, – ян букIана жаваб.

– ЛъикI буго, – ян абуна Маллаца, – дуца дида бице чан сон бугеб дур чIужуялъул?

Гьевчи, довехун валагьана, гьанивехун вуссана, берал къапезаруна, амма чан сон чIужуялъул бугебали бицине кIвечIо.

– Валлагь ракIалде щолеб гьечIо, – ян букIана гьесул жаваб.

– БичIчIана, – ян абуна Маллаца, – гьанже бице дуца дида гьей киса кколеяли?

– Малла, дида гьебгицин лъаларо.

Маллаца къалам гIодоб лъуна ва абуна:

– Дур гьелде бугеб рокьиялъухъ балагьун, дида ракIалде ккола, нуж Аллагьас церего ратIа гьарун ратилилан. Лъаларо, щайгIаги мун дихье вачIаравали?..

## МАЛЛАЦА ХАНАСЕ КЪИМАТ КЬОЛА

Цо нухалда Малла Насрудин ханасухъе рокъове вачIана. Ханас ретIун букIана хирияб цебебухь. Гьез бицана батIи-батIиял ишазул хIакъалъулъ. Хадуб ханас гьикъана:

– Малла, битIун бице, дун къиматав чи вугищ яги гьечIищ?

Малла цо дагьалъ ургъана ва цинги абуна:

– Дур багьа буго нусго тумен.

– Дуца бицунеб щиб? – ан гIажаиблъана хан, – цохIо гьаб цебебухьалъул багьа ккола нусго тумен.

– Гьелъул хIакъалъулъха дицаги абулеб бугеб…

## ХАНАСУЛ РУКЪ

Цо нухалда ханас Маллахъе кьуна чанго микьир ва абуна:

– Ма, мун гьалги росун дир рокъоре щвезаризе а!

Малла ана хабалалъе ва гьенир гвандинир жанир лъуна ханас кьурал микьирал.

Хан рокъове щвана, амма гьесда гьенир микьирал ратичIо.

Ццидахарав гьес жиндихъего Малла ахIана:

– Малла, кир ругел микьирал?

– БетIерчIахъаяв хан! – ан абуна Маллаца, – дица гьабуна дуца абураб – гьел микьирал дур рокъоре щвезаруна.

– КиргIаги дуца гьел лъурал?

– ХIурматияв хан! Гьаб дур рукъ кколарелъулха, дица гьел лъуна дур рокъор.

– Кин гьаб дир рукъ кколареб? – хIикмалъана хан, – щай гьаб дир рукъ букIунареб? Кибха бугеб дир рукъ?

Малла тIаде вахъана, цинги абуна:

– Вилълъа дида цадахъ, бихьизабила дица дуда!

Ва гьес хан вачана хабзалалъе.

– Валагье, гьале дур абадияб рукъ. Гъоб мун гьабсагIат вугеб рокъов мун гьобол ккола!

## ЩИВ ВИТIАРАВ ВУГЕВ?

Цо нухалда, Малла Насрудин шагьаралъул бетIерлъун вугеб мехалда, гьесухъе вачIана, жидеда гьоркьоб дагIба-къец ккарав, кIиго гIарзачи. Малла, гIодовевиччан, цин цоясухъ гIенеккана. Жиндирго бугеб къварилъи бицун лъугIарабго, гьес Маллада гьикъана:

– Гьанже дуцаго хIисаб гьабеха, витIаравищ дун вугев, тIекъавищали?

– Мун витIарав вуго, гьудул, – ан абуна Маллаца.

ТIоцевесев гIарзачи гIодов чIана. Цинги байихьана кIалъазе кIиабилес. Гьес яхI бахъулеб букIана тIоцевесесда гIайибги чIван, живго витIаравлъун вихьизавизе.  Цинги гьесги абуна:

– Гьанже мунго ургъеха, дун витIарав гьечIищали?

– Мунги витIарав вуго, – ян гIодове виччан жаваб кьуна Маллаца.

КIиясего кьураб инсул жаваб рагIарав, аскIов вукIарав васас Маллада гьикъана:

– Эмен, дуца гъозул щивасда абуна витIарав вугилан, гьедин букIунебищ?

– Мунги витIарав вугоха, дир вас.

– Гьедин батани, щивха мекъи вугев?

– Мекъи вуго, дун шагьаралъул бетIерлъун тарав, гIабдал.

## Р У З

Цо нухалда Малла унтана. Гьесухъе вачун вачIана гIемер лъикIав гурев, хъачIаб кIал-мацIалъул тохтур: жеги киданиги лъиданиги гьесдаса хIеренаб калам рагIун букIинчIо.

Тохтур Маллахъ валагьана, цинги абуна:

– Малла, дуда лъикI лъалаха, Аллагьасул хъвай букIун хола гIадамал. Нилъ цо нухалда рачIуна гьаб дунялалде¸ ва цо нухалда уна гьаниса хабалъеги. Дида бихьулеб буго мун тIокIалъ тIаде вахъинаревлъи, гьединлъидал, ахIе аскIобе дурго хъизанги, гьабе васигатги.

Маллаца киналго жиндаго аскIоре ахIана ва абуна:

– ГIенекке дихъ, дица васигат гьабулеб буго: дун хваниги, чIаго хутIаниги, нужеда дир васигат кIочон тоге. Нужер ихтияр буго дир рокъобе къватIул гьойцин бачун бачIине, амма, вореги, тIокIалъ дихъе гьаб руз биччаге!

## ТАМАШАЯБ УНТИ

Цо нухалда цо чи вачIана Маллахъе ва гьес абуна:

– Малла, дун унтун вуго, лъиданиги кIолеб гьечIо дие кумек гьабизе – гьаб унтудаса дун сах гьавизе. Дида ракIалде ккана дуда кIвелародай дир унтуе дару батизеян?

– Кинаб унтигIаги дур бугеб? – ан гьикъана гьесда Маллаца.

– Дир чорхода рижарал киналго расал унтулел руго.

– ХIикмалъи-гIаламат! Жеги рагIун букIинчIо гьединабги унти букIунилан. ЛъикI буго, гьал ахириял къоязда дуца кинаб бугониги дуе бегьулареб квен кванан букIанищ?

– Дица кванан букIана лъеда чIвараб цIергун чед.

– Унтиги буго дур гIадамазда релъълъинчIеб, кваналеб квенги буго! Вилълъа хехго хIайваназул тохтурасухъе а мун!

## МАЛЛАЛ ХЪАБАРЧАГИ РОСДАЛ БЕГАВУЛГИ

Базаралда хIамаги бичун, Малла тIадвуссун рокъове лъелго ине ккана. Нух букIана халатаб, дунялги рукIкIунеб букIана, щибдай гьабилаян ургъулев гьевги вукIана.

Гьеб лахIзаталъ гьесда вихьана, чодаги рекIун, жидерго росдал бегавул жиндаго нахъ гIунтIулев. ГIедегIун тIаса хъабарчаги бахъун, Маллаца абуна:

– ХIурмарияв бегавул, бегьулеб батани, дир хъабарчаги босе цадахъ, – илан.

– ЛъикI буго, – ян разилъана бегавул, – мунго щай цадахъ вилълъунарев?

– Дун лъелав вугелъулха…

– ЛъикI буго, босила дица цадахъ дур хъабарча, лъихъе дица гьеб росулъе щваравго кьезе кколеб?

– Лъихъениги кьезе кколаро, гьеб жибго рещтIина гIодобе ва ина рокъобе.

– Дир бетIер сверизабуге дуца, Малла, кин гьеб хъабарча жибго гъоркье рещтIунеб ва рокъобе унеб?

– ВахI, гьаб жибго унеб гьечIелъул, дун вукIинарищха гьалъулъ, дица гьабилаха гьелъие кумекги.

## ГЪАЛАТI НАХУЛ ХЪАБАЯЛЪУБ БУГО

Цо нухалда Малла ине ккана къадиясухъе. Дос халатбахъун тIубалеб букIана Маллал къваригIел. Ахир-къадги Маллада бичIчIана ришват кьечIого иш тIубазехъин гьечIолъи. Гьев базаралде ана. Гьениса шагIил хъаба босана. Гьеб цIезегIан жанибе хIарш ана, тIаде нахги тIун къадиясе кьезе босана.

Къадица, нахул хъаба бихьидал, гьеб параялъго Маллал къваригIел тIубана ва адаб-хIурматалда гьев рокъове тIовитIана.

Малла рокъове аравго, къадияс хъабиниса нах цоги цIа-рагIалъубе тIезехъин букIана. Цо лахIзаталъ гьев хаган хутIана, Маллаца живго гуккараб куцги бичIчIун. Гьев кутакалда ццидахана ва жиндирго кумекчи Маллада хадув витIана. Кумекчияс Маллада абуна мун къадияс ахIулев вугин цо къваригIелалъан.

Маллада бичIчIана жинца гьабураб сихIру къадияс рагьун букIин. Гьеб лъаниги, гьев къадиясухъе вилълъана. Маллада берчIварабго къади хъирхъидана:

– Малла, кье гьанибе кагъат! Гьениб гъалатI букIанин ккола! Гьеб гъалатI битIизабизе кье дихъе кагъат!

– ГIодове виччай, къади, – ян абуна велъанхъулаго Маллаца, – дица кагъат цIалана, гьениб кинабгIаги гъалатI гьечIо. ГъалатI букIун батилин ккола нах тIураб хъабаялъуб.

## ЯГИ-ЯГИ

Цо нухалда Маллахъе рачIана лъабго гьудул ва гьез абуна:

– Малла, нижеда – лъабавго гьудуласда бажарулеб гьечIо нижеда гьоркьоб ункъо гъурущ бикьизе, кумек гьабе нижее!

– Яги гьеб бикье кIийиде, виччанте лъабабилев валагьун чIезе тIадеги кIиго гъурущ щвезегIан, яги цо гъуруш диеги кьун, цо-цо гъуруш нужеегоги те, – илан къотIана Маллаца гьезул дагIбаялъе хIукму.

## МАЛЛАЛ ГЬАРИ

Малла вукIана рукъ балев. Гьес устарасда лъазабуна: гIодор кьабизе ругел хъаргщал мокърукь кьабейин, мокърукь кьабизе кколел – гIодор кьабейин.

Устар гIажаиблъун хутIана ва гьес гьикъана, щайин кинабго гIаксалда гьабулеб абун.

– Рукъ бан лъугIарабго, дица чIужу ячине йиго, – ян жаваб кьуна гьес. – ЧIужу дир рокъое лъугьарайго, гьелъ кинабго тIаса-гъоркье сверизабизе буго. Гьединлъидал, дица кинабго гIакса гьабулеб буго.

## МАЛЛАЛ АХIИ

Цо нухалда Маллал чIужу йикIана лъимер гьабулей. Рокъор жанир чIужуги, лъимер гьабулеб мехалда кумекалъе йикIуней гIадинги гурони, тIокIал чагIи рукIинчIо. Малла азбаралда вукIана.

Цо заманалдаса кумекчIужуялъ нуцIа рагьана ва ахIана:

– Малла, баркула! Дудаса магъарич! – цинги гьелъ гьесда гьабураб лъимер бихьана.

Цо заманалдасан кумекчIужу нахъойги ахIдана:

– Малла, баркула! Гьале цойги лъимер!

Лъимералъухъ валагьизехъин вукIарав Малла, жеги кумекчIужуялъул ахIи рагIун, лъалхъана.

– Малла, мун талихI бугев чи вукIун вуго – гьале лъабабилебги лъимер!

Гьаб нухалда, яхI гьабизе кIвечIого, ахIдана Малла:

– Хирияй, чирахъ дагьалъ гIодобе кьуре, гьел турщул канлъухъе рачIунел руго къватIире.



Индекс годовой  63333
Индекс полугодовой  73891

# Гьудуллъи

*БацӀцӀадаб магӀарул мацӀ,*
*МагӀнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гӀадат, гӀамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

